



**EQUIPPING CHURCH LEADERS
• EAST AFRICA •**

1 PTERO

Canditswe na

Jonathan M. Menn

B.A., University of Wisconsin-Madison, 1974

J.D., Cornell Law School, 1977

M.Div., Trinity Evangelical Divinity School, 2007

Equipping Church Leaders East Africa, Inc.

714 S. Summit St., Appleton, WI 54914

+1-920-2846841 (mobile and WhatsApp)

jonathanmenn@yahoo.com

www.eclea.net

2022

1 Petero canditswe n'intumwa Petero, kumbure mu myaka ya 62-63 inyuma y'ivuka rya Yesu. Ivyiyumviro nyamukuru vy'agakiza, Ukubaho rukristo (mu yandi majambo gushira mu bikorwa agakiza kacu), ishengero, imibabaro, hamwe n'ibindi bantu bikomeye bigize Yesu hamwe n'igikorwa ca Kristo Yesu ni vyo biguma bigaruka muri *1 Petero*. Agakiza kavuzwe dufatiye ku kugene Imana ikabona, dufatiye ku kugene tukabona, dufatiye kuri kahise, dufatiye kw'imenesha Mana hamwe n'imigenderanire y'ukugene tubaho nk'Abakristo (mu yandi majambo mu buryo bugaragara). Agakiza kacu kategerezwa kutugirako ingaruka mu bwenge, mu vyiyumviro hamwe no mu kugene twigenza, twitwara. Petero yerekana ingene Abakristo bose bategerezwa kubaho kandi agatanga impanuro zumvikana ku mirwi y'abantu batandukanye mw'ishengero harimwo n'abashumba, abagore, abagabo, abasaza, n'abizera batarashinga imizi. Avuga ku bantu bitandukanye bigize imibabaro hamwe n'ukugene umuntu ku gatwe kiwe no ku kugene abantu bose muri rusangi bokwifata mu gihe c'amarushwa n'imibabaro. Kimwe kimwe muri ivyo bantu vyose kibonwa mu buryo butandukanye, vyose biravangavanganye kandi kimwe kimwe cose kiboheyе ku mutu Yesu Kristo no ku gikorwa ciwe. Petero kenshi na kenshi yabura canke agafatira ku bivugwa mw'Isezerano rya Kera, kandi akabona ishengero nk'aho ari Isirayeli nshasha, y'ukuri kandi yo mu vy'impwemu.

IBIRI MWO

I. Intangamarara	2
A. Umwanditsi w'iki cete	2
B. Umwaka n'ivyiyumviro nyamukuru bivugwa muri ico cete.....	2
C. Ukugene cubatse n'inca make	2
II. Ico tuvuga kuri 1 Petero.....	8
A. Indamukanyo (1:1-2).....	8
B. Agakiza (1:3–2:10).....	11
• <u>Agakiza tugafashe nk'ukw'Imana ikabona (1:3-5)</u>	11
• <u>Agakiza tugafashe nk'uko tukabona (1:6-9)</u>	12
• <u>Agakiza kacu k'agaheta (1:10-12)</u>	14
• <u>Ingaruka z'agakiza ku nyifato zacu (1:13–2:3)</u>	15
• <u>Agakiza kavuzwe mu buryo bw'imenyeshamana (2:4-10)</u>	19
C. Mubeho ubugingo bugororotse aho muba muri hose no mu vyo muba murikoo muracamwo vyose (2:11–4:11).....	21
• <u>Abizera bose (2:11-17)</u>	21
• <u>Abashumba (2:18-25)</u>	23
• <u>Abagore (3:1-6)</u>	24
• <u>Abagabo (3:7)</u>	26
• <u>Abizera bose: incamake (3:8-12)</u>	29
• <u>Imibabaro y'abagororotsi (3:13–4:6)</u>	32
• <u>Umuhero wa vyose uri hafi (4:7-11)</u>	35
D. Inyishu y'ishengero ku mibabaro (4:12–5:11).....	36
• <u>Umuriro uri hagati yanyu wo kubagerageza ntukabatangaze nk'aho mubonye akatabonetse (4:12-19)</u>	36
• <u>Abashingantahe b'ishengero (5:1-4)</u>	37
• <u>Abakiri bato, abakungu (5:5a)</u>	39
• <u>Abizera bose (5:5b-11)</u>	39
E. Intasho zo guherezako (5:12-14).....	41
AHO TWAVYABUYE.....	42
UMWANDITSI	44

I. Intangamarara

A. *Umwanditsi w'iki cete*

Umwanditsi ubwiwe yivuga uwo ari we ku murongo wa mbere w'ico gitabu: “*Petero, intumwa ya Yesu Kristo*” (**1 Pet 1:1**). Muri 2 *Petero* avuga ati, “*None iri ni ryo kete rya kabiri ndabandikiye*” (**2 Pet 3:1**). Polycarp, mu cete ciwe yandikiye ab’i Filipi, canditswe nko mu mwaka wa 135 inyuma y’ivuka rya Yesu, yabura canke afatira ku majambo yavuzwe muri *1 Petero* nk’icuro zirenga 12. Umwanditsi wa Kahise wo mw’Ishengero rya mbere Eusebius yemeza yuko *1 Petero* “ari icete c’ukuri” kandi ko “cakoreshewje n’abavyeyi ba mbere b’ishengero mu vyo bandika, nk’aho ata nkeka ko ari igikorwa c’intumwa” (Eusebius 1988: 83 [*Ecclesiastical History* 3.3.25]). J. Ramsey Michaels na we aheraheza avuga ati, “Hampande y’ubutumwa bwiza uko ari bune hamwe n’ivyete vyanditswe na Paulo, ikintu kivuye hanze vyemeza icete ca *1 Petero* kirakomeye nk’aho gikomeye, canke gikomeye cane, kurusha ikindi gitabu cosec o mw’Isezerano Rishasha” (Michaels 1988: xxxiv).

Mu buryo budasananzwe, amazina yose ya Petero ni Simoni Barjona (**Mat 16:17**) canke Simoni mwene Yona (**Johana 1:42; 21:15-17**).¹ Yesu yamwise irindi zina Kefa, izina ry’Ikiaramayike mu Kigiriki Petros (Petero), risigura “urutare” canke “ibuye” (**Mat 16:18; Johana 1:42**). Yitwa Simoni Petero muri **Yohana 1:40** kandi akaitwa Simeon (irindi zina rya Simoni) mu **Ivyak 15:14**. Petero bigaragara ko ari we yari umurongozi n’umuvugizi wa bamwe cumi na babiri kandi bari kumwe na Yakobo na Yohana, yitwa umwe mu “nkingi” y’ishengero rya mbere (**Gal 2:9**). Dufatiye k kazi yakora, yari umuroyi afatanije na mwene nyina Andereya nk’uko tubisoma muri (**Mariko 1:16**). Yari yubatse, yari yararongoye (**Mariko 1:29-30**), kandi umogore wiwe barajana mu ngendo zo kuja kuvuga ubutumwa bwiza (**1 Kor 9:5**). Kahise kemeza yuko yiciwe i Roma mu myaka ya 64-66 inyuma y’ivuka rya Yesu nk’uguhamwa kw’Abakristo kwatanguwe n’umwami w’abami Nero, inyuma y’umuriro, umucanwa ukomeye wadutse ugaturira i Roma, mu kumubamba acuritse kuko wewe atumva yuko akwiriye kubambwa no gupfa mu buryo bumwe n’ubw’Umwami yapfuye (“Saint Peter” 2022: 5.3.1).

B. *Umwaka n’ivyiyumviro nyamukuru bivugwa muri ico cete*

Dufatiye ku myaka aba kera bavuga ko Petero yapfuyemwo, kandi tukamuha igithe guihagije kugira ngo abe yaranditse *2 Petero*, igithe tubona ko yandikiywemwo *1 Petero* ni imyaka ya 62-63 inyuma y’ivuka rya Yesu (raba Grudem 1988: 37; Carson na Moo 2005: 646).

Ivyiyumviro nyamukuru vy’agakiza, ukubaho Rukristo (mu yandi majambo gushira mu ngiro no mu bikorwa agakiza kacu), ishengero, amageragezwa, hamwe n’ibindi bantu bikomeye bigenga igikorwa umuntu ari we Yesu Kristo biruzuyemwo kandi biribonekeza muri *1 Petero*. Agakiza kavugwako dufatiye ku kugene Imana ikabona, dufatiye ku kugene natwe tukabona, dufatiye kuri kahise, dufatiye kw’imesyeshamana, kandi twisunze ukugene tubaho nk’Abakristo (mu yandi majambo mu buryo bugaragara). Agakiza kacu kategerezwa kugira ingaruka ku vyiyumviro vyacu hamwe no mu ngeso n’ingendo n’inyifato zacu. Petero yarekana ingene Abakristo bose bakwiriye kubaho kandi agatanga impanuro zitandukanye ku mirw itandukanye iri mw’ishengero, harimwo n’abashumba, abagore, abagabo, abakuru b’ishengero, abajenama, hamwe n’abakiri bato, batarakomera mu kwizera. Atanga iviyumviro bitandukanye ku marushwa n’ukugene umuntu ku giti ciwe akwiriye kuyifatamwo hamwe n’ukugene abantu bose nk’umurwi bakwiriye kuyifatamwo. Kimwe kimwe muri ivyo vyiyumviro kibonwa mu mfuruka zitandukanye, birinjiranamwo vyose, kandi kimwe kibohewe ku muntu ari we Yesu n’igikorwa ca Kristo. Petero kenshi yabura canke agafatira kw’Isezerano rya Kera, kandi abona ishengero nk’aho ari Isirayeli nshasha, y’ukuri, kandi y’ivy’impwemu.

C. *Ukugene cubatse n’inca make*

Ico gitabu twovuga yuko cubatswe mu nca make muri ubu buryo bukurikira:

I. Indamukanyo (1:1-2)

- A. Uwo ico cete kivuyeko**—Petero, *intumwa*
- B. Abo yandikiye**—*abatoranijwe b’inyambukira*
- C. Icatumye batoranywa:**
 1. Nk’ukw’Imana *Data wa twese yabamenye uhoreye kera*,
 2. batoranirijwe mu *kwezwa kwa Mpwemu*,
 3. kugira ngo *Mwumvire Imana mumijagiwe amaraso ya Yesu Kristo*
- D. Indamukanyo**—*Ubuntu n’amahoro bigwire muri mwebwe*

¹ “Yona” mu rurimi rw’Ikiaramayike bwari ubundi buryo bworoshe bwo kwandika “Yohana” (Carson 1991: 156).

II. Agakiza (1:3–2:10)

A. Agakiza tugafashe nk’ukw’Imana ikabona (1:3–5)

1. Nk’ukwimbabazi zayo nyinshi ziri
 - a. Yatuvyaye ubwa kabiri
 - b. Kugira ngo tugire ivyizigiro bizima
 - c. Biciye mu kuzuka kwa Yesu Kristo
 - d. Ngo tuzokwegukire iragi, ritazobora, ritanduye, ridatituka twabikiwe mw’ijuru
2. Muzigamwa n’ubushobozi bw’Imana
 - a. Kubw’ukwizera
 - b. Muzigamirwa agakiza
 - (1) kateguwe kuzohishurwa mu gihe c’iherezo

B. Agakiza tugafashe nk’uko tukabona (1:6–9)

1. Turanezererwa cane naho turi mu bitugerageza vyinshi
 - a. kugira ngo kuramura kw’ukwizera kwacu kuzoboneke kuri n’ishimwe n’ubwiza n’icubahiro
 - b. mu guhishurwa kwa Yesu Kristo
 - (1) uwo mutigeze kubona
 - (2) Ariko turamukunda, turamwizera, muramunezererwa
 - (A) mugahabwa ikizanwa n’ukwizera kwanyu, ni co gakiza k’ubugingo bwacu

C. Agakiza kacu k’agaheta (1:10–12)

1. Abavugishwa n’Imana barabironderaa, barabisesangura, basesangura igithe ico ari co n’ibimenyetso vyaco, cerekanwa na Mpwemu wa Kristo yari muri bo, yavuga yataguye ivy’imbabaro ya Kristo n’ingene bizogenda bitari bwabe
2. Bahishurirwa ko atari bo bavyikorera, ariko ko ari mwebwe babikorera
 - a. Ni vyo n’ubu mumaze kubarirwa
 - b. N’abababwiye ubutumwa bwiza
 - c. Bavugishijwe na Mpwemu Yera
 - d. kandi ivyo abamarayika bipfuza kubirunguruka

D. Ibisabwa n’agakiza ku nyifato zacu (1:13–2:3)

1. Mu mitima yacu, mu vyiyumviro vyacu dukwiriye:
 - a. Gutegura imitima yacu tuyitegurira ibikorwa
 - b. Kvirinda ibiboreza
 - c. kwizigira rwose ubuntu tuzozanirwa n’ukuzohishurwa kwa Yesu Kristo
2. Mu nyifato, dukwiriye:
 - a. Kwumvira
 - b. Ntitwishushanye n’ukwipfuza kwacu kwa kera kwo mu gihe c’ubutamenya bwacu
 - c. Mube abera mu ngeso no mu nyifato zacu zose
 - (1) Kubera yuko Imana ari iyera, kandi ko
 - (2) Imana icira urubanza umuntu wese rukwiranye n’ivyo yakoze itarobanuye ku cubahiro
 - d. Tumare igithe co kuba mw’isi dutinya
 - (1) muzi yuko ivyo mwacungujwe ngo muve mu ngeso zanyu z’imburakimazi atari ibishira, ariko mwacungujwe amaraso y’igiciro kinini ya Kristo, na we akaba:
 - (A) yamenyewe n’Imana kera, itanguriro ry’isi ritarashirwaho
 - (B) yerekanyewe kw’iherezo ry’ibihe kubwanyu
 - i. mwebwe abo yahaye kwizera Imana
 - (a) Ni yo (Imana) yamuzuye mu bapfuye, kandi
 - (b) ikamuha ubwiza
 - (i) ni co gituma ukwizera kwanyu n’ivyizigiro vyanyu biba mu Mana
 - e. Mukunde bene Data ata buryarya
 - (1) kuko mwavyawewe ubwa kabiri
 - (A) mutavyawewe n’imbuto ibora, ariko mwavyawewe n’imbuto

itabora

(B) mubiheshejwe n'ijambo ry'Imana ririho rigahoraho

- i. kuko abafise umubiri bose bameze nk'ivyatsi vyuma
- ii. Ariko ijambo ry'Uhoraho ryamaho ibihe bidashira

(2) kubw'ivyo mwiyambure inzigo yose, ubugunge bwose, uburyarya, ishari, no kuvuga abandi nabi kwose

3. mumere nk'inzo ya zivutse vuba, mwipfuze amata y'ivyo atavanze n'amazi

- a. kugira ngo abakuze abashitse ku gakiza

E. Agakiza kavuzwe mu buryo bw'imenyeshamanya (2:4-10)

1. Yesu ni ibuye rifise ubugingo

- a. ryagawe n'abantu, ariko

- b. ku Mana ryaratoranijwe riri n'igiciro

2. Uko uza kuri Yesu, uca uba nk'amabuye afise ubugingo, amabuye mazima, mwubakwa nk'amabuye afise ubugingo:

- a. Nk'inzu yo mu buryo bw'impwemu

- b. Abami n'abaherezi

c. Mugire igikorwa ciza c'ubuherezi ngo mutange ibimazi mu buryo bw'impwemu bishimwa n'Imana kubwa Yesu Kristo

3. Kubera Yesu ari ibuye rigumya imfuruka

- a. kandi uwuryizera ntazomaramazwa, ariko azohabwa icubahiro

4. Ariko ni ibuye ritsitaza, ni urutare rugwisha ku batizera batumvira ijambo

5. Ariko mweho muri:

- a. Ubwoko bwatoranjwe

- b. Mukoranje kuba abami n'abaherezi

- c. Muri ihanga ryera

- d. Abantu bashiriweho kuba inyegu yiharije

(1) kugira ngo mukwize ishimwe ry'iyabahamagaye

(A) ibakuye mu mwijima ikabashitsa mu muco wayo utangaje

- e. Kera nta bantu mwarimwo, ariko noneho muri abantu b'Imana

- f. Kera ntimwari bwagirirwe imbabazi, ariko noneho mwarazigiriwe.

III. Mugire ingeso nziza mu mahanga aho muba muri hose canke mu vyo muba muriko muracamwo vyose (2:11-4:11)

A. Abizera bose (2:11-17)

1. mwirinde ivyipfuzo vy'umubiri

- a. birwanya ubugingo bwanyu

2. mugire ingeso nziza mu mahanga

a. kugira ngo igihe "Abanyamahanga" babavuga nabi ibikorwa vyany vyiza babona bibatume bahimbaza Imana ku musi ibagendeye

3. kubw'Umwami wacu mugamburukire abaganza

4. mubevo nk'abidegemvyo

- a. ariko atari ukugira umwidegemvyo wanyu icitwiro c'inzigo, c'ububisha

- b. ariko mube nk'abakorera Imana

5. Mwubahe abantu bose:

- a. Mukunde bene Data

- b. Mutinye Imana

- c. Mwubahe umwami

B. Abashumba (2:18-25)

1. Mugamburukire ba shobuja, mububashe rwose

- a. bose ababagirira neza n'ababihanganira kandi no kubabadadikira

b. kuko igishimwa ari uko umuntu namba ahanuwe n'ijwi ryo mu mutima gukora ivyo Imana igomba, yokwihanganira imibabaro ahowe ubusa

(1) mwokwihanganira gukubitwa ibipfunsi muhowe icaha, mwokwirata iki?

(2) Ariko mwokwihanganira kubabazwa muhowe gukora neza, ivyo ni vyo bishimwa ku Mana.

- (3) Ivyo ni vyo mwahamagariwe
- (A) Kuko na Kristo yabababarijwe
- (B) Akabasigarana icitegererezo, kugira ngo mugere ikirenge mu ciwe.
- i. We nta caha yakoze
 - ii. nta bugunge bwabonetse mu kanwa kiwe
 - iii. yaratutswe ntiyasubiza;
 - iv. yarababajwe ntibahigira;
 - v. Ariko yiha Iyidaca urwa nkunzi
 - vi. ubwiye yikoreye ivyaha vyacu mu mubiri wiwe, abambwe ku git, kugira ngo dupfuye ku vyaha tubehe ku kugororoka
- (C) inguma ziwe ni zo zabakijje
- i. kuko twari tuzimiye nk'intama, ariko noneho tugarutse ku mwungere w'ubugingo bwacu, ari we nyene abujejwe

C. Bagore (3:1-6)

1. Mugamburukire abagabo banyu
 - a. kugira ngo naho bamwe batumvira ijambo ry'Imana, bareshwe n'ingeso nziza z'abagore babo batagize ijambo bavuze
 - (1) nibabona ingeso zanyu zitunganye zifatanije n'ugutinya
2. Ugushaza kwanyu:
 - a. ntikube ukwo ku rukoba (kwo gutsiba umushatsi, ukwo kwambara inzahabu canke ukwo kwambara impuzu nziza)
 - b. ariko kube ukwo umuntu ahishijwe wo mu mutima, (ugushaza kudashira, ni kwo mutima w'ubugwaneza utekereje)
 - (1) ni kwo kw'igiciro kinini imbere y'Imana
 - (2) Ni ko abagore bera bizigira Imana bashaza kera, bagamburukira abagabo babo
 - (A) Nk'uko Sara yumvira Aburahamu, akamwita umwami wiwe
 - i. namwe muri abana b'uwo, nimwahora:
 - (a) mukora neza, kandi
 - (b) mudaterwa uwomba n'icobaca ivutu.

D. Bagabo (3:7)

1. Mubane n'abagore banyu nk'abazi ibibereye
2. mubahe icubahiro kuko batanganya namwe inkomezi
 - a. kuko na we ari umuraganwa nawe ubuntu bw'ubugingo
 - b. kugira ngo ugusenga kwanyu ntikugire ikigutesha

E. Abizera bose: inca make (3:8-12)

1. Mwese muhuze umutima, mubabarane, mukundane nk'abavukana, mugiriranire imbabazi, mwicishe bugufi mu mutima
2. ntimugere ikibi ku kindi canke igitutsti ku kindi, ariko muvyishurane umuhezagiro;
 - a. kuko ico ari co mwahamagariwe
 - (1) kugira ngo namwe muragwe umugisha
 - (A) kuko uwugomba gukunda ubugingo no kubona imisi myiza ategerezwa:
 - i. kubuza ururimi rwiwe ntiruvuge ikibi n'iminwa yiwe ntivuge ivyo guhendana
 - ii. azibukire ikibi
 - iii. akore ivyiza
 - iv. arondere amahoro, ayakurikire
 - b. kuko inyonga z'Uhoraho ziri ku bagororotsi
 - c. n'amatwi yiwe ari ku vyo basenga
 - d. Ariko igitsure c'Uhoraho kiri ku bakora ibibi

F. Imibabaro y'abagororotsi (3:13-4:6)

1. Ni nde yobagirira nabi, ni mwagira ishaka ry'ugukora ivyiza?

2. yamara naho mwobabazwa muhowe ukugororoka, mwoba muhiriwe.
 - a. ntimutinye ivyo babakangisha,
 - b. ntimuhagarike imitima
 - c. ariko mwubahe Kristo mu mitima yanyu ko ari we mwami yera
 3. Mwame mwiteguye kwishura umuntu wese ababajije inyanduruko y'ivyizigiro biri muri mwebwe
 - a. ariko muri n'ubugwaneza, mutinya, mufise imitima itarimwo ijwi ribagiriza ikibi
 - (1) kugira ngo no mu vyo muvugwa nabi abatuka ingeso zanyu nziza zo muri Kristo bamaramare
 4. Kuko ivyoba vyiza ni uko mwobabazwa muhowe gukora ivyiza, ari co Imana igomvye, hako muhorwa gukora ibibi
 5. Kuko na Kristo yababajwe rimwe ahorwa ivyaha, umugororotsi yababarijwe abagabitanya
 - a. kugira ngo adushikirize Imana
 - b. Yishwe umubiri, ariko yahinduwe muzima kubwa Mpwemu
 - (1) ni we yagiyemwo kandi abarira impwemu ziri mw'ibohero ijambo ry'Imana
 - (A) ni zo zabatumviye Imana kera
 - i. hamwe ukwhiangana kwayo kwari kukirorereye mu misi ya Nowa, bwa bwato bukibazwa, muri bwo harokokeye abantu bakeya, bashika umunani, bakirijwe mu mazi
 - ii. ayo ni yo abakiza namwe ubu, mu buryo bw'ikigereranyo c'ukubatizwa
 - (a) nk'isezerano ku Mana
 - (i) ry'umutima utagiriza ikibi usezeranye ku Mana
 - (ii) abakirisha ukuzuka kwa Yesu Kristo
 - c. kuko yagiye mw'ijuru akaba ari i buryo bw'Imana
 - d. amaze guhabwa gutwara abamarayika, abanyabubasha n'abanyabushobozi
6. Nuko kuko Kristo yababarijwe mu mubiri, mwitwaze nk'ibirwanisho bene uwo mutima
 - a. kuko uwababarijwe mu mubiri aba amaze kureka icaha
 - b. kugira ngo amare imisi isigaye akiri mu mubiri atagikorera ivyipfuzo vy'abantu, ariko akora ivyo Imana igomba.
 - c. kuko ighihe caheze gihagije gukora ivyo abanyamahanga bakunda gukora, no kugendera mu ngeso z'isoni nke, izo kwipfusa, n'ibizira vyo gusenga ibigirwamana.
7. Ubu "Abanyamahanga" birabatangaza yuko mudafatanya na bo kwirukira mu birenze urugero vy'ubuhumbu
 - a. bakabarementaniriza
 - b. mugabo ni bo bazobazwa n'Imana yiteguye kuzoca imanza z'abariho n'abapfuye
8. kuko icatumye abapfuye na bo babariwe ubutumwa bwiza
 - a. kwari ukugira ngo naho bapfuye mu mubiri, babeho mu mpwemu nk'uko n'Imana iriho mu buryo bw'impwemu

G. Umuhero wa vyose uri hafi (4:7-11)

1. Nuko mwitonde rero, mwirinde,
 - a. kugira ngo mubone uko mushishikara gusenga
2. ikiruta vyose mukovye mu gukundana
 - a. kuko urukundo rupfuka ivyaha vyinshi
3. Muhane indaro mutidodomba
4. nk'uko umuntu wese yahawe Ingabire muzifashishe abandi
 - a. nk'uko bibereye ababwiriza beza b'ubuntu bw'Imana bw'uburyo bwinshi

5. umuntu iyo avuze, avuge nk'uwuvugishijwe imburi n'Imana,
6. umuntu iyo agaburira abandi, agabure nk'uwufise ubushoboz Imana itanga
 - a. kugira ngo Imana iterwe icubahiro muri vyose kubwa Kristo Yesu
7. icubahiro n'inganji bibe ivyiwe ibihe bitazoshira.

IV. Inyishu y'ishengero ku mibabaro (4:12-5:11)

A. Ntimutangazwe n'igihe mushikiwe n'umuriro wo kubagerageza uri hagati muri mwebwe nk'aho ari akatabonetse (4:12-19)

1. Munezerezwe nuko mufatanije n'imibabaro ya kristo
 - a. kugira ngo no mu gihe c'ughishurwa kw'ubwiza bwiwe muzonezererwe muhimbarwe
2. Iyo mututswe muhowe izina rya Kristo, muba muhiriwe
 - a. kuko Mpwemu w'Ubwiza ari we Mpwemu w'Imana aba kuri mwebwe
3. Ntihakagire umuntu wo muri mwebwe ahorwa kuba inkozi y'ikibi
4. ariko ni hagira uwuhorwa kuba Umukristo ntamaramare
 - a. ariko aheshes Imana icubahiro kubw'iryo zina
5. kuko igihe gishitse c'uko urubanza rutangurira mu b'inzu y'Imana
 - a. none ko rutanguriye kuri twebwe, iherezo ry'abatumvira ubutumwa bw'Imana rizomera rite?
 - b. kandi ko umugororotsi akizwa agarukiye ku manga, uwutubaha Imana n'umunyavyaha bazoboneka hehe?
6. Nuko rero abababazwa nk'uko Imana igomba ni mubitse ubugingo bwanyu uwo Muremyi wo kwizigirwa, mukore ivyiza

B. Abashingantahe b'ishengero (5:1-4)

1. Muragire ubusho bw'Imana bwo muri mwebwe, mutaburagira nk'abagoberewe, ariko mubikunze, nk'ukw'Imana igomba
 - a. Ntimuburagirishwe no kurondera inyungu mbi, ariko muburagire mubikunze rwose
 - b. Ntimuragire nk'abatwaza amanyama amasho mwajejwe kubungabunga, ariko mube ivyitegererezo vy'ubusho
2. Nuko Umwungere mukuru niyerekana, muzokwambikwa mu mitwe igitsibo c'ubwiza kitazoshira

C. Abakiri bato (5:5a)

1. mugamburukire abakuru b'ishengero

D. Abizera bose (5:5b-11)

1. Mwambare, mukenyere ukwicisha bugufi kugira ngo mukorerane
 - a. Kuko Imana irwanya abibona, ariko abicisha bugufi ikabaha ubuntu
2. Mwicishe bugufi murimunsi y'ukuboko kw'Imana kw'ubushoboz
 - a. Kugira ngo izobashire hejurumu gihe gikwiye
3. Muyikoreze amaganya yanyu yose
 - a. Kuko ibababara
4. Mwirinde ibiboreza, mwame mugavye
 - a. Umwansi wanyu, ari we Satani, agendagenda nk'intambwe yivuga, arondera uwo arotsa, atabagura
5. Murwanye Satani mufise ukwizera gushikamye
 - a. Muzi yuko imibabaro ihwanye n'iyanyu ishitswa no kuri bene Data bari mw'isi
6. Nimwaheza kubabazwa akanya gato, Imana y'ubuntu bwose izobahingura rwose ubwayo, izobaremesha, ibahe inkomezi
7. Ububasha bube ubwayo ibihe bitazoshira. Amen.

V. Intasho zo guherezako (5:12-14)

A. Ryanditswe na Siluwamo, Ndabandikiye ikete (5:12)

1. Ndabahanura
2. Nshinga intahe ntangaza ko ubwo ari bwo buntu bw'Imana bw'ukuri

B. Intasho (5:13-14a)

1. Intasho z'

- a. Ishengero ry'i Babuloni ryabatoranijwe nkamwe
 - b. Mariko, umwana wanje
2. Muramukanishe
- a. Kugumbirana kw'urukundo
- C. Amahoro abe muri mwebwe mwese muri muri kristo (5:14b)

II. Ico tuvuga kuri 1 Petero²

A. Indamukanyo (1:1-2)

¹Simoni Petero, intumwa ya Yesu Kristo, ndabandikiye abatoranijwe b'inyambukira bakwiragiye i Ponto, i Galatiya, i Kapadokiya, muri Asiya n'i Bituniya, ²mwatoranirijwe mu kwezwa kwa Mpwemu nk'ukw' Imana Data wa twese yabamenye uhereye kera, kugira ngo mwumvire Imana, mumijagiwe amaraso ya Yesu Kristo: ubuntu n'amahoro bigwire muri mwebwe.

“Petero, intumwa ya Yesu Kristo”

“Intumwa” rifatiye ku mutu yahawé ububasha kandi agatumwa, atumwe igikorwa kanaka. Ni izina riva mw’ijambo ry’ Ikigiriki *apostellō* (“gutuma”). Insiguro nyamukuru y’izina “intumwa” yerekana n’amajambo nk’aya “ambassadeur, umuserukizi” “intumwa,” canke “uwatumwe.” Isezerano Rishasha rizi kandi ryemeza ubwoko bubiri bw’intumwa: (A) Intumwa z’urufatiro; n’ (B) intumwa *zahawe ububasha zigatumwa n’ishengero*. Intumwa z’“urufatiro” nka Petero zari intumwa zatoranijwe zikajana na Yesu, zabaye ivyabona vy’ukuzuka kwiwe, kandi zahamagawe kugira ngo zibe intumwa kandi zibe ivyabona nya Yesu (raba Mat 10:1-5; Mariko 6:7, 30; Luka 6:13; Yohana 15:27; Ivyak 1:21-22). Bashoboye kwerekana ighagararo cabo kidasanzwe mu gukora ibitangaza (raba Mat 10:1-8; Mariko 6:7; Ivyak 2:43; 2 Kor 12:12). Intumwa z’urufatiro zari indongozi z’ishengero rya mbere kandi zikaba “umushinge” w’ishengero ubwaryo (Ef 2:19-20). Mu buryo nk’ubwo, abo bari bafise ububasha bw’intumwa z’urufatiro ntibongeye kubaho kubera intumwa za mbere zarapfuye (kuko umushinge umwe wonyene no wo ushabora gutabwa kugira ngo inzu ishabore kwubakwa). Intumwa “zahawe ububasha zigatumwa n’ishengero” ni abo bagabo n’abagore batumwe guserukira ishengero kugira ngo bagende bavuge ubutumwa bwiza, bashinge amashengero mashasha, kandi bubake ishengero (raba Ivyak 13:1-3; 14:14; Rom 16:7; 1 Kor 9:5-6; 12:28; 1 Tes 1:1; 2:6). Yesu yashinze ishengero kandi yarihaye ububasha bwiwe (Mat 16:18-19). Kubw’ivyo, bishobora kwitegwa ko Kristo akorera mw’ishengero ryiwe, ariko ntakorera hanze yaryo. Mu gutuma intumwa, ishengero vyongeye ububasha n’ukwemerwa kandi zikazotanga raporo, kandi aho hose hafatiwe kw’ishengero ubwaryo kandi no mu maso y’isi, y’abantu.

Igihe Petero yiyita intumwa ya “Yesu Kristo,” ayo majambo yerekana ko “ari uwa” canke ko “atunzwe na” Yesu Kristo. Ivyo ntibinyuranije na 1 Kor 6:19-20 havuga hati, “Si mwe mwiganza, kuko mwaguzwe igiciro,” hamwe na 1 Kor 7:23 hatwibutsa ko, “mwaguzwe igiciro, ntimukabe abaja b’abantu” (raba kandi Ivyah 5:9). Mu kuriha ikiguzi, igiciro c’ugucungurwa kwacu, Kristo atubohora ubuja twarimwo bw’icaha kandi akaca atugira uwiwe.

“Ku batoranijwe b’inyambukira bakwiragiye”

Amajambo atatu y’urupfunguruzo avuga abo icete ca Petero candikiwe ni “abatoranijwe,” “inyambukira,” n’ “bakwiragiye.” “Abatoranijwe” batubarira abandikiwe (kandi, mu buryo bwagutse ni na twebwe) ntibatoranijwe kubera ubugombe bwabo, ariko batoranijwe n’Imana. Iyo Bibiliya ya ESV isigura ijambo rikurikira n’ “inyambukira.” Ahandi hantu na ho hahinduwe (akarorero NIV) habivuga gurtya “abakavantara.” Izo nsiguro zose ntizivuga iciyumviro nyezina, zirazimiza. Kugira ngo ube “impunzi, inyambukira” bishobora gusigura yuko uwo mutu vyabaye ngombwa kandi atabishaka guhunga akaja kuba ahandi hantu. Kuba “kavantara” bishobora gusigura yuko uwo mutu atari azwi n’ababanyi biwe. ivyo vyose tuvuze si ko vyari biri kuri abo Petero yandikiye. Ijambo ry’Ikigiriki ni *parepidēmos* risigura ingenzi, umusavyi w’indaro, “si umuntu ariko arahaca gusa, ariko ni akavantara kashitse kakicara, nubwo coba ari igihe gito, akabana n’abavukagihugu” (Zodhiates 1993: *parepidēmos*, 1118). Iryungane ryovuga neza insiguro y’iryo jambo ni “abashitsi.” Ibi bisigura yuko, ku Bakristo bose, iyi si si ho muhira i wacu h’ukuri; ahubwo, “ubwenegihu bwacu ni ubwo mw’ijuru, i wacu ni mw’ijuru” (Flp 3:20). Ibi vyongeye vyerekana yuko, nk’ “abashitsi,” ntituba turi mu vy’ukuri “i muhira iwacu” aho tuba. Ibi na vyo vyategerezwa kudutera gusuzuma ukugene turaba ico tumaze, tukameya abo turi bo, kandi tukumva ko tunezererewe ivyo bintu canke ko turiko turuzuza ivyo bintu nk’ibibanza vyacu mw’isi, ubwenegihu bwacu,

² Kiretse tubanje kuvyerekana ukundi, ahandi hoho English Standard Version ni yo izokoreshwa muri ibi turiko turavuga.

amoko, canke ahandi hantu hose canke ivyo ducamwo twisangamwo. Ico Petero ariko aravuga, guhera ku ryangane rya mbere ryo mu cete ciwe, ni uko ubwenegihugu bwacu, igituma tubayeho n'intumbero yacu y'ukubaho bikomoka kuri Kristo. Kubw'ivyo, ivyo bitegerezwa kuba ari vyo bisa imbere y'ibindi vyose mu bugingo bwacu.

Ijambo ryasobanuwe nk’ “abasabagiye, abakwiragiye” ni ijambo risigura *diaspora, abasabagiye* mu bisanzwe rifatira ku Bayuda basanzariye, basabagiye, bakwiragiye mu bihugu vyo mu mahanga kandi bakaba mu buhungiro hanze ya Isirayeli. Muri ibi turiko turavuga ariko, Petero arerekana neza ko abasabagiye ariko aravugako ni abantu, Abayuda baba i “*Ponto, i Galatiya, i Capadokiya, muri Aziya, n'i Bituniya*,” aho na ho se zikaba zari intara z’ubwami bw’abami bwa Roma uyu musi ni muri Turukiya ya ruguru. Insiguro y’ivyo ni uko ata kimenyamenya na kimwe kigaragara c’uko hoba hariho Abayuda i Kapadokiya mu kinjana ca mbere canke ko hoba hariho ishengero ry’Abayuda mu ntara n’imwe y’aho hantu. Petero yariko arandikira abanyamahanga ahanini nimba atari bo bonyene yariko arandikira. Ibi bigaragarira neza mu vyo Petero yakoresheje mu kuvuga ku bo yariko arandikira muri **1 Pet 1:14, 18; 2:10; 4:3-4**, ivyo vyose bikagaragaza ko bari Abanyamahanga. Mu yandi majambo, Petero ariko aravuga yuko ishengero, ahanini ryari rigizwe n’Abanyamahanga, ari bo bantu b’ukuri b’Imana, Isirayeli nshasha y’ukuri yo muri Mpwemu.³ Mbere aranatandukanya ishengero n’ “Abanyamahanga,” mu yandi majambo, abatizera (**1 Pet 2:12; 4:3**). Ariko aravuga yuko twebwe, ishengero, turi abasabagiye b’ukuri, aho tuba turi hose mw’isi tutarinze kwitaho amoko yacu, urukoba, canke abo dukomokako. Ibi bishimangira abo turi bo nk’ “abashitsi.” Vyongeye bishimangira yuko, ab turi bo nk’abashitsi mw’isi kubera imigenderanire yacu idasanzwe dufitaniye n’Imana biciye muri Yesu Kristo ko bifise ingaruka zikomeye mu nyifato yacu, mu ngeso zacu, no mu ngendo zacu mu bugingo no mu buzima bwacu—ikintu Petero avugako cane kandi ashimikirako cane muri iki cete.

“Nk’uko Imana Data wa twese yabamenye uhereye kera, kugira ngo mwejejwe na Mpwemu mwumvire Yesu Kristo, kandi mumijagiwe amaraso yiwe”

Turabona yuko abo turibo nk’abashitsi basabagiye mw’isi ari igikorwa c’Ubutatu bweranda. N’ubwo bafise ibikorwa bitandukanye ariko bifitaniye isano, Data, Umwana na Mpwemu Yera biravugwa ngaha. Ikintu ca mbere dukwiye kubona ni uko Data “yatumenye kuva kera” si ukumenya gusanzwe ko ataco twogukorako ko tuzokwizera Kristo. Ahubwo, nk’uko bikoreshwa muri Bibiliya, ukumenya kw’Imana kuva kera vyerekana “ukumenyekanisha imbere y’igihe, ukwemeza canke uguharurwa imbere y’uko biba (Ivyak 2:23; 1 Pet. 1:2). Ivyo bikoreshwa kugira ngo herekanwe ivyo ivyashinzwe vy’imigenderanire y’Imana n’abo yaremye vy’ububasha bw’agakiza kiwe.” (Zodhiates 1993: *prognosis*, 1216) Mu yandi majambo, turi inyambukira muri iyi si nk’uko Imana yabiteguye imbere y’igihe, aho mu buntu bwayo, yadushize. Ijambo “yabamenye uhereye kera” ryakoreshejwe ngaha honyene no mu **Ivyak 2:23**, havuga ku kubambwa kwa Yesu (“*uwo muntu amaze gutangwa nk’ukw Imana yabishinze, ibimenye bitari bwabe, mumubambisha amaboko y’abagarariji, muramwica*”). Nk’uko biri ngaha rero, kumenya kw’Imana bitaraba kw’ukubambwa kwa Kristo kwari kurengeye ukumenya gusanzwe bitaraba kw’uko abantu bazomubamba; uguhitamwo abantu bagize kwo kumubamba vyari vari vyarashinzwe n’integuro y’Imana imbere yuko biba.

Iyo nsiguro nyene y’ukumenya ibantu bitaraba turayibona ighihe amavuga “kumenya” no “kumenya bitaraba” akareshwa. Nk’akarorero, **Rom 8:28-30** havuga ibi bikurikira, “²⁸ *Kandi turazi yuko ku bakunda Imana vyose bifataniriza hamwe kubazanira ivyiza, abahamagawe nk’uko yabigabiye.* ²⁹ *Kuko abo yamenye kera yabatoranirije kera gushushanywa n’ishusho y’umwana wayo, kugira ngo abe imfura muri bene Se benshi.* ³⁰ *Abo yatoranje kera, yarabahamagaye, abo yahamagaye, yarabatsindanishirije; abo yatsindanishirije, yahahaye ubwiza.*” John Piper yerekana yuko “nimba abo yahamagaye bose baratsindanishirijwe, kandi ko nimba ugutsindanishirizwa kuzanwa n’ukwizera gusa, aho rero umuhamagaro utegerezwa kurinda ukwizera kubera ukwo kwizera kurinda ugutsindanishirizwa. Ariko nimba umuhamagaro w’Imana uzana ukwizera, aho rero ntibuba bukibaye ububasha bw’umuntu bubikora bumushikana ku gakiza. . . Kugira ngo Imana ibe yaragabiye umuntu hisunzwe ukwizera kuremwa na we ubwiwe ni kimwe no kugabira hisunzwe ukurobanura, ugutoranya. . . Amajambo ‘kumenya’ no ‘kumenya bitaraba’ vyose bisigura ‘uguhitamwo’ canke ‘gushima ico wahisemwo’ canke ‘kumenyekanisha.’ Ni co gituma tudakwiriye kwongerako ayandi majambo yo kugabanura uwo Imana yamenye imbere y’igihe, kubera ijambo ubwaryo rirashiraho imipaka ku murwi—ni abo yatoranje canke abo yashimye.” (Piper 1985: 2.22-23) Ivyo bibonekera mu bisomwa vyinshi vyo mw’Isezerano rya Kera no mw’Isezerano Rishasha (raba uburorero **Zab 1:6; Hos 13:4-5; Amosi 3:1-2; Mat 7:23; Rom 11:1-2; 1 Kor 8:3; Gal 4:8-9; 2 Tim 2:19; 1 Pet 1:20**).

Hariho ibantu bitatu vyerekanye n’ukwezwa: (1) ugutandukana kwa mbere canke ukurobanurwa (**Ivyak**

³ Ishengero nka Isirayeli nsha y’ukuri y’impwemu vyaravuzweko mw’ido n’ido muri Menn 2021: 49-59.

20:32; 26:18; 1 Kor 1:2, 30); (2) ukugenda urezwa utunganywa mu buzima, mu bugingo (**Rom 8:13; 2 Kor 3:18; 7:1;**) hamwe (3) n'igikorwa ca nyuma aho Imana igira abantu abera b'ibihe bidashira (**Ef 5:26-27; Ivyah 3:12, 21; 21:3-8, 23-27.**)

Ukugene tumeze mu bugingo bwacu muri iki gihe, mu yandi majambo, “ukuguma twezwa” mu bugingo bwacu nk’abasavyi b’indaro, birashimangirwa mu ntumbero yuko twarobanuwe canke twatoranijwe n’Imana: “*kugira ngo twumvire Yesu Kristo kandi no gucucagirwa amaraso yiwe.*” Ubugingo bwacu bwategerezwa kuba bwerekeje ku kwumvira Kristo kudasanzwe uko tugenda turakura kandi tuvoma ku bigize ubuntu bwiwe. Ijambo ryakoreshejwe ku “kwumvira” ahandi rikoreshwa na Petero n’abandi banditsi b’Isezerano Rishasha nk’aho risigura ukwumvira kwa misi yose kw’Abizera (raba **Rom 6:16; 2 Kor 7:15; 10:5-6; Filemoni 21; 1 Pet 1:14**). Iciyumviro nk’ico tugasanga muri **Ef 2:8-10**, aho havuga yuko dukizwa n’ubuntu bw’Imana gusa, ariko ko dukizwa kubera *intumbero*, ni ukuvuga yuko, “*turi ibiremwa vyayo, twaremewe muri Kristo Yesu ngo dukoe ibikorwa vyiza, ivyo Imana yateguye kera ngo tubigenderemwo.*”

Yamara, Petero arazi yuko n’Abakristo bakuze mu kwizera badashobora kwirinda no kuzibukira icaha c’akamere kiba muri bo; ni co ituma, intumbero Imana idufitiye —*Ukwumvira Yesu Kristo*—bitazokwigera bishikwako neza muri ubu bugingo. Ni co gituma yongerako aya majambo ya nyuma kuri iryo ryungane yerekanye n’*“ukumijagirwako amaraso.”* Hariho ahantu hatatu aho amaraso yamijagirwa *ku bantu* mw’Isezerano rya Kera: (1) Igihe Imana yatanguza Isezerano rya Mose ku Musozi Sinayi (**Kuv 24:5-8; Heb 9:19-20**); (2) igihe Aroni n’abana biwe bashingwa, barobanurirwa kuba abaherezi (**Kuv 29:21**); (3) no mu birori vyo guhumanura umunyamibembe yakize imibembe yiwe (**Lew 14:6-7**). Kubera Abakristo baja barinjjwe mw’Isezerano Rishasha igithe bizera Kristo, kandi kubera Petero aja atubona ko turi abaherezi b’ubwami (**1 Pet 2:9**), ntibigaragara yuko yariko ariyumvira ku buorero bubiri bwa mbere duhejeje kuvuga aho hejuru bwo mw’Isezerano rya Kera, kubera yuko ariko aravuga ku kumijagirwa amaraso ya Yesu *inyuma* y’ugufatira ku kwezwa kwacu kandi n’*inyuma* yuko tuja twarashizwe mw’Isezerano kandi tukaba twarobanuwe nk’abaherezi. Ko rero Petero ata nkeka yari afise mu mutwe akarorero ka gatatu ko mw’Isezerano rya Kera k’abantu bacucagirwa amaraso bica vyumvikana. Igituma ni uko ibirori vy’ukwezwa bikoreshwa ku bwoko bwose bw’ingwara yo ku rukoba yatuma umuntu aba uwuhumanye kandi bigatumwa akumirwa agakurwa mu kibano (raba **Lew 14:54-57**). Wayne Grudem abivugako ibi, “Abalewi 14:6-7 ni igisomwa ciza cane gihagarariye ukwozwu ubuhumane ubwo ari bwo bwose bwotuma habaho ugutandukana n’imigenderanire y’Imana n’abantu bayo. . . . Uku kumijagirwa amaraso’ kurajanye neza na 1 Petero 1:2. Nubwo Imana yashaka ko aba ‘batsi b’indaro batoranijwe’ babaho ‘mu kwumvira Yesu kristo’, kenshi na kenshi “baranduzwa” n’icaha. Petero arabibutsa yuko kazoza kabo kagizwe n’ukumijagirwa amaraso ya Kristo kubandanya, ni ukuvuga, ukuguma basubizaho imigenderanire n’Imana hamwe n’abantu bayo biciye mu kimazi c’amaraso ya Kristo mu buryo bw’ikigereranyo amijagirwa kuri bo, ukuguma bibutsa Imana ko ivyaha vyabo vyahariwe kandi ko bahawe kaze imbere y’Imana no mu bantu bayo.” (Grudem 1988: 53-54) Iciyumviro nk’ico tugasanga muri **1 Yohana 1:7**.

“Ubuntu n’amahoro bigwire muri mwebwe”

Iyi ni indamukanyo yunguriwe ku ndamukanyo Paulo akunda gukoresha ku bantu yandikira ivyete vyiwe, “*Ubuntu bubane namwe n’amahoro*” (**Rom 1:7; 1 Kor 1:3; 2 Kor 1:2; Gal 1:3; Ef 1:2; Flp 1:2; Kol 1:2; 1 Tes 1:1; 2 Tes 1:2; Tito 1:4; Filemoni 3**). Ibi bikomoka mu vyabuwe mu gufatira ku kumijagirwa amaraso ya Kristo. Ukwo kumijagirwa amaraso kuri mu rivuga ry’igikorwa mugirirwa vyerekana ko Imana ari yo ibikora.⁴ Amajambo akorehwa ni “ubuntu bube kuri mwebwe kandi amahoro arwire.” Mu yandi majambo, nk’Imana mu buntu bwayo mu buryo bw’ikigereranyo iducucagira amaraso igithe twatuye tukihana ivyana vyacu, ivyaha vyacu bica biharirwa kandi ubumwe n’Imana n’abandi buca bugaruka; ni co gituma amahoro yacu aca agaruka kandi akagwira.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYUMVIRO

1. Hariho abantu bensi basigaye biyita “intumwa” uyu musi.

- N’imiburiburi kuri bamwe muri bo, hari amatandukaniro mubona hagati y’ingeso zabo n’ibikorwa vyabo n’ivyo tubona ku ntumwa zo muri Bibiliya?
- Ku rwego rw’uko uko bigenza kutajanye n’ingeso n’ibikorwa vy’intumwa zo muri Bibiliya, none twoshobora kandi dukwiye kubikora ko iki?

⁴ Ibi bizwi kw’izina ry’“igikorwa twakorewe n’ijuru.”

2. Twoshobora gute gufata no gukoresha ukuri kw'uko, twebwe nk'Abakristo, turi "abatsi b'indaro" mw'isi (harimwo n'uko turi abatsi b'indaro mu bihugu vyacu bwite)?
3. Insiguro y'uko Petero yakoresheje ijambro (*diaspora, inyambukira*) akarikoresha ku Bayuda ubu na ho akarikoresha kw'ishengero, ahanini rigizwe n'Abanyamahanga?
4. Ishengero rishobora gute gufasha bene Data bandujwe n'icaha bagashobora kwozwa, bakezwa, bagaharirwa kandi bakagarukanwa mu bumwe no mu migenderanire myiza n'Imana hamwe n'abandi bantu bo mu mubiri wa Yesu?

B. Agakiza (1:3–2:10)

- Agakiza tugafashe nk'ukw'Imana ikabona (1:3-5)

³ *Imana y'Umwami wacu Yesu Kristo, ari yo Se, iragahezagirwa, yatuvyaye ubwa kabiri nk'uko imbabazi zayo nyinshi ziri, kugira ngo tugire ivyizigiro bizima, ituvyaza ukuzuka mu bapfuye kwa Yesu Kristo, ⁴ngo tuzokwegukire iragi ritazobora, ritanduye, ridatituka, mwabikiwe mw'ijuru, ⁵mwebwe abazigamwa n'ubushobozi bw'Imana kubwo ukwizera, muzigamirwa agakiza kateguwe kuzohishurwa mu gihe c'iherezo.*

Iyo mirono isa n'iyiri muri **Tito 3:5-7** kandi yerekana ibintu vyinshi ngirakamaro vyerekeranye n'akamere k'agakiza kacu:

(1) Urufatiro rw'agakiza kacu ni imbabazi z'Imana. Ikindi, ni yo ituma tuvuka ubwa kabiri; si twebwe twitumye kuvuka ubwa kabiri. Ibi ntibinyuranije n'umurongo wa **1** kandi birawukomeza bikawushimangira kuko wavuga ku gutoranya kw'Imana yadutoranje. Vyongeye ibi ntibinyuranije n'ibisigaye vyo mu vyanditswe bishimangira yuko Imana ubwa mbere ari yo ituma umuntu aronka agakiza. Ni co gituma, Yesu yavuze yuko "yo atavyawe n'amazi na Mpwemu ntashobora kwinjira mu bwami bw'Imana" (**Yohana 3:5**). Muri **Yohana 3:6, 9** aca yongera akerekana neza yuko umuntu ategerezwa "kuvyarwa na Mpwemu." Iyo ni insiguro yo muri **Ezek 36:25-26**—igsomwa kimwe conyene co mw'Isezerano rya Kera gifatanya amazi na Mpwemu: "²⁵Nzobamijako amazi meza , muhere imvyiro. Nzoboza imyanda yanyu yose, n'ibigirwamana vyanyu vyose. ²⁶Kandi nzobaha umutima mushasha, ndabashiremwo impwemu nshasha; nzokura umutima ukomeye nk'ibuye mu mibiri yanyu, ndababe umutima woroshe nk'inyama." Raba neza Imana ni yo iriko irakora igikorwa muri twebwe, si twebwe ubwacu turiko turakora ikintu na kimwe muri ico gikorwa.

(2) Igikoresho Imana ishobora gukoresha kugira ngo idukize cari "Ukuzuka kwa Yesu Kristo mu bapfuye." Ni ukuzuka kwagaragaje yuko Yesu yari arengeye kuba umuntu gusa; yari Imana yaje ngaha kw'isi nk'umuntu. Mu bugingo bwiwe, mu buzima bwiwe, yabayeho ubuzima, ubugingo twari dukwiriye kuba twarabayeho, yumvira Se, Data muri vyose (**Mariko 14:36; Luka 22:42; Yohana 5:19, 30; 6:38; 8:29; 14:31; Rom 5:19; Flp 2:8; Heb 4:15; 10:7**).

Ivyo ni vyo vyamuhaye "kugera ikirengé mu cacu" kandi bigatuma ikimazi kimwe kiba ghagije kandi kiba ngombwa co guhongera ivyaha vyacu (**Heb 10:11-14**). Ukuzuka kwiwe mu bapfuye kwagaragaje uwo Yesu yari ari kandi ko Data yemeye ikimazi ciwe yatanze mu gishingo cacu.

(3) Inishu canke ingaruka y'agakiza kacu ni "ivyizigiro bizima." Ibi vyerekana yuko ukuvuka kwacu kwa kabiri ari ukwo muri iki gihe n'ukwo muri kazoza. Ibi bisa n'ibvugwa muri **Yohana 3:3, 5**, havuga ku "kubona" (muri k'ubu) no "kuzokwinjira" (muri kazoza) mu bwami bw'Imana. Kuvuga ko ivyizigiro vyacu ari "bizima" bisigura yuko ari ivy'ubu kandi ko ari bizima n'ubu nyene turiko turandika, turavugana. Ibi bikomoka mu "kuvuka kwacu ubwa kabiri" mu yandi majambo twavuye mu rupfu twinjira mu bugingo kandi ubu turi bazima muri mpwemu (raba **Yohana 5:24; Rom 6:4, 13**). Kuvuga ko dufise "ivyizigiro" bidushorera mu kuzokwinjira nya kwinjira muri ubwo bugingo budashira muri kazoza mu kwizera kwacu n'ukuzogira ubugingo busha muri Kristo.

(4) Ico twishimikije c'ivyizigiro vyacu bizima ni *Iragi ryacu, iryo na ryo rikaba "ritazobora, ritanduye, ridatituka."* Iryo ragi ni umuturi, canke umwandu wacu w'ubwami bw'Imana na Kristo, mu yandi majambo, ivyaremwe bishasha hamwe n'imhezagiro, imigisha yose ijana na vyo, ivyo na vyo bikazohoraho ibihe bidashira (raba **1 Kor 15:23-24, 50-58; Ef 5:5; Kol 3:24; Heb 9:15; Iyah 2:7, 11, 17, 26-28; 3:5, 12, 21; 21:1-7, 10-26; 22:1-7, 12-14**). Ikindi, iryo ragi "twararibikiwe mw'ijuru." Ibi vyongeye, ni "igikorwa c'ijuru." Uburyo iryo rivuga ryasobanuwe ni "twabikiwe" (canke "twategekanirijwe") vyerekana ko ari "igikorwa kija carabaye, caraheze (cakozwe n'Imana) gifise ingaruka zikibandanya no muri k'ubu: Imana ubwayo 'yaratuziganirije' canke 'yaratubikiye' iryo ragi mw'ijuru abizera kandi ribandanya kuguma riri yo, 'riracaribabikiwe'" (Grudem 1988: 57). Ni co gituma ivyizigiro vyacu ari bizima kandi ntitugira ugukekeranya ko tuzobishikira—kubera yuko nk'uko Imana ari yo yadutoranje ikadutoraniriza agakiza ubwa mbere, yakoze ivyo ishobora gukora yonyene mu

kudutunganiriza no kutuzigamira agakiza kacu (mu kubaho ubuzima twebwe twategerezwa kubaho ariko tutigeze dushobora kubaho no kuriha ikiguzi tutari gushobora kuriha), vyagaragaje yuko vyose vyashikijwe igithe yazuka mu bapfuye, kubw'ivyo ni we atubikiye kandi atuzigamiye iragi ryacu. Ibi ni ugukoreshwa kw'ivyo Paulo avuga muri **Rom 8:38-39**, “³⁸*Kuko menye neza ntabikekeranya yuko naho rwoba urupfu, canke ubugingo, abamarayika, abaganza, ibiraho, ibizoba, abafise ubushobozi,* ³⁹*uburebure bw'igihagararo, uburebure bw'amaja epfo canke ikindi caremwe cose, ata kizoshobora kudutandukanya n'urukundo rw'Imana ruri muri Kristo Yesu Umwami wacu.*”

Umurongo wa nyuma w'iyi mirongo (“*mwebwe abazigamwa n'ubushobozi bw'Imana kubwo ukwizera, muzigamirwa agakiza kateguwe kuzohishurwa mu gihe c'iherezo*”) utwereka yuko atari iragi ryacu gusa ryazigamwe n'ububasha bw'Imana, ariko na twebwe ubwacu tuzigamwa, turindwa n'ububasha bw'Imana. Petero ntavuga yuko Imana idukingira “*nk'ingaruka y'ukwizera kwacu,*” ariko idukingira “*biciye mu kwizera kwacu.*” Mu yandi majambo, nk'uko ukwizera kwacu bwakwo ari “*ingabire y'Imana*” (**Ef 2:8**), ni ko n'ubushobozi bwayo hamwe n'ukubana natwe kwayo kuduha inkomezi kandi kukazigama ukwizera kwacu. Hariho ikintu c'ibanga muri ibi. Ni *twebwe* dutegerezwa gukoresha ukwizera kwacu; Imana si yo ibidukorera. *Twebwe* ni twe dutegerezwa “*kubandaniriza gushika aho dutanguranirwa, ku mpera y'umuhamagaro w'Imana*” (**Fp 3:14**) kandi “*dushitse agakiza kacu, dutinya duhinda agashitsi*” (**Fp 2:12**), nubwo ari “*Imana ari yo ikorera mu mitima yacu, ikaduha gukunda no gukora ibiyihimbara*” (**Fp 2:13**). Mu buryo nk'ubwo nyene, **2 Kor 13:5** havuga ibi bikurikira, “*Ba ari mwebwe mwisuzuma, mumenye ko muhagaze mu kwizera; ba ari mwebwe mwiraba.*” Ariko vyongeye haca hongerako ibi, “*Mbega ntimwiyizi, ntimuzi ko Yesu Kristo ari muri mwebwe?—shiti kumbure muri abahinyuwe!*” Bibiliya yuzuyemwo ibisomwa biduhanura kuguma turi abizigirwa, no kugumana ukwizera, bikatugabisha ku kaga ko kuva mu kwizera, kandi bikaduhimiriza bitwerekina inyungu zo kuba abizigirwa no kugumana ukwizera (raba uburonero, **Mat 10:22; 24:13; 1 Tim 1:17-18; Heb 3:14; 10:32-39; Ivyah 2:10**). Ariko vyongeye ituremesha itubarira yuko muri we ari ho “*twashiriweko ikimenyetso, ni co Mpwemu Yera yasezeranywe, ni we ngwati y'umwandu tuzohabwa, kugira ngo abo Imana yaronse ibacungure*” (**Ef 1:13-14**), kandi “*uwatanguje igikorwa ciza muri twebwe azogiheraheza gushika ku musi wa Yesu Kristo*” (**Fp 1:6**).⁵

Iyi migenderanire iri hagati y'ukuba hejuru ya vyose kw'Imana n'uruhara rwacu bigaragarira mu vyo Petero avuga ku mpera y'umurongo wa **5**, ko agakiza kacu “*kazohishurwa ku mpera y'isi.*” Ibi bitwibutsa “*ivyizigiro bizima*” yavuzeko ku murongo wa **3**. Nk'uko “*ivyizigiro vyacu bizima*” vyarahishuwe muri k'ubu no muri kazoza vyerekana agakiza kacu ingene kameze, ugfatira kwiwe ku gakiza kacu “*ko kazohishurwa ku musi w'iherezo*” havuga ku kugene bizoba bimeze muri kazoza k'agakiza kacu. Yamara, ku murongo wa **3** avuga yuko Imana “*yatuvyaye ubwa kabiri,*” mu yandi majambo, agakiza kacu kaja karabonetse muri iki gihe. Muri ubwo buryo nyene, umurongo wa **4** utwerekeza ko “*tuzokwegukire iragitwabikiwe mw'ijuru iragi*” (muri kazoza), aho **Ef 1:11** na ho hvuga ibi bikurikira “*Kuba muri we kwaduhesheje gucika ishamvu yayo*” (muri k'ubu). Muri ubwo buryo nyene, ubwami bw'Imana buja bwarinjiwe muri k'ubu kandi tuja tuburimwo (raba **Luka 11:20**), ariko kandi dukwiriye gusenga kugira ngo Ubwami bw'Imana buze (**Mat 6:10**) kubera yuko butarinjirwamwo hera ndaheze mu bwiza bwose bwabwo. Mu nca make, yaba Petero canke Bibiliya nta n'umwe aduhanura kuzinga amaboko canke “*kwemera ko bihitamwo,*” n'ubwo iyo tuja tuhazi neza kandi ko haja harateguwe imbere y'igihe.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYIYUMVIRO

1. Hanahana iviyumviro ku bigiza agakiza kacu ko muri iki gihe no kubigize agakiza kacu ko muri kazoza.
2. Hanahana iviyumviro biri hagati y'ukuba hejuru ya vyose kw'Imana n'uruhara rwacu canke igikorwa cacu.

- **Agakiza tugafashe nk'uko tukabona (1:6-9)**

⁶*Ivyo murabinezererwa cane, naho ubu ari igithe gito mubabazwa n'ibibagerageza vyinshi kuko bitobura kuza,* ⁷*kugira ngo kuramura kw'ukwizera kwanyu—kandi ukwo kwizera kurusha igiciro inzahabu ishira, naho ivugutirwa mu muriro ikaramura—kuze kuboneke kuri kuri n'ishimwe n'ubwiza n'icubahiro mu guhishurwa kwa Yesu Kristo.* ⁸*Uwo muramukunda naho mutigeze kumubona; kandi n'ubu, naho mutaramubona, muramwizera, bibatere kunezerwa akanyamuneza k'ubwiza butovugwa,* ⁹*mugahabwa ikizanwa n'ukwizera kwanyu, ni co gakiza k'ubugingo bwanyu.*

⁵ Imigenderanire iri hagati y'ukuba hejuru kw'Imana n'uruhara rw'umuntu twarabihanahanyeko iviyumviro mu buryo bwiyaguye muri Menn 2021: 116-22.

Kunezerererwa imibabaro

Umurongo wa 6 uvuga ku ciyumviro cose kiva ku mirongo ya **3-5**. Ivyo bigaragara neza mu rurimi rw'Ikgiriki, kubera yuko umurongo wa **5** mu vy'ukuri utari ukwiriye guherana n'akaburungu, kandi umurongo wa **6** uhera ahavuga yuko "ivyo murabinezerererwa." (Kugira ngo mubikurikire kandi mubitahure vyoroshe, ugusonanura indimi mu zindi kenshi na kenshi turacagagura ivyavuzwe mu rurimi rwa mbere vyanditswemwo kuko biba ari amungane maremare cane.) Iciyumviro ca Petero gisa n'icavuzwe na Yakobo muri **Yak 1:2**, "mwiylimvire ko ari ivyo kunezerererwa rwose, bene Data, ni mwagwa mu bibagerageza bitari bimwe." Muri Yakobo, igituma banezererwa iyo baguye mu bibagerageza ni uko, "³mumenye yukw ibigeza ukwizera kwanyu bitera ukwihangana. ⁴Ariko ukwihangana gukwiye guhingura igikorwa cakwo, ngo mubone gutungana rwose, muhinguwe, mudahajije na kamwe" (**Yak 1:3-4**). Petero akora ibantu bibiri ngaha:

(1) Yemeza yuko amageragezwa yacu mu bugingo bwacu bishobora kanatsinda "kutubabaza". Naho biri uko, turashobora kugira umunezero ukomeye wo muri mpwemu, tuzi neza yuko, nk'uko ahejeje kubivuga ku mirongo ya **3-5**, tuba turinzwe muri Kristo, tukaba dufise "ivyizigiro bizima" vy'umwandu, iragi twabikiwe, kandi ko ibi vyose bizohishurwa ku musi w'ukuzogaruka kwa Kristo Yesu. Ibi birajanye n'ivyo Paulo yavuze mu **Rom 8:28** yuko "Kandi turazi yuko ku bakunda Imana vyose bifataniriza hamwe kubazanira ivyiza, abahamagawe nk'uk yabigabiye." Ntariko aravuga yuko ibantu vyose muri vyo no kubwavyo ari vyiza. Ahubwo, ibantu vyose—harimwo n'ibantu bibi—vyose biri mu ntuguro y'Imana kandi bikorera hamwe mu kudushikana ku ciza Imana yaduteguriye. Ibi ni ngirakamaro cane, kubera yuko Abakristo bamwe bibaza yuko bategerezwa "kwerekana yuko banezerewe" ibihe vyose; biyumvira bibesha batu, "Ni yo nterekana yuko nezerewe, bica bigaragara ko ntagira ukwizera." Petero ariko aravuga yuko kubabara no kubabazwa n'ikintu kanaka ata ngorane, urashobora kukiriria, urashobora ubabazwa n'amageragezwa; kandi ivyo ntibinyuraniye n'intumbero y'Imana idufitiye kandi ntibinyuraniye n'ukwizera nyakuri.

(2) Ku murongo wa **7** abandanya avuga igituma duca mu marushwa, mu mageragezwa no mu mibabaro. Petero yibutsa ivyo Yakobo na we yavuze ko amageragezwa aba aje gusuzuma no gupima ukwizera kwacu, ariko wewe arinjira agashika kure. Aho Yakobo ashimikira ingaruka z'ugupima n'ugusuzuma ukwizera kwacu, Petero we ashimikira ku gaciro kw'ukwizera kwacu kw'ukuri ("kurusha igiciro inzahabu iramuye") ku Mana. Ukugeragezwa kwacu, ukwizera kwacu kw'ukuri ni ukw'igiciro kinini ku Mana kubera yuko ukwizera nk'ukwo kwerekana ko tuyizigira mu bintu vyose no mu bihe vyose. Kandi, nk'uko Grudem abigaragaza, "Kubera ugusuzuma kw'Imana kw'ikintu ari rwo rugezo rw'insiguro mw'isi, abasoma ivyo Petero yariko arandika barafise urufatiro rutanyiganyiga rw'insiguro y'ukuri n'akamaro k'ubugingo bwabo bwite." (Grudem 1988: 64). Ubwa nyuma, nk'uko yabikoze ku mpera y'umurongo wa **5**, Petero aherahereza ku murongo wa **7** mu gusubiramwo yuko ivyo vyose—ukuri kw'ukwizera kwacu kuze kuboneke kuri n'ishimwe, n'ubwiza, n'icubahiro bigukwiriye—bize bigaragare "mu guhishurwa kwa Yesu Kristo."

Amageragezwa n'imibabaro vyari ngombwa kuri Yesu (raba **Mariko 8:31; Ivyak 17:3**); kubw'ivyo, yari ngombwa y'ijuru kubwacu (raba **Mariko 10:30; Yohana 15:20; Ivyak 14:22; 1 Tes 3:3; 2 Tim 3:12; 1 Pet 2:21**). Si uko amageragezwa n'imibabaro ari vyo *bituma habaho* umunezero canke kunezererwa, ariko uko Abakristo tubona ibantu "gufata ibisanzwe" amageragezwa yacu n'imibabaro yacu kandi bikadushobozu kuyabona mu buryo bwagutse bw'integuro y'Imana iri hejuru ya vyose, integuro yayo ku buging bwacu, ukugene amageragezwa n'imibabaro yagabiwe, yategekanijwe n'Imana nka kimwe mu vyotuma dusa na Kristo ubwiwe, kandi n'ukugene twifata mu bwizigirwa muri ayo mageragezwa n'imibabaro ko bifise agaciro kandi ari ivyo kwipfuza ku Mana. Ni co gituma, dushobora gukunda Kristo kandi tukanezererwa muri we no mu vyo yadukoreye vyose hamwe n'ivyo azodukorera mbere naho twoba turiko turaca mu muriro w'amageragezwa.

Imigenderanire yacu kuri Kristo

Iciyumviro c'imirongo ya **8-9** giheraheza iciyumviro kiri ku mirongo ya **6-7** kandi gifitaniye isano "n'ivyizigiro bizima" Petero yavuzeko ku murongo wa **3**. Mu buryo budasanzwe mu gukoresha umuvugire wa k'ubu (atari umuvugire wa kazozza), mu gusubiramwo ijambu "ubwiza," hamwe no mu kuvuga yuko mbere n'ubu tuja "mu guhabwa ikizanwa n'ukwizera kwanyu, ni co gakiza k'ubugingo bwanyu," Petero ariko arashimangira yuko "umwandu wacu' hamwe n'"ugushimwa n'ubwiza n'icubahiro" bizogaragara, bikazokwerekanwa "ku musi w'uguhishurwa kwa Yesu Kristo" bija bigaragara muri iki gihe. Igihe urukundo rwacu n'ukwizera kwacu muri Kristo bigumye ari vyo duhangga amaso, ubugingo bwacu bwose n'ukugene tubona ivyo ducamwo hamwe n'ukugene tubifata birahinduka.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYUMVIRO

1. "Twonezererwa" dute amageragezwa yacu n'ubwo "atubabaza"?

2. Twoshika dute ku rugezo rw'aho dukwiriye guhangga amaso Kristo mu vyo ducamwo vyose?

- Agakiza kacu k'agaheta (1:10-12)

¹⁰ *Ivy'ako gakiza, abavugishwa n'Imana ari bo bavuze ubantu mwagira muze muhabwe, barabirondera, barabiseza, ¹¹ basesa igihe ico ari co n'ibimenyetso vyaco, cerekanwa na Mpwemu wa Kristo yari muri bo, yavuga yatagura ivy'imbabaro ya Kristo bitari bwabe, n'ivy'ubwiza bw'uburyo bwinshi bwagira buze buyiherekire. ¹² Kandi bahishurirwa yuko atari bo bavyikorera, ariko kw'ari mwebwe babibokera; ni vyo none mumaze kubarirwa n'abababwiye ubutumwa bwiza, bavugishijwe na Mpwemu Yera yatumwe ava mw'ijuru: kandi ivyo abamarayika bipfuza kubirunguruka.*

Kenshi na kenshi ntitubona akamaro k'agakiza kacu k'ibihe bidashira n'ukugene ubutumwa bwiza budasanzwe, bwisa, n'agaheta k'ubutumwa bwiza. Ayandi madini yose yo mw'isi ahanini yigisha yuko, nimba ushaka kwemerwa n'Imana ukabona kuja mw'ijuru canke muri nirvana canke muri Paradiso, ko *bikuvako*—ko ukwiriye gukora ibikorwa vyiza bihagije kandi ko ukwiye gutanga ibimazi bihagije. Ubukristo bwonyene nib wo bwemeza yuko bidashoboka ku muntu uwo ari we wese ko yikiza. Impamu ni uko Imana yama igororotse, itagira icaha kandi itagira agasembwa, kandi ko urwo ari na rwo rugezo yipfuza kutubonako na twe (**Mat 5:48**). Ikindi, Imana ihoraho: irera ibihe vyose; iradukunda ibihe vyose; kandi ni nziza ibihe vyose. Ni co gituma, ivyo dusabwa canke uruhara rwacu kuri yo ntibigira iherezo (**Gus 6:5; Mat 22:37; Mariko 12:30; Luka 10:27**). Ni co gituma, icaha cacu kuri yo ni ububisha bw'ibihe bidashira. Mu nca make, nta kintu na kimwe nk'igicumuro twokwita yuko gihera ku Mana itagira iherezo. Kubw'ivyo, nta bikorwa mfatakibanza, bihera, kandi vy'agasembwa vyacu vyoshobora guhongera ivyaha vyacu bidahera. Kanatsinda, mbere n'ibikorwa vyiza n'ibimazi ntibishobora guhindura umutima w'abantu bamogoreye gukora ibibi, abantu b'abanyavyaha ngo babe abagororotsi, abantu batagira icaha; kuko imbere mu mutima baguma ari abanyavyaha. Nk'uko John Stott aheraheza avuga, “Nimba dukwiye guharirwa, dutegerezwa kuriha ivyo duheranye. Ariko ntidushobora kuriha ivyo duheranye, haba ku gatwe kacu canke ngo turihire n'abandi. Ukwumvira Imana kwacu n'ibikorwa vyiza ntibishobora kunyura no guhaza Imana ku vyaha vyacu, kubera na kare ivyo ni vyo twari twitezweko. Kubw'ivyo ntidushobora kwikiza.” (Stott 1986: 119)

Aho ni ho ubutumwa bwiza budasanzwe, bwisa. Ijambo “ubutumwa bwiza” ni ijambo ry’Ikigiriki (*euaggelion*) risigura “inkuru nziza” (Danker 2000: *euaggelion*, 402; Green na McKnight 1992: 282). “Ijambo ry’ikigiriki ‘ubutumwa bwiza’ (ev-angelion) ritandukanya ubutumwa Rukristo n’ubutumwa bw’ayandi madini. ‘ubutumwa bwiza’ yari inkuru y’ikintu kidasanzwe cabaye, nk’intsinzi mu ntambara canke ukwima kw’uwundi mwami musha, cahindura ukugene abavyumviriza bari basanzwe bameze kandi vyasaba yuko uwuvyumviriza agira ico abikozeko. Ni co gituma ubutumwa bwiza ari inkuru y’ivyo Imana yakoze kugira ngo idushikire. Si impanuro ku bijanye n’ivyo dutegerezwa gukora kugira ngo dushikire Imana.” (Keller n.d.: 1) Ubutumwa bwiza ni inkuru nziza ko Imana Imana yadukoreye ikintu tutari gushobora kwikorera, kwishikanako. Imana yahindutse, yihinduye umuntu biciye muri Yesu Kristo. Yesu yabayeho ubuzima twari dukwiriye kuba twarabayeho nk’umuntu; yarumviye Imana Data muri vyose; “*yageragejwe mu buryo bwose nk’uko na twe tugergezwa ariko we nta caha yakoze*” (**Heb 4:15**). Ivyo ni vyo bimuhesha kuba umuserukizi wacu, kwikorera ku mutwe wiwe ivyaha vyacu kandi akariha ikiguzi n’ighano twari kuriha ariko tutari gushobora kuriha na gato (**Rom 8:1-4; 2 Kor 5:21; Gal 3:13; Kol 2:13-14; 1 Tim 2:5-6; 1 Pet 2:24**). Kandi vyongeye, Yesu Kristo yari Imana. “Imana rero ntiyashize imibabaro ku wundi muntu, ariko ahubwo ku musaraba yikoreye ayo marushwa n’iyo mibabaro yose, ukugirirwa nabi, n’ububisha bw’isi kuri we. . . . Iyi ni Imana yihindura umuntu kandi igitanga amaraso yayo bwite atanga ubuzima kugira ngo habeho ubutungane n’urukundo rw’imbabazi kugira ngo ashobore gukuraho icaha atarinze kudukuraho no kutwica. . . . Kubera iki Yesu *yategerezwa* gupfa kugira ngo ashobore kuduhaarira? Hariho ideni, umwenda wategerezwa kurihw—Imana ubwayo yarawurishe. Hariho ighano categoriezwa kwikorerwa—Imana ubwayo yaracikoreye. . . . Ku musaraba bwaba ubutungane canke imbabazi nta na kimwe cahomvye—vyose vyashikirijwe, vyabereye rimwe. Urupfu rwa Yesu rwari ngombwa na nkenerwa nimba Imana *yategerezwa* gufata ubutungane nk’aho ari nkenerwa arikom kandi ikaguma idukunda.” (Keller 2008: 192-93, 197)

Muri iyi mirongo, Petero ariko arerekana ko ubutumwa bwiza—“*ubuntu bwari bugiye kuba ubwanyu*” (mu yandi majambo, agakiza kacu ko katari gushobora gukorera canke kuronkeka tubanje kugakorera ariko ko twari kukaronka gusa nk’ingabire y’ubantu bw’imana) nk’ingaruka “*y’imbabaro ya Kristo n’ubwiza biyikomokako*”—vyari vyaranahuwe mw’Isezerano rya Kera kandi ko vyisa kandi vy’igitangaza kurushiriza kugeza yaho n’ “*abamarayika bipfuza kubirunguruka*”. Ijambo “barabirondera” (umurongo wa **10**) ni ryo jambo nyene ryakoreshejwe muri **Yohana 5:39; 7:52** kugira ngo rifatire ku gusesa mu Vyanditswe vyo mw’Isezerano rya Kera. Mu nyuma y’ukuzuka kwiwe, Yesu yetetse abigishwa babiri bariko baraja i Emawusi yuko Isezerano

rya Kera ryose ryari icijiji, ryari ryerekeje kuri Kristo n'ubutumwa bwiza: “²⁶ Mbega Kristo ntiyari akwiye kubabazwa artyo ngo abone kuja mu bwiza bwiwe?” ²⁷ Atangurira kuri Mose no ku bavugishwa n’Imana bose, abasobanurira mu Vyanditswe vyose ivyanditswe kuri we.” (**Luka 24:26-27**)⁶ “Mpwemu wa Kristo” (umurongo 11) ni co kimwe na “Mpwemu Yera” (**umurongo wa 12**; raba **Rom 8:9**). **Imirongo 10-12** ishobora kuboneka nk’ikintu kije gusigura ivyavuzwe hejuru canke Ivyongeweko ku mirongo ya **3-9** mu kugene bigaragaza agaheta k’agakiza katurindiriye.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVYIYUMVIRO

1. Ubutumwa bwiza ni iki?
2. Kubera iki Ubukristo ari idini ridasa n’ayandi madini yo kw’isi yose?
3. Ni iki codufasha gutahura no gushira mu mitima yacu canke ukunezererera igitangaza n’agaheta k’agakiza kacu kabonera wa muri Kristo?

- Ingaruka z’agakiza mu ngeso zacu (1:13–2:3)

¹³ *Nuko rero mukenyere mu mitima yanyu, mwirinde ibiboreza, mwizigire rwose ubantu muzozanirwa mu kuzohishurwa kwa Yesu Kristo.*

¹⁴ *Mumere nk’abana bagamburuka, ntimwishushanye n’ukwipfuza kwanyu kwa kera kwo mu gihe c’ukutamenya kwanyu.* ¹⁵ *Ariko nk’uko Iyabahamagaye ari iyera namwe mube ari ko muba abera mu ngeso zanyu zose.* ¹⁶ *Kuko vyanditswe ngo “Mube abera nk’uko nanje ndi uwera.”* ¹⁷ *Kandi ko iyo mwambaza muyita so, ari yo icira umuntu wese urubanza rukwiranye n’ivyo yakoze itarobanuye ku cubahiro, mumare igihe co kuba inyambukira mutinya.* ¹⁸ *Muzi yuko ivyo mwacungujwe ngo muve mu ngeso zanyu z’imburakimazi mwatojwe na ba sogokuruza atari ibishira, nk’ifeza canke inzahabu,* ¹⁹ *ariko mwacungujwe amaraso y’igiciro kinini, nk’ayo umwagazi w’intama utagira agasembwa canke ibara, ni yo ya Kristo.* ²⁰ *Uwo yamenyewe n’Imana kera, itanguriro ry’isi ritarashiraho, ariko yerekanyewe kw’iherezo ry’ibihe kubwanyu,* ²¹ *mwebwe abo yahaye kwizerwa Imana, ni yo yamuzuye mu bapfuye ikamuha ubwiza: ni co gituma ukwizera kwanyu n’ivyizigiro vyanyu biba ku Mana.*

²² *Nuko rero ko mwejesheje imitima kwumvira ukuri, kugira ngo mukunde bene Data bitarimwo uruheyiheyi, mukovye mu gukundana bivuye mu mitima.* ²³ *Kuko mwavyawewe ubwa kabiri, mutavyawewe n’imbuto ibora, ariko mwavyawewe n’imbuto itabora, mubihehejwe n’ijambo ry’Imana ririho rigahoraho;* ²⁴ *“kuko abafise umubiri bose basa n’ivyatsi, ubwiza bwabo bwose bumeze nk’amashurwe y’ivyatsi, ivyatsi biruma, amashurwe arahunguruka,* ²⁵ *ariko ijambo ry’Uhoraho ryamaho ibihe bidashira.”* *Kandi iryo ni ryo jambo ry’ubutumwa bwiza mwabwiwe.* ² ¹*Nuko rero mwiyambure inzigo yose, n’ubugunge bwose n’uburyarya n’ishari no kuvuga abanda nabi kwose,*

² *Mumere nk’inzoya zivutse vuba, mwipfuze amata y’umutima adafunguye, kugira ngo abakuze abashitse ku gakiza—* ³ *asangwa mwarayumvirije mukumva yuko Umwami wacu agira neza.*

Ingaruka z’agakiza mu vyiyumviro vyacu, mu mitwe yacu

“Nuko rero” hafatira ku vyabaye mbere vyerekeye imigisha myinshi y’agakiza kacu iyo Petero avuga ku mirongo ya **3-12**. Ubu ni ubugira kabiri avuze ku bijanye n’“ivyizigiro” vyacu (raba vyongeye umurongo wa 3) hamwe n’ubugira kabiri akoresheje amajambo “mu kuzohishurwa kwa Yesu Kristo” (raba kandi umurongo wa 7). Uwu murongo ni wo uvana ku ciyumviro giheze ugashikana ku kubaho ubugingo bwera nab wo bukaba ari bwo singiro n’intumbero y’ibisigaye vyose yvo muri ico cete.

Petero aduhanura “gukenyera mu mitima yacu,” no “kwirinda ibiboreza,” no “gushira ivyizigiro vyacu” mu Mana.” Impamu yo gukora gurtuo ni kubera twatoranjwe (twarobanuwe) maze tugashirwa ku ruhande, dufise umwandu utabora twabikiwe, turinzwe n’Imana kandi kubw’ivyo tuzoronka umwandu, ukwizera kwacu kwerekana ko ari ukw’ukuri biciye mu marushwa n’anageragezwa ducamwo kandi tukihanganira, kandi agakiza kacu kaja karanditswe n’imbere y’igihe kandikwa n’abavugishwa n’Imana kandi n’abamarayika barabisasirira, bakabirunguruka. Nubwo Petero aduhanura ubu nyene, muri k’ubu, “gutegura no gukenyera mu mitima yacu” kwirinda “ibiboreza,” no “kugira ivyizigiro vyacu” intumbero ni ivyo mu bugingo bwacu bwo muri

⁶ Ivyo twarabihananahanye ko iviyiyumviro mw’ido n’ido muri Menn 2021: 26-93. Kubera ubuhanuzi 25 bwo mw’Isezerano rya Kera bwashikijwe mu kubambwa kwa Yesu, raba Menn 2020: 16n.21.

kazoza. Ivyizigiro, ukugene bimeze vyerekeza kuri kazoza. Ivyo abigaragariza mu kuvuga yuko ivyizigiro vyacu ari “*ubuntu tuzozanirwa n’uguhishurwa kwa Yesu Kristo*.” Petero aja yaravuze yuko ivyizigiro vyacu muri Kristo ari “ivyizigiro bizima” (umurongo wa **3**) bishinzwe mu buntu bw’Imana. Ivyizigiro vyacu muri Kristo si ivyipfuzzo gusa bidasobanuritse yamara ni ivyo twiteze tudakekeranya vy’uko tuzoronka, tuzohabwa ubuntu dukeneye kugira ngo duheraheze neza urugendo twatanguye rw’ubu buggingo n’ishimwe, ubwiza n’icubahiro tuzohabwa igithe urugendo rwacu ruzoba rurangiye. Dukwiriye guegura no gukenyera mu mitima yacu “kugira ngo dukore,” mu yandi majambo, ukugene tuzobaho ubugingo bwacu mu muco w’uko twavutse ubwa kabiri. Ubwo buggingo bushasha buzobandanya gushika “*ku kuzohishurwa, ku kuzoseruka kwa Yesu Kristo*.” Petero ariko aravuga yuko kuvuka ubwa kabiri ari ngombwa kugira ngo abantu bashobore kubaho ubugingo buhimbara Imana kandi bwubaka n’abandi bantu. Impamvu ni uko abataracungurwa baba ari inyagano z’ubugingo ata co buvuze, ata co bumaze (umurongo wa **18**) kandi ko baba banduye (umurongo wa **22**).

Ingaruka z’agakiza ku ngeso zacu

“Igikorwa” dukwiye kuba “twiteguriye canke dukenyereye mu mitima yacu” ku murongo wa **13** kiravugwa neza ku mirongo ya **14-16**, kandi kigizwe n’ibintu bibiri, bimeze nk’impande zibiri z’ikingorongoro kimwe: mu buryo butari bwiza, ntidukwiriye “*kwishushanya n’ukwipfuza kwacu kwa kera kwo mu gihe c’ukutamenya kwacu*”; mu buryo bwiza na ho, dukwiriye “*kuba abera mu ngeso zacu zose*.” Iyi mirongo irasa n’impanuro Paulo yatanze mu ba **Ef 4:22-24**. Ku murongo wa **14**, Petero ariko arerekana yuko ukwipfuza kwacu kwa kera kwari ingaruka y’ukutamenya kwo mu mitima yacu. Ni ngirakamaro gutahura yuko “*ivyipfuzzo vy’ukutamenya kwacu kwa kera*” atari ukwipfuza kw’umubiri gusa kw’ubusambanyi, ariko gushobora kuba kugizwe n’ibindi bintu vyinshi, uburorero, ukwipfuza gutera imbere birengeje urugero, ivyipfuzzo vy’ubutegetsi n’ububasha, ivyipfuzzo vy’ubutunzi. Ubu ariko, tumaze kuza kuri Kristo kandi tugahabwa Mpwemu Yera aba muri twebwe, tuba kandi dufise “*ivyiyumviro nk’ivya Kristo*” (**1 Kor 2:16**). Ni co gituma, dutegereza kubikoresha, kubera yuko uguhinduka kw’ukuri guhera mu bwenge no mu mutima. Yesu ivyo yari abizi. Ni co gituma, ku vyo yavugiyе ku Musozi yerekanye yuko ishavu no gukengera umuntu ari co kimwe n’ukwica (**Mat 5:21-22**), kandi ko ukwipfuza ari co kimwe n’ubusambanyi (**Mat 5:27-28**). Akamaro ko gukoresha ivyiyumviro vyacu karashimangirwa n’ikoreshwa rya Petero ry’ijambo “kwishushanya” ku murongo wa **14**. Ahandi hantu honyene mw’Isezerano Risha aho iryo jambo ryakoreshejwe ni **Rom 12:2**, na ho nyene hashimangira ivyiyumviro: “*Ntimushushanywe n’ivy’iki gihe, yamara muhinduke rwose, mugize imitima misha, kugira ngo mumenye neza ivy’Imana igomba, ni vyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose.*” Paulo ashimangira ku kutishushanya n’ivy’iyi si, n’ivy’iki gihe n’uduciro twayo; Petero na we ashimangira ku kutishushanya n’ubugingo bwacu bwa kera nk’abatizera. Ivyo vyose duterezwa kuguma tuyvibuka: abatizera bashobora kuronka agaciro kabo biciye muri iki gihe no muri iyi si; kandi na twe ivyo ni vyo twahoramwo, ni ko twahora dukora. Ni co gituma, dukwiriye kwibuka uko twari tumeze kera kandi turakwiriye gusuzuma ico iyi si (biciye mu vyo dusoma, ivyo tubona, ivyo twumva, n’ivyo twigishwa mu mashuri, n’ibindi vyinshi) itubarira n’ukugene ivyo bigerageza kuduhindura no kukaduha iyindi foroma canke ishusho.

Impamvu zituma dukwiye kubaho ubugingo bwera ziri unburyo bubiri: ubwa mbere, dukwiye kuba abera kuko n’Imana ari iyera. **Lew 11:44** havuga gertya, “*mube abera kuko nan je ndi Uwera*” (raba kandi **Lew 11:45; 19:2; 20:7, 26**). Iyi mpanuro “*yo kuba abera, kuko nanje ndi Uwera*” irafise akamaro kanini kubera yuko ubwa mbere yahawе Isirayeli yo mw’Isezerano rya Kera imbere yuko Abisirayeli binjira mu gihugu c’Isezerano. Petero kwongera gukoresha ayo majambo kw’ishengero ni ikindi kimenyamenya c’uko abona ishengero nk’aho ari Isirayeli nsha, y’ukuri, y’ivy’impwemu. Ubwa kabiri, dukwiye kuba abera kubera yuko, k’uko umurongo wa **17** ubitwibutsa, Imana “*ari yo izocira urubanza umuntu wese rukwiranye n’ivyo yakoze itarobanuye ku cubahiro.*”⁷

⁷ Vyose mu buryo vy’ivyanikirijwe n’uburorero Imana ihana, igacira urubanza abantu n’amahanga kandi ikabishura “ibihwanye n’ibikorwa bakoze [canke “inzira zabo” canke “ibikorwa vyabo”]” (**Abac 1:6-7; 9:22-24, 56-57; 2 Sam 12:9-12; 1 Abam 2:32-33; 20:35-42; 21:17-19; 2 Ngo 6:23, 30; Yobu 34:11; Zab 18:24; 31:23; 62:12; Imig 24:12; Umuiguzi 12:13-14; Yes 59:18; Yer 17:10; 25:14; 32:19; Ezk 7:3, 8-9, 20, 23-24, 27; 9:10; 11:21; 16:43, 59; 18:30; 22:31; 24:14; 33:20; 35:6, 11, 15; 39:24; Hos 12:2; Yoweli 3:5-7; Obadiya 15; Zek 1:6; Mat 16:27; 25:14-30; Luka 12:47-48; Yohana 5:28-29; Rom 2:1-6; 12:19; 1 Kor 3:8, 11-15; 2 Kor 5:10; 11:15; Gal 6:7-8; Ef 6:8; Kol 3:25; 2 Tim 4:14; Heb 10:26-27; 1 Pet 1:17; 2 Pet 2:20-22; Yuda 14-15; Ivyah 2:23; 14:13; 20:11-13; 22:12]. Dutegereza gutahura yuko ivyo dukora muri ubu buggingo—cane cane ukugene dufata abantu—ni rwo rugezo nyene natwe tuzogererwamwo ku musi w’imanza wa nyuma. Ntidushobora kwitoborera inzira idushikana mw’ijuru ariko dukizwa n’ubuntu bw’Imana gusa biciye mu kwizera Kristo (**Yohana 3:16-18; 6:28-29; Rom 2:16-17; 10:8-13; Ef 2:8-9; Gal 3:1-14**). “Ibikorwa ni inyongera ku kugene tuba tumeze mu buryo bw’impwemu mu mutima w’umuntu. Ntitwigeze tubarirwa nimba ibi bitabu [mu **Ivyah 20:11-15**] birimwo ibikorwa vyiza canke ibikorwa bibi canke nimba birimwo ibikorwa bibi gusa. Ariko umusi w’imanza si umusi wo gupima ibikorwa vyiza n’ibikorwa bibi kugira ngo haboneka ivyinshi ivyo ari vyo. Ahubwo, ibikorwa biboneka nk’aho ari**

Ibi bitegerezwa kudushikana “*ku kumara igihe co kuba inyambukira dutinya, tuzi yuko ivyo twacungujwe ngo tuve mu nheso zacu z’imburakimazi twatojwe na ba sogokuruza atari ibishira.....ariko twacungujwe amaraso y’igiciro kinini ya Kristo.*” “Ugutinya” Petero avuga gufatiye ku kumenya yuko ico ari co cose dukora muri ubu buggingo kizocirwa urubanza. Turakwiye kwibuka yuko kuba mu muryango w’Imana bidasigura yuko Imana izokwirengagiza ivyaha vyacu. Kubw’ivyo, “ugutinya” muri ibi biriko biravugwa bisigura “ukumenya gukomeye kwo kwubaha Imana tuzi yuko tuzorenguka imbere yayo tukavuga, tukerekana ivyo twakoze” (Zodhiates 1993: *phobos*, 1450).

Ugufatira ku “*gihe co kuba inyambukira kwabo*” ni ukwongera kwerekana ko turi “inyambukira” mw’isi muri ubu buggingo. Ivyo bitegerezwa kudufasha kugumiza amaso mu mitima yacu yuko imigenderanire yacu dufitaniye na Kristo n’ubuggingo bwacu ari vyo bintu biza ubwa mbere. Uburemerezzi bw’agakiza kacu n’ubuggingo bushasha vyerekana wa n’ikiguzi catanzwe kugira ngo ducungurwe: ibantu vy’igiciro kini kirengeye ibindi bintu vyose kw’isi nk’ifeza canke izahabu bitashobora gukora; ikintu kimwe conyene cashobora kuducungura no kudukiza yari “amaraso y’igiciro ya Yesu Kristo” (imirongo ya **18-19**). Ibi bisigura yuko ugucungurwa kwacu ari ukw’ibihe bidashira, nk’uko na Yesu ahoraho ibihe bidashira. Ibimazi vy’amaraso y’ibikoko vyo mw’Isezerano rya Kera kwari ugukabukanya kw’ubuggingo bw’inzirakarengane (igikoko co gutangwako ikimazi) casubira mu kibanza c’uwatsinzwe. Ingaruka zikomeye z’amaraso ya Kristo zibonekera mu kugene Yesu yashikije ivyasawa vyose n’ibimazi vyo mw’Isezerano rya Kera kubera yuko we wenyene ari we yari afise ububasha bwo gukora nk’ikimazi gisubirira ivyagirwa kera kubera yuko we ata caha yakoze (**Yes 53:4-12; Luka 23:41, 47; Ivyak 3:14-15; 2 Kor 5:21; Heb 4:15; 7:26; 1 Pet 2:21-24; 1 Yohana 3:5**). Ni co gituma mu **Rom 3:25** Urupfu rwa Yesu rwerekanywe nk’ “ugusenda” canke “ikimazi c’ughuhongera.” Iryo ni ryo jambo ry’Ikigiriki nyene (*hilastērion*) ryakoresheje ku “ntebe y’imbabazi” yari ipfutse isandugu y’Isezerano yari ahera h’ahera (**Kuv 25:17** LXX; raba kandi **Heb 9:5** iyo nay o ikaba ifatiye ku ntebe y’imbabazi co kimwe na *hilastērion*) kandi mu buryo budasanze yari ifatanye n’Umusi wo Guhongera. “Igihe ivyo bifatanye n’ivyo Paulo yavuze ahandi vyerekanye n’ “Amaraso” ya Kristo [raba **Rom 3:25; 5:9; 1 Kor 11:25; Ef 1:7; 2:13; Kol 1:14, 20**] hamwe n’ukugene avuga ko Kristo ari ‘umwagazi wa Pasika wacu’ (1 Kor 5:7), biragaragara yuko Paulo yabonye igikorwa ca Yesu nk’aho gifitniye isano n’imisi mikuru ibiri yakorerwa mu Ngoro: Umusi mukuru wa Pasika na Yomu Kipur [“Umusi mukuru wo Guhongera”]. . . . Urupfu rwa Yesu ruboneka nk’aho ari umusi mukuru wo mu mico, kandi biragaragara yuko usubirira ivyari kuba ibikorwa vyo mu Ngoro hamwe n’ibimazi vyaco.” (Walker 1996: 123)

“Amaraso y’igiciro ya Kristo” ntイヤkuyeho ukwiyagiriza kwacu gusa n’ugutsindwa imbere y’Imana gusa kandi ntイヤasenze gusa uburake bwayo, ariko kandi:^[jm1]

- Ahumanura imitima yacu (**Heb 9:14**)
- Aduha ubushizi bw’ubwoba bwo gushikanwa ahera cane ku Mana (**Heb 10:19**)
- Amaraso ya Yiwe aguma atwoza icaha cose uko duca muri ubuzima bwacu, ubu buggingo (**1 Yohana 1:7**)
- Adushobza kunesha Umurwanizi (**Ivyah 12:11**)

Uburemerezzi n’iyo agakiza kacu kagarukira vyashizwe ahabona mu majambo Petero yakoresheje ku murongo wa **18**. Ubugingo bwacu bwa kera ntaco bwari “imburakimazi” kandi “*twazitojwe na ba sogokuruza.*” “Imburakimazi” vyerekana yuko ubuggingo ata co bwari “bumaze, kandi butagira n’agaciro.” “*twatojwe*” vyerekana yuko ingorane yari nini kurusha icaha kitubamwo gusa, ariko cari kigizwe n’ivyo twatojwe na ba sogokuruza bacu ba kera, ingeso, ingendo n’imigenzo. Mu yandi majambo, inzira zacu z’imburakimazi z’uburyo tubaho zakomejwe kandi zinjira mu mitima no mu mitwe yacu mu buryo bwose at ana hamwe hasigaye. Ni co gituma twategerezwa “gucungurwa.” “Gucungura” bisigura ko twari *inyagano* z’ivyaha vyacu kandi inzira zacu z’ukubaho z’imburakimazi ntizashobora kuducungura, ngo ziduhe ukwidegemvya (raba **Rom 6:16-17, 20**); amaraso ya Yesu Kristo yonyene ni yo yashoboye kuducungura, kutubohora, akaduha kwidegemvya.

imirongo ya 20-21 irabandanya ikavuga kuri kamere ka Kristo. Ko Kristo yari “*yamenywe n’Imana kera, itanguriro ry’isi ritarashirwaho*” vyerekana, nk’uko tuja twabihanahanyeko iviyumviro aho hejuru dufatiye ku murongo wa **2**, yuko Kristo Kristo yari yemewe, afise icubahiro kandi ko yakundwa akagira imigenderanire ya hafi idasanzwe na Data y’ibihe bidashira. Muri ubu buryo, ayo majambo ko Kristo yamenywe imbere y’uko

ikimenyamenya c’ubwizigirwa bwo mu mutima; ni vyo vyerekana ivyo umuntu yizera canke ivyo atizera, ubwizigirwa canke ukutaba umwizigirwa. Urubanza ruzogaragaza nimba abantu babaye ab’Iman n’umwagazi canke babaye ab’abansi b’Imana.” (Ngundu 2006: 1576) nk’uko intumwa Yakobo abivuga, “*Ariko nk’umuntu yovuga ati, Weho ufise ukwizera, jeho mfise ibikorwa, nyereka ukwizera kwave kutagira ibikorwa, nanje ndakwereke ukwizera kwanje guserurwa n’ibikorwa vyanje.* . . . Nk’uko umubiri utarimwo *impwemu uba upfuye, ni ko n’ukwizera kutagira ibikorwa kumera, kuba gupfuye.*” (**Yak 2:18, 26**) Kubw’ivyo, nk’uko ivyo dukora ari ikigezo muri ubu buggingo vyerekana ico twiyumvira ku vy’ukuri ku Mana, ico kigezo nyene tugisanga mu bizoba ku musi w’amateka wa nyuma. Ibi biraboneka kenshi kandi bikaboneka mu buryo bwinshi muri Bibiliya yose.

amatanguriro y'isi abaho vyerekana “igikorwa c’Imana co mu bihe bidashira vyahaze aho yashinze ko Umwana wayo azoza nk’Umukiza w’isi” (Grudem 1988: 85). Muri iki gisomwa cose guhera ku murongo wa **17** gushika ku wa **21**, turiko turabona yuko iyo Mana nyene dukwiriye gutinya no guha icubahiro nk’umucamanza wacu ari yo Mana nyene dushobora kwizigira nk’umukiza wacu.

Ku mirongo ya **14-15** Petero yari yavuze yuko agakiza kacu gategerezwa kudutera kutongera “*kwishushanya n’ukwipfuza kwacu kwa kera kwo mu gihe c’ukutamenya*” ariko ahubwo “*tube abera mu ngeso zacu zose.*” Ubu aca atangura guheraheza iki kigabane mu kuvuga ku bugingo bwacu bw’inyuma yuko tuba twamaze gukizwa. Avuga yuko ugukura mu kwera kwacu kuzodushikana ku Rukundo. Ni co gituma avuga yuko ubugingo bwacu bushasha butegerezwa gukura mu kutagira agasembwa, bwerekana n’imitima itagira agasembwa yuhagiwe, yumbira ukuri, kandi itarimwo uburyarya, irimwo urukundo rutagiramwo uburyarya (**umurongo wa 22**). Mu buryo bw’imbere mu mutima, ibi vyategerezwa kuvyara “*ugukundana hatarimwo uruheyihesi, tugakovya gukundana bivuye mu mitima*” (**umurongo wa 22**). Ijambo ryakoreshejwe ry “urukundo” ngaha ni *agapaō*, iryo na ryo ririnjira cane rikarengera “ugukunda bene Data” (*philadelphia*) mu gice ca mbere c’uwo murongo. *Agapaō* (izina rikomoka muri *agape*) risigura “ugushira hejuru cane, urukundo rurengeye, rwerekana iyo umuntu ariko arerekeza aja mu bugombe kandi akavyamuramwo umunezero mu kintu canke mu wundi muntu. Biratandukanye na *phileō* [irivuga rikomotse kuri *philadelphia*], gukunda, vyerekana ibigumbagumba, ibishobisho, urukundo rw’ikibiriraho.” (Zodhiates 1993: *agapaō*, 64) Gukunda umuntu *agapaō* ni ukumenya ivyo akeneye vy’ukuri hanyuma ukabitlera umuti, inyishu, ukabakorera mu bwizigirwa kandi unezerewe, ugashira inyungu zabo imbere y’izawe. Ivyo vyose bigaragarira mu vyo **Yohana 3:16**, yanditse “*Kubw’Urukundo Imana yakunze [agapaō] abari mw’isi, ari rwo rwatumye Imana itanga umwana wayo w’ikinge ng’umwizerwa wese ntaze apfe rubi, ariko ahabwe ubugingo budashira.*” Yesu yapfunyapfunye ingaruka za Bibiliya yose mu mabwirizwa canke mu vyagezwe bibiri gusa: “*Mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose, n’ubugingo bwanyu bwose n’ubwenge bwanyu bwose.*”³⁸ *Iryo ni ryo rihambaye rya mbere.*³⁹ *Hari irindi rya kabiri rimeze nka ryo ni iri: Mukunde bagenzi banyu nk’uko mwikunda.*⁴⁰ *Kuri ayo mabwirizwa yompi ivyagezwe vyose n’amajambo y’abavugishwa n’Imana ni yo vyenenako.*” (**Mat 22:37-40**) Petero ariko arapfunyapfunya avuga yuko ubugingo bw’uwavutse ubwa kabiri butegerezwa kurangwa n’ugukundana kwa bene Data kutarimwo uruheyihesi n’uburyarya bivuye mu mutima utarimwo ijwi ryagiriza ikibi umuntu, kuko biciye mu gukundana ni ho tugaragaza ko mu vy’ukuri dukunda Imana. Intumwa Yohana yaravyerekanye neza muri **1** **Yohana 4:20** igihe yavuga ati, “*Umuntu ni yavuga ati Nkunda [agapaō] Imana, akanaka mwene Data wundi, aba ari umubeshi. Kuko udakunda mwene Data yabonye ntashobora gukunda [agapaō] Imana atabonye.*” Impamvu ni uko abantu bose baremwe mw’ “Ishusho y’Imana” (**Ita 1:26-27; 5:3; 9:6; Yak 3:9**), kandi ukugene dufata ishusho y’Imana vyerekana ico tuyiyumvirako n’uko nayo nyene tuyifata mu vy’ukuri.

Petero yerekana yuko nk’uko twacunguwe ubuzima n’ubugingo bwacu bw’imburakimazi ducungujwe n’amaraso atabora y’igiciro ya Yesu Kristo, ni co gituma urufatiro rushasha rw’ubugingo bwacu bwavutse ubwa kabiri, ubugingo bwo muri Kristo si imbuto ibora ariko mwwavyawo n’”*imbuto itabora mubiheshejwe n’ijambo ry’Imana ririho rigahoraho*”” (**umurongo wa 23**). Ashimangira ico ciyumviro mu kwabura **Yes 40:6-8**. Mu yandi majambo, ariko aratubarira ati: (1) Vyose ugucungurwa kwacu n’ubugingo bwacu bushasha ni ibitabora, kandi (2) ijambo ry’Imana ryanditswe n’iryavuzwe nib wo buryo Mpwemu Yera akesha mu gukangura abatizera abakangurira ku kuri kw’ubutumwa bwiza kandi agaca akesha ukuri kw’ubutumwa bwiza ku bizera kugira ngo bakure kandi abahingure kugeza yaho bazosa na Kristo. Kubw’ivyo, dutegerezwa kubaho twisunze kamere kacu gashasha: twaravutse ubwa kabiri ni co gituma turi “*ivyaremwe bishasha*” (**2 Kor 5:17**). Twaravutse ubwa kabiri tuyywae n’imbuto itabora, kandi twashobojwe kubaho ubugingo bushasha biciye mu “*mw’ijambo rizima kandi rihoraho ry’Imana.*” None vyoshoboka gute ko tubandanya kubaho no gufata abantu nk’aho ari ivyatsi, nk’uko abantu bataravuka ubwa kabiri babigenza?

Petero aherahereza iki kigabane ku mirongo ya **2:1-3**. Ku murongo wa **1**, “Nuko” (canke “Kubw’ivyo”) hafatira ku vyo yari ahejeje kuvuga, kandi agaca ahagarara ku cagezwe co “*gukovyva gukundanabivuye mu mutima utarimwo uruheyihesi*” (**1:22**). Ariko aratubarira yuko, mu muco w’uko twavutse ubwa kabiri tuyywae n’imbuto itabora kandi tukaba dushobozwa n’ijambo rizima kandi rihoraho ry’Imana, dutegerezwa kuvavanura n’ingeso zose hamwe n’ibikorwa vyose n’inyifato zibabaza abandi kandi zitajanye n’urukundo.

Imigenderaire y’abizera kw’ijambo ry’Imana n’ico ubuntu buzana

Umurongo wa 1 vyongeye ufatanye n’imirongo ya **2-3**. Nubwo izindi Bibiliya nyinshi zihasigura “*kwiyambura*” nk’aho ari itegeko, ahubwo ni iajmbo mvarivuga, “*kwambura*,” rikomoka ku riuga “*gushaka*” (canke “*kwipfuza*”) “*amata y’umutima adafunguye*” ku murongo wa **2**. Inzoza zikivutse ntizirinda kubwirwa kunywa amata; barayakunda kandi biza uko nyene. Ikigereranyo Petero atanga c’abizera akigereranije n’inzoya zivutse vuba ni ikintu c’ikigezo: Umuntu kunezerererwa ijambo ry’Imana, ubumwe n’abandi bizera, ugusenga,

ugukorera abandi mu bwizigirwa hamwe n'ukwumvira, hamwe n'ibindi vyose bigaburira umuntu kugira ngo akure muri Kristo bigaragaza ko ari umukristo, uwizera, ariko iyo umuntu atanezerererwa ijambo ry'Imana hamwe n'ubuntu nk'ubwo bujanye n'ijambo ry'Imana n'ugukura muri iryo jambo nyene ry'Imana, umuntu aca ashiraho kabaza nimba uwo muntu mu vy'ukuri ari Umukristo, mbere naho uwo muntu yoba avuga ko yavutse ubwa kabiri. Ibi bintu vyose bigaragaza ubuntu bidufasha "gukura mu gakiza," mu yandi majambo, kuba abantu bakuze, abizera bas ana Kristo. **Umurongo wa 3** na wo nyene werekana yuko; uvuga yuko "*asangwa [canke 'nimba'] mwarayumvirije mukumva yuko Umwami wacu agira neza,*" aho rero muca mwipfuza amata y'impwemu adafunguye nk'abana b'inzoaya ari ho bakivuka bipfuza amata ava mu mabere ya ba nyina. Ibinyuranye n'ivyo na vyo nyene vyoba ari ukuri, mu yandi majambo, "nimba utipfuza amabere y'impwemu adafunguye nk'uko umwana ariho akivuka yipfuza kwonka amabere ya nyina, aho ntuba uramenya ko Umwami agira neza kandi ari mwiza."

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYUMVIRO

1. Kubera iki ukuvuka ubwa kabiri ari ngombwa kugira ngo dushobore kubaho ubugingo n'ubuzima buhimbara Imana kandi bwubaka abandi bantu?
2. Ni kubera iki ari nkenerwa "gukenyera mu mitima yacu," dukenyerera imitima yacu iki kandi tubikora dute?
3. Kubaho ubugingo bwera kugizwe n'iki, kandi kubera iki ari ngombwa canke nkenerwa?
4. Kubera iki ukugene canke uburyo dufata abandi bantu bigaragaza mu vy'ukuri ukugene twiyumvira ku Mana canke ukugene dufata Imana?
5. Ibantu biriho vy'ubuntu n'ugukura kw'abizera bibafasha gute "gukura mu gakiza"?

- Agakiza kavuzwe mu buryo bw'imenyeshamana (2:4-10)

⁴ *Nuko mumwegere, ari we buye rifise ubugingo, ryagawe n'abantu, ariko ku Mana ryatoranijwe, riri n'igiciro, mwubakwe nk'amabuye afise ubugingo, kugira ngo mube yo mu buryo bw'impwemu, mugire ibango ry'ubuherezi ryera, ngo mutange ibimazi mu buryo bw'impwemu, bishimwa n'Imana kubwa Yesu Kristo.*
⁵ *Kuko mu vyanditswe harimwo aya majambo ngo: "Raba, ndashira i Siyon i buye rigumya imfuruka, ryatoranijwe, riri n'igiciro, kandi uwuryizera ntazomaramazwa,"* ⁸ *nuko mwebwe abizera ni mwebwe mwagerewe ico giciro, ariko ku banka kwizera* "ngw'ibuye abubatsi bagaye, ni ryo ryahindutse rigumya imfuruka, ni ibuye ritsitaza ni urutare rugwisha; kuko batsitara kw'ijambo ry'Imana, bataryumvira: kandi ni co bashiriweho.

⁹ *Ariko mweho, muri ubwoko bwatoranijwe, mukoranije kuba abami n'abaherezi, muri ihanga ryera, abantu bashiriweho kuba inyegu yiharije, kugira ngo mukwize ishimwe ry'iyabahamagaye, ikabakura mu mwiza, ikabashira mu muco wayo utangaje:* ¹⁰ *Kera nta bantu mwarimwo, ariko noneho muri abantu b'Imana, kera ntimwari bwagirirwe imbabazi, ariko noneho mwarazigiriwe.*

Mu buryo bw'indongoramvugo, Petero yamye akoresha amajambo ari mu bwinshi n'amungane ari mu bwinshi, ariko ivyo yamye avuga neza mu buryo bwumvikana bifise ingaruka ku gatwe k'umuntu. ubu na ho, asigura neza ivyerekeranye n'ishengero nk'umubiri uri hamwe. Ku murongo ya 4-5, nk'uko Yesu "ari ibuye rizima," ni ko na twe turi "amabuye mazima." Twese turi amabuye mazima kandi turi "inzu y'impwemu" (mu yandi majambo, ishengero) turiko "twubakwa" n'Imana. Ako ni akandi karorero k'igikorwa "gikorwa n'ijuru". Yesu nk' "ibuye ry'ubugingo" yabura ivyavuzwe muri **Yes 28:16** ku murongo **6**, **Zab 118:22** ku murongo **7**, na **Yes 8:14** ku murongo wa **8**. Aho Yesu yabura ivyavuzwe muri **Zab 118:22** muri **Mat 21:42** na Petero yakoresheje ivyo nyene yabuye muri **Ivyak 4:11**, kandi hamwe hamwe hose bikoreshwa ku barongozi b'Abayuda banse Kristo, ngaha Petero ariko arabikoresha ku bantu bose banse Kristo. Petero ariko aratandukanya "mwebwe mwizeye" n' "abo batizera." Itandukaniro ni ukugene bifata kuri Yesu Kristo. Nk'uko inyishu baha Yesu Kristo zitandukanye canke ukugene bifata kuri Yesu gutandukanye, ni ko n'amaherezo yabo aratandukanye: "icubahir" binyuranye n'"ikigwisha."

Mu buryo bw'imenyeshama, iki kigabane kirafise akamaro cane. Imvugo Petero ariko arakoresha ayabura ku vyavugwa mw'Isezerano rya Kera kw'ihanga rya Isirayeli n'ingoro akabikoresha kw'ishengero. Ibi bisa n'ivyo yakoze ku murongo wa **1:1** igithe yita ishengero *abasanzaye*. Mu yandi majambo, ariko arashiburira kure ihanga

rya Isirayeli n'imigirwa yabo yose y'ivy'idini nk'uburyo bwo gukwiragiza ukuri kw'Imana hamwe no kwanka Isirayeli nk'abantu b'ukuri b'Imana. Ahubwo, ariko aravuga yuko ivyo bikorwa vyashikijwe mw'ishengero. Kanatsinda ariko arita ishengero Isirayeli nshasha y'ukuri yo mu vy'impwemu.

Ivyo tuguma tubibona mu mirongo ya **5-10**. Ku murongo wa **5**, igihe Petero yita ishengero “*inzu y'impwemu*,” ariko aravuga yuko ingoro itakiri inzu y’Imana. Ibi bivuga bimwe n’ivyo intumwa Paulo na Yohana bise mu buryobugaragara ishengero “*urusengero rw'Imana*” muri **1 Kor 3:16, 17a, 17b; 2 Kor 6:16a, 16b; 2 Tes 2:4; Ivyah 3:12; 7:15; 11:1, 19**. Raba neza bose Petero na Paulo bariko barita ishengero ingoro y’ukuri y’Imana mbere n’imbere yuko urengero rw’i Yerusalem rwasambuka mu mwaka wa 70 inyyma y’Ivuka rya Yesu.

Petero mu kwita ishengero “*abaherezi bera*” ariko aravuga yuko ubuherezi bwo mw’Isezerano rya Kera bwasubiriwe n’ishengero. Ibi biravuzrako mw’ido n’ido mu gitabu c’Abaheburayo. Yesu ni umuherezi “*wo mu buryo bwa Melekisedekiatavugwa mu buryo bwa Aroni*” (**Heb 7:11**; raba kandi **5:6**). Kanatsinda, Yesu yitwa “umuherezi” kandi akaba n’“umuherezi mukuri” (**Heb 2:17; 3:1; 4:14-15; 7:11, 15-17, 24, 26, 28; 8:1-2; 9:11**). Ivyo vyerekana yuko ibimazi vyo vy’Isezerano rya Kera vyose n’ubuherezi vyasubirijwe kubera yuko, dufatiye ku vyagezwe vyo vy’Isezerano rya Kera, Yesu ntiyashobora kuba umuherezi na gato kubera yuko atakomoka mu muryango wa Aroni canke mu muryango wa Lewi ariko yakomotse mu muryango wa Yuda (**Heb 8:4**; raba **Mat 1:2-3; Luka 3:33-34**). Aho kuba ubuherezi bwose bukora nk’abahuzi hagati y’Imana n’abantu, ubu hariho “*Imana imwe, n’umuhuza umwe vyongeye hagati y’Imana n’abantu, ari we Kristo Yesu*” (**1 Tim 2:5**). Mu buryo bunyuranye n’ubuherezi bwo mw’Isezerano rya Kera bwagarukira ku muryango wa Lewi (**Guh 18:1-24; Yer 33:19-22**), nk’ingaruka y’ikimazi ca Kristo abizera *bose* muri Kristo Yesu ubu ni abaherezi mu nyonga z’Imana (**1 Pet 2:5, 9; Ivyah 1:6; 5:10**). **Heb 7:12** hongerako yuko kubera ukuza kwa Kristo kwavyaye ubuherezi bushasha, “*Iyo ubuherezi buhindutse, ivyagezwe ntibibura guhinduka na vyo.*” T. D. Alexander abipfunyapfunya muri ubu buryo “gufatira ngaha ku ‘guhinduka kw’ivyagezwe’ vyerekana yuko imigirwa n’ivyihanikirijwe bijanye n’ubuherezi bw’Abalewi bitari bigkwirikizwa igihe ishengero ryahinduka ingoro nshasha y’Imana” (Alexander 2008: 150).

Nk’“*abaherezi bera b’ubwami*” bw’Imana, ishengero ritanga “*ibimazi vyo mu buryo bw’impwemu bishimwa n’Imana kubwa Yesu Kristo*” (**umurongo wa 5**). Ibi vyerekana yuko ibijanye n’ibimazi vyose vyo mw’Isezerano rya kera vyasubirijwe. Ibi ni ngirakamaro kubera yuko “*ariko uwo Yesu Kristo amaze gutanga ikimazi kimwe c’ivyaha c’intahava, avyagira i buryo bw’Imana, ¹³ aheraho, arorer aigihe abansi biwe bazohindurirwa indava yo musi y’ibirenge vyiwe. ¹⁴ kukw ikimazi kimwe ari co yatunganishije rwose abezwa, ukazoshitsa ibihe bidashira.*” (**Heb 10:12-14**) Indunduro n’ugutunganywa rwose kw’Ughongera kwa Kristo—kandi n’ugurwaho rwose kw’ibihe bidashira kw’ibimazi vyo mw’Isezarano rya Kera n’ubuherezi—bibonekera mu buryo bw’uko “*avyagiye i buryo bw’Imana*” mw’ijuru ry’ukuri ahera h’ahera (**Heb 1:3; 10:12, 14**; raba kandi **Zab 110:1; Mariko 16:19; Luka 22:69; Rom 8:34; Ef 1:20-21; Kol 3:1; 1 Pet 3:21-22**). “Kubera igikorwa c’ubuherezi casaba uguhagarara imbere y’Imana canke ku gicaniro (10:11; Gus 10:8; 18:7), ikinyuranye n’ivyo ni ukuyagira vyerekana uguherahezwa kw’igikorwa c’ubuherezi ca Kristo (10:12).” (Nelson 2003: 257) Biciye mu rupfu rwiwe, ukuzuka, n’ukuduga mw’ijuru kwa Kristo ubu bishoboza uwizera wese gukora ivyo abaherezi bonyene bo mw’Isezerano rya Kera bashobora gukora. Mw’Isezerano rya Kera abaherezi bonyene ni bo bashobora kwinjira ahera h’Urusengero. Yesu yashoboje abantu biwe bose “*kuronka ubushizi bw’ubwoba bwo gushikanwa ahera cane n’amaraso ya Yesu*” ibihe vyose (**Heb 10:19**). “*Ibamazi*” dutanga nk’abaherezi bera b’Imana ubu ni “*ugutanga imibiri yacu nk’ibimazi bizima, vyera bihimbara Imana, ni kwo kuyikorera kwacu kwogira ikimazi*” (**Rom 12:1**). Mu yandi majambo, ubugingo bwacu bwose ni ubw’impwemu. Ikintu cose dukora gikorerwa imbere y’Imana kandi gitegerezwa kuba ari uburyo bw’ikimazi ku Mana.

Hisunzwe ivyabuwe mw’Isezerano rya Kera ku mirongo ya **6-8**, Petero abandanya yerekana ingene ishengero ritegerezwa kuba rimeze mu gukoresha ivyo bintu ku bisomwa bivuga kw’ishengero avyabuye mw’Isezerano rya Kera ariko bivuga kuri Isirayeli. Ni co gituma ishengero ari “*ubwoko bwatoranijwe*”; aho afatiye ku **Gus 7:7; 10:15; Yes 43:20**. Ishengero rikoranije kuba “*abaherezi b’ubwami*”; ivyo na vyo bifatira kuri **Yes 61:6**. Ishengero ni “*ihanga ryera*” vyabuwe mu **Kuv 19:6**; raba kandi **Gus 7:6; 14:2**. Ishengero ni “*abantu yiharije*”; ivyo na vyo vyabuwe mu **Gus 4:20; 7:6; 14:2**; raba kandi **Kuv 19:5; Yes 43:21; Mal 3:17**. Amajambo avuga yuko Imana “*yabahamagaye ibakuye mu mwiza ikabashira mu muco wayo utangaje*” afatira kuri **Zab 36:9; Yes 9:2; 42:16**. Amajambo yo ku murongo wa **10**, “*kera nta bantu mwaramwo, ariko noneho muri abantu b’Imana, kera ntimwari bwagirirwe imbabazi, ariko noneho mwarazigiriwe*” vyabuwe muri **Hos 1:6, 9-10. 2:23**. Dufatiye ku vyaba mw’Isezerano rya kera, Hoseya yariko aravuga ku bwami bwa Ruguru bwa Isirayeli. Ubu na ho rero Petero ariko arabikoresha kw’ishengero. Paulo na we nyene akora nk’uko nyene mu ba **Rom 9:24-26**. Mu nca make, Isirayeli yo mw’Isezerano rya Kera yari “*ikigereranyo*” n’“*icijiji*” vyerekeza ku kintu kanaka kandi vyaronse ugushitswa mw’ishengero. Kandi mw’ishengero Kristo yararangije iciyumiyo cose cerekeranye

n'umwandum canke inkomoko: aho muri Isirayeli yo mw'Isezerano rya Kera abantu bonyene bakomoka mu muryango wa Lewi ari bo baba abaherezi kandi abandi bantu kanaka bonyene nibo baragwa iragi ryo gukora igikorwa c'ubuherezi kanaka, muri Kristo *abantu bose mw'ishengero* bahawe agateka n'agaciro birengeye ibindi bantu vyose bisanzwe biriho mw'idini ry'Ikiyuda: Abami n'abaherezi!

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYIYUMVIRO

1. Ni mu buryo ubwahe Isirayeli yo mw'Isezerano rya Kera yari "ikigereranyo" n' "icijiji" c'ishengero?
2. Bisigura iki ko turi "abaherezi bera" batanga "ibimazi vy'impwemu vyemewe imbere y'Imana biciye muri Kristo Yesu"?

C. Mubevo ubugingo bugororotse aho muba muri hose no mu vyo muba muracamwo vyose (2:11–4:11)

- Abizera bose (2:11-17)

¹¹ Abo nkunda, ndabinginga ko muri inyambukira n'ingenzi mwirinde ivyipfuzo vy'umubiri birwanya ubugingo; ¹² mugire ingeso nziza mu mahanga, kugira ngo, no ku vyo babavuga nabi nk'inkozi z'ibibi, ibikorwa vyanyu vyiza bize bitumen bahimbaza Imana ku musi ibagendeye.

¹³ Kubw'Umwami wacu, ubukuru bwose bwashizweho n'abantu mubugamburukire: ari umwami, kuko ari we gaheta; ¹⁴ canke abakuru, kuko ari bo atuma guhana inkozi z'ibibi no gushima inkozi z'ivyiza. ¹⁵ Kuko ivyo Imana igomba ari uko ugukora neza kwanyu kuba agahomerabunwa ku bantu b'imburabwenge batagira ico bazi. ¹⁶ Ngo mube nk'abidegemvyo, ariko atari ukugira umwidegemvyo wanyu igitwikirizo c'inzigo, ariko mube nk'abagurano b'Imana. ¹⁷ Mwubahe abantu bose. Mukunde bene Data, mutinye Imana; mwubahe umwami.

Iki kigabane gitangurira ku co Petero yari ashingiyeko ku kubaho ubugingo bugororotse naho twoba turi "inyambukira" mw'isi. Ikigabane gikurikira kibandaniriza kuri ico ciyumviro ngenderwako. Iki kigabane ca (2:11-4:11) n'ikigabane gikurikira (4:12-5:11) bitangurirwa n'ijambo "bakundwa" mu ntango kandi bigaherezwa n'ijambo "amen" ku mpera.

Imirongo ya 11-12 isubiramwo ivyavuzwe kuri 1:14-16. Ngaha, nk'uko vyabaye no kuri hariya, Petero aduhanura kwirinda ivyipfuzo vy'umubiri. Kandi ngaha, nk'uko vyari na hariya, apfunyapfunya ukugene ingendo n'ingeso zacu zitegerezwa kumera: muburyo butameze neza ("dutegerezwa kwirinda ivyipfuzo vy'umubiri") hanyuma mu buryo bwiza ("tugendane ingeso nziza mu banyamahanga"). Ku murongo wa 1:14 impanuro ziwe zerekanye no kwirinda hamwe n'ukuba hejuru y'ivyipfuzo vyacu vyari vyubakiye ku kugene ivyo vyari ivyipfuzo bikomoka mu "butamenya bwacu twagenderamwo kera." Ubu na ho rero atwureka yuko ivyo vyipfuzo "birwanya imitima yacu." Ibi vyunganira canke vyubakira ku vyo yaja yaravuze kuri 2:5 kandi bigashimangira yuko ubugingo bwacu bwose ari ubugingo bw'ivy'impwemu. Mu kwita abatizera "Abanyamahanga" gushimangira ivyo yaja yavuze ku mirongo ya 5-10 ivuga yuko ishengero ari Isirayeli nshasha, y'ukuri, yo muri mpwemu. Petero yabonye yuko dutegerezwa kwitega kuzorwanywa n'isi, nk'uko na Yesu yatugabishije (raba **Mat 5:10-12; Yohana 15:20**). Ni co gituma avuga ati "bazobarementaniriza" ariko ntavuga ngo "ni babarementaniriza." Aca yongera akabandaniriza iyo yari yerekeje iciyumiyo ciwe (raba 1:7, 13) mu kuvuga "ku guhishurwa kwiwe." Ariko arerekana neza yuko ukuzorwanywa kutobatera kwiyonjorora ngo bave mw'isi ariko ko kwotuma tugira akigoro karushirije mu kwerekana ingeso nziza mw'isi. ukwo ni ukuri ku Bakristo umuntu wese ku giti ciwe n'ishengero riri hamwe. Abakristo n'ishengero bategerezwa kuja imbere mu kwubaka ikibano, mu gukiza ikibano hamwe n'uguhindura ikibano kugira ngo kibe ciza kurusha uko cari gisanzwe kiri.

Imirongo ya 12-17 ishimikira ku migenderanire yacu dufitaniye n'ikibano. Bisa n'ibibangabanganye n'ibivugwa muri **Rom 13:1-7**. "Urwego rwose rwashinzwe n'abantu". (13) rurarengeye reta, ariko rutegerezwa kuba rurimwo n'izindi nzego nk'akazi, ukwubakana, amashirahamwe y'ukwitanga, imigenderanire iri hagati y'abavyeyi n'abana, hamwe n'ishengero. Amategeko ari ku mirongo ya 13-14 na 17d (hamwe n'ayari mu **Abaroma 13**) ku vyerekanye n'ukwumvira n'ukugamburukira abaganza hamwe n'uguha icubahiru abarongoye igihugu ntivyatanzwe nk'aho yavuga ku gihugu gitwarwa nabi kigatwaza umukazo n'igikenye aho amategeko ari mabi. Petero ubwiye yari azi akamaro ko kugambararira amategeko ya Reta hamwe n'amategeko y'abategetsi igehe anyuranije n'ibisabwa n'ubutumwa bwiza. Ni co gituma, igehe bamubarira ko adakwiye kubandanya kwigisha mw'izina rya Yesu, Petero yabishuye ati, "Igikwiye ni ukwumvira Imana kuyirutisha abantu" (**Ivyak**

5:29). Imana irerekana, igashigikira ubundi burorero bwo kugambararira amategeko mabi. Raba, nk’akarorero, abakirizi baranse kwica inzoya z’abahungu b’Abaheburayo maze baca babesha Farawo (**Kuv 1:15-21**) na Rahabu yanyegeje abatasi b’Abisirayeli kandi arabesha abategetsi ku vyerekeye ico gikorwa yakoze (**Yosuwa 2:1-7**).

Hejuru y’ivyo, mubihugu vyinshi uyu musi, umuntu arashobora kuba afise uburenganzira ahawa n’ibwirizwa nshingiro canke ahabwa n’amategeko bwo kwiyamiriza, bwo kugarariza canke kurwanya Reta mu buryo butariho kandi butanashoboka mu kibano c’Abaroma. Gukora ivyo mu buryo bwiza ntivyategerezwa kwononera ubutumwa bwiza. Kanatsinda, Richard Bauckham savuga ati, “Imbono yonyene itagiramwo agasembwa y’Imana ni yo ishobora guhangana n’ukumogora kw’umuntu yamogoreye gusenga ibigirwamana bishira imbere ibikorwa muri iyi si. Ugusenga Imana y’ukuri nib wo bubasha bushobora guhangana n’ukwishira hejuru kw’igisirikare n’ububasha bwa politike (igikoko) hamwe n’iterambere mu butunzi (Babuloni).” (Bauckham 1993b: 160) ni co gituma, Abakristo bafise uruhara n’igikorwa c’ukumenya ibiriko biraba mu kibano cabu kandi bibaye ngombwa bakarwanya akarenganyo mbere naho (canke cane cane igihe) ako karenganyo kaba kariko karakorwa na Reta. Hariho uburorero bwinshi bw’ivyo muri kahise dushobora gutanga (hejuru y’aba bakirizi na Rahabu twaja twavuze). Nk’akarorero, John Chilembwe yarongoye umugumuko mu kwezi kwa mbere mu mwaka wa 1915 muri Nyasaland (ubu hitwa muri Malawi) yarwanije abakoloni b’Abongereza kubera uburenganyo n’ukugene babatwaza umukazo biba ivyabo; Chilembwe ubwiwe yari umupasitori wo mw’idini ry’Ababaptiste (raba Jenkins 2015: 45). Schüssler Fiorenza na we atanga ubundi burorero butatu bukomeye bw’ukugene ivyo bishobora gukorwa no gufatwa hamwe n’ivyabona yakuye mu bihe vy’iherezo vyo mu Vyahishuriwe Yohana: “Mu Cete ciwe yanditse ari mw’igereza ry’i Birmingham, Martin Luther King, Jr., yibutsa ururima n’ibigereranyo canke amashusho yo mu Ivyahishuriwe Yohana igihe yariko araha insiguro ivyo yariko aracamwo n’ivyizigiro yari afise muri iyo ntambara yo guhabuza agateka n’uburenganzira yahabwa n’amategeko bw’Abanyafrika n’Abanyamerika bakomotse ku Banyafrika; Ico Allan Boesak yavuze ku vyerekeye ukuremesha n’ukurwanira agateka bishira mu bikorwa ivyavuzwe mu Vyahishuriwe Yohana mu kurwanya intwaro ya karyanisha miryango apartheid yo muri Afrika y’Epfo; na Daniel Berrigan yanditse iciyumviro ciwe ku bijanye n’Ivyahishuriwe Yohana, Icago c’Imana (Nightmare of God), igihe yari apfungiwe ibikorwa vy’ukurwanya intambara ikoresha ibirwanisho vya kirimbuzi vy’imyuka.” (Schüssler Fiorenza 1991: 11) mu nca make, igihe ibivugwa mu vyanditswe vyose, ikibano cacu kidasan Zwe, hamwe n’ivyo tuba turikoturacamwo bidasan Zwe mu kibano cacu bibanje kwiyumvirirwako, ntituba tugihanurwa na Petero kwumvira inzego zashizweho igihe cose no mu bihe vyose.

Imirongo ya 14-15 yubakira ku vyo Petero yavuze kuri **12**. Arikoi aravuga ku kirengeye kudakora nabi gusa, arikoi arikoi aravuga ku gukora ineza kandi *akayikorera ikibano*. Abakristo bategerezwa kugira ico bakoze mu kibano kugira ngo kimererwe neza. Arikoi aravuga yuko “*ubugombe bw’Imana*” bugaragarira mu ngendo n’ingeso nziza y’akarorero mu gukora ivyiza. Ibi bizoshika ku kumenyekana mu kibano no kwemezwu n’abategetsi kandi ivyo bizozibiza iminwa abo bose bipfuzu kurwanya Abakristo. Bruce Winter avuga yuko intara zo mu buseruko bw’ubwami bw’abami bw’Abaroma “zari zamye zifashwa n’abagiraneza bo mu kibano bakijije ikibano inzara, bagabanya ibiciro vy’ibiribwa n’ivya nkenerwa ku masoko mu gihe ibintu vyari bikenye, bakariha abaza gushiraho amazi, baha amabomba igisagara kugira ngo abo mu gisagara bashobore kuronka aho bavoma amazi meza, bungura amabarabara, bubaka amazu yo kwinezererezamwo no kurabiramwo inkino n’amazu ya Reta mu kibano akoraniramwo abantu benshi, bakarihira abana. . . . Kuri 2:14–15 Abakristo b’ukuri bahamagariwe kubandanya igikorwa nk’ico [ubwo buryo bwo guha ivya nkenerwa igisagara]. Kuba umugiraneza ni vyo vyatangazwa ko ‘*ubugombe bw’Imana*’ n’ukwemezwu n’abategetsi bukaba uburyo bwo kuzibiza iminwa urukurukuru rw’abantu batazi ivyo bavuga.” (Winter 1988: 92)

Ku murongo wa **16** Petero avuga ku mwidegemvyo w’Abakristo nk’aho ari ugukora wumvira ubugombe bw’Imana: “umwidegemvyo nyakuri, ubushobozi nyakuri bwo guhitamwo no gukora ico umuntu mu vy’ukuri *agomba* gukora, biza bifatanye n’ukwishikanira n’ukugamburukira Imana nk’*abashumba* bayo bayumvira” (Grudem 1988: 121). Umwidegemvyo nyakuri rero uvukamwo umunezero mwinshi wo gukora ivyiza, ibigororotse. Aherahereza ku murongo wa **17** ashimangira yuko ubugingo bwacu butegerezwa kuba ubugingo bugizwe n’urukundo n’icubahiro. Igikorwa cacu kirengeye ibindi vyose ni ugutinya Imana (raba **1:17**). Igikurikira, dukwiye “*gukundana nk’abavukana, nka bene Data*” (raba akarorero **Gal 6:10**). Ubwa nyuma, dukwiriye guha icubahiro no kwubaha abantu bose, harimwo n’umwami w’abami. Raba neza ngaha Petero yashize umwami w’abami ku rugero rumwe n’uwundi muntu uwo ari we wese, yamunganishije n’abandi bose. Yesu yavuze yuko uwo dukwiye gutinya wenylene ari Imana (**Mat 10:28**). Ni co gituma rero atari ighamana, canke atari akantu kitayemwo gusa katumye Petero avuga ko dukwiye “*gutinya Imana*” arikoi “*mwubahe* umwami w’abami.” “Abakristo barafise inshingano ku gihugu, arikoi ico gikorwa cabu ku Mana no ku gukundana ari kwo gukunda bene Data b’abizera ni vyo biza hejuru y’ibindi vyose” (Grudem 1988: 123).

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYIYUMVIRO

1. Abantu bamwe bibaza yuko Abakristo badategerezwa kuja muri politike canke mu bindi bintu bigize ikibano. None Petero yovuga iki ku ciyumviro nk'ico kandi kubera iki?

2. Ingeso canke ingendo n'inyifato zacu zifise ingaruka ki ku gutangaza ubutumwa bwiza kwacu?

- **Abashumba (2:18-25)**

¹⁸ *Bashumba, mugamburukire ba shobuja, mububashe rwose, atari ababagirira neza n'ababihanganira gusa, ariko n'abadadika.* ¹⁹ *Kuko igishimwa ari uko umuntu, namba ahanuwe n'ijwi ryo mu mutima, gukora ivyo Imana igomba, yokwihanganira imibabaro ahowe ubusa.* ²⁰ *Mwokwihanganira gukubitwa ibipfunsi muhowe icaha, mwokwihaya iki? Ariko mwokwihanganira kubabazwa muhowe gukora neza, ivyo ni vyo bishimwa mu nyonga z'Imana.* ²¹ *Ivyo ni vyo mwahamagariwe, kuko na Kristo yabababarijwe, akabasigarana icitegererezo, kugira ngo mugere ikirenge mu ciwe.* ²² *We nta caha yakoze, kandi nta bugunge bwabonetse mu kanwa kiwe;* ²³ *Yaratutswe, ntiyabasubiza; yarababajwe ntiyabahigira; hariko yiha idaca urwa nkunzi.* ²⁴ *Ubwiwe yikoreye ivyaha vyacu mu mubiri wiwe, abambwe ku git, kugira ngo dupfuye ku vyaha tubebo ku kugororoka; inguma ziwe ni zo zabakijje.* ²⁵ *kuko mwari muzimiye nk'intama, ariko noneho mugarutse ku mwungere w'ubugingo bwanyu, ari we nyene abujejwe.*

Abagurano mu bisanzwe baba bavukiye aho muri urwo rugo. Bari abaja, batari bafise umwidegemvyo mu buryo bw'amategeko, ariko bamwe bari bafise uburenganzira bwo kugura umwidegemvyo wabo. Ubu ni bwo buryo bw'imigenderanire twovuga iri hagati y'umukozi n'umukoresha vyari mw'isi yak era. Kubw'ivyo, ivyo Petero avuga ngaha birashobora gukoreshwa mu migenderanire y'umukozi n'umukoresha muri iki gihe cacu turimwo. Yamara, dutegerezwa kwama twibuka yuko ivyo ariko aravuga ahanini vyerekerye n'umuco kama n'imigenzo kandi ko kubw'ivyo tutoca tubigereranya uko nyene ata congeyeko canke ikivuyeko n'ibiraho muri iki gihe cacu ca none.⁸ Hariho ugushusha (mu yandi majambo, ugusa gukomeye) hagati y'ubucakara, ukugirwa abaja n'akazi k'uju musi: muri kimwe kimwe muri ivyo bibiri umuntu (umuja/umukozi) ariko akorera uwundi muntu (sebuja/umukoresha). Yamara, ugushusha kwose hariho aho kudashika, ntigukwiza vyose muri ukwogushusha. Uyu musi, abakozi ntibaba bavukiye muri urwo rugo, ntibashobora gukubitwa, barashobora guheba akazi bahora bakora maze bakarondera akandi, kandi barafise ubundi burenganzira bwinshi bahabwa n'amategeko. Nk'uko ukutumvira amategeko mabi ya Reta, abakozi b'Abakristo uyu musi ntibategerezwa kwumvira umukoresha igihe abategetse gukora ikintu kinyuranije n'amategeko canke gukora icaha canke ikintu kitari co. Abagurano bo mu gihe ca Petero ntibari bafise uburenganzira bwo kutumvira. Igihe Bibiliya ivuga ku bihe bimwe bimwe bidasa n'ibiraho uyu musi, turarobndera nubwo biri uko ihame dushobora gukura mu vyabaho kiriya gihe tukarikoresha tubanje kurisanisha n'ibiraho muri iki gihe cacu. Igihe dukoze durtyo dutegerezwa kwiyubara kugira ngo ukwo gusgusha ntitukurenze urugero ngo tuje kure cane y'iryo hame (akarorero, dutegerezwa kumenya *ubudasa buri* hagati y'ivyariko biraba muri ico gihe vyandikirwa muri Bibiliya co kimwe n'ivyo tuvuga ko bisa uyu musi). Dutegerezwa kubanza kuraba amatandukaniro n'ubudasa buri hagati y'umukozi na *nyene* gukoresha (ubuja) n'imigenderanire y'amasezerano iri hagati y'umukozi n'umukoresha (akazi ko muri kino gihe). Ni co gituma, gushira mu ngiro uyu musi gushobora kuba gutandukanye n'ukugene ivyo vyashirwa mu ngiro tubigereranije n'igihe ca Petero hamwe naho yari ari.

Icagezwe canke itegeko ryo ku murongo wa **18** ryo “*kugamburuka*” mu buryo bw’indongoramvugo n’ingerekwa mvarivuga (mu yandi majambo, “*kugamburukira*”); ni ikindi kintu kigaragaza, kigaha intumbero neza iryo tegeko ryo ku murongo wa **13**, “*Kubw’Umwami wacu, ubukuru bwose bwashizweho n’abantu mubugamburukire.*” Igituma dukwiriye “*kugamburukira ba data buja bacu [canke abakoresha] tububashe cane*” ni uko ari uko dutegerezwa gushira *Imana* imbere y’ibindi bintu vyose. Dutegerezwa kwama “*twibuka Imana.*” Ibi na vyo bica bigaruka ku murongo wa **16** aho Petero avuga yuko dukwiriye “*kubaho nk’abagurano b’Imana.*” Ukwihangana kwacu mu bihe bigoye ni kwo guhesha *Imana* icubahiro, kuko vyerekana ko tuyizigira kugira ngo ivyacu bigende neza. Ihame ryo guhesha *Imana* icubahiro mu buryo twifata ku bafise ububasha/ no ku bayobozi b’aho dukorera ibikorwa vyacu bishobora kugaragarizwa muri iyi mirongo ikurikira: “Shitsa ibiri mu masezerano mwasezeranye n’umukoresha wawe ukoresheje inguvu zawe zose n’ubuhinga bwa we bwose ni ukuvuga, mu buryo buhesha *Imana* icubahiro kandi bukazana, bugakwegakwegera abatizera mu bwami bw’*Imana*” (Webb

⁸ Ukugene twokwifata ku bijanye n’ibisomwa bivuga ku mico kama vyarahahanahanyweko iviyumviro mw’ido n’ido muri Menn 2017: 44-56.

2001: 54).

Dutegerezwa kugera ikirenge mu ca Kristo, we rufatiro rw'ivyo dukora vyose. **Imirongo ya 21-25** ifise Kristo hagati na hagati nk'aho vyose bizungurukira kuri we. Kandi aho vyose bizungurukira ni ho hari *imibabaro ya Kristo*, bikatubera akarorero (**umurongo wa 21**). Kwhanganira ukubabazwa uhewe ubusa kurafise agaciro, atari nk'aho ari igikorwa c'umuhizi canke indarangamvye c'ukwhanganira ukubabazwa, ariko igihe conyene “*mwokwhanganira kubabazwa muhowe gukora neza ivyo ni vyo bishimwa ku Mana*” (**umurongo wa 20**). Ibi bica bisubira ku vyo yavuze ku murongo wa **12** aho Petero ashimangira yuko “*kugira ngo no ku vyo babavugako nabi nk'inkozi z'ibibi, ibikorwa vyanyu vyiza babona bize bitumen bahimbaza Imana ku musi ibagendeye*.” Kristo ni we yababajwe ariha ighano c'ugukora ivyiza (**Luka 23:41, 47**). Ukubabazwa kwa Kristo yababajwe kubera ugukora ivyiza bitegerezwa mu vy'ukuri kumurikira ubugingo bwacu atari akazi kacu gusa. Scot McKnight abivuga muri ubu buryo: “nubwo hariho ibihe Abakristo bategerezwa kwiyemera ubwabo canke ighihe Abakristo bategerezwa kurwanira uburenganzira bwabo, hariho ubundi buryo canke iyindi nzira y'ukubikora—inzira y'imbabaro igera ikirenge mu ca Kristo, ikwirikirana ubugingo bwa Yesu. Iyo nzira y'ukubabazwa uhewe ubusa si iy'abatagira inkomezi, canke abapfa kureka bakarenganywa babibona, ivyo ni ivyo abemera kwikorera umusaraba imisi yose bagatako bagakurikira Yesu.” (McKnight 1996: 179) Mu nyuma ya vyose, ingeso n'ingendo yacu ku kazi n'ahandi hantu hose mu bugingo no mu buzima bwacu bwa misi yose ubwa mbere vyategerezwa kuba ugushingira intahe ubutumwa bwiza.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVYIYUMVIRO

1. Hanahane iviyumviro y'ubudasa buri hagati y'ibihe vy'umuco kama vyari bijanye n'akazi mu gihe ca Petero no mu gihe c'uyu musi.

- None ubwo budasa bushobora bute kugira ingaruka z'ukugene dushira mu bikorwa ivyo Petero ariko aravuga muri ico kigabane?

2. Woba warigeze guca mu bihe aho ibisabwa n'akazi kawe birwanya ubutumwa bwiza n'uruhaba rwawe rw'uko ukwiriye kwumvira Kristo?

3. None ibihe nk'ivyo wavyifashemwo gute? Kandi ingaruka zabaye izahé?

- Abagore (3:1-6)

¹ *Namwe bagore ni uko, mugamburukire abagabo banyu, kugira ngo, naho bamwe batumvira ijambo ry'Imana, bareshwe n'ingeso nziza z'abagore babo, batagize ijambo bavuze, ² ni babona ingeso zanyu zitunganye zifatanije n'ugutinya. ³ Ugushaza kwanyu ntikube ukwo ku nrukoba kwo gutsiba umushatsi, canke ukwo kwambara izahabu canke ukwo kwambara impuzu nziza— ⁴ ariko kube ukwo umuntu ahishijwe wo mu mutima, ugushaza kudashira, ni kwo mutima w'ubugwaneza utekereje, ni kwo kw'igiciro kinini imbere y'Imana. ⁵ Ni ko abagore bera bizigira Imana bashaza kera, bagamburukira abagabo babo, ⁶ nk'uko Sara yumvira Aburahamu, akamwita umwami wiwe; namwe muri abana b'uwo, ni mwahora mukora neza, mudaterwa ubwoba n'icobaca ivutu.*

Muri iki kigabane, Petero ariko arabandaniriza ku gukoresha uburorero bw'ibigereranyo vy'imirwi y'abantu bakwiriye kwumvira abategetsi batandukanye (“*Mwumvire*” vyongeye ni izina mvarivuga, mu yandi majambo, “*kwumvira*”). Impanuro ya Petero ku bagore ko bakwiriye “*kugamburukira abagabo babo*” (**3:1**) ni amajambo asa ahanini n’impanuro Paulo yahaye abagore muri **Ef 5:22**. Ijambo “*mwumvire*” ni ryo jambo nyene ry’irivuga ry’Ikigiriki ryakoreshejwe na Paulo muri **Ef 5:21, 24**. Amajambo “*abagabo banyu*” yerekana neza yuko abagore, kandi abapfasoni muri rusangi, batari musi y’ububasha bw’umugabo w’uwundi muntu canke abagabo muri rusangi. Ariko aravuga ku migenderanire n’ubucuti buri mu kwubakana ubwakwo, mu bubakanye ubwabo. Ku mirongo ya **1-2** ariko aabandanya ashimangira ku muntu yubaha abategetsi n’abashizwe hejuru mu kugaragaza ubuzima bwo gukora ivyiza (“*ni babona ingeso zanyu zitunganye zifatanije no gutinya*,” **umurongo wa 2**; “*ni mwahora mukora neza*,” **umurongo wa 6**). Impanuro za Petero ku bagore b’Abakristo zishingiye ku bintu bitatu: (1) ukubahamagarira *gukwegakwega no kuresha abagabo babarehesheje ingeso nziza* (**3:1-2**)—ingaruka y’ukuvuga ubutumwa atari mu majambo ariko bubonekera mu ngeso n’inyifato z’abagore. (2) Uguhamagarira ku kintu umuntu *ahekeyeko* (**3:3-4**)—mu kwubakana, co kimwe no mu kazi n’imigenderanire n’ubucuti bwacu dufitaniye na Reta hamwe n’izindi nzego, umugore kugamburuka n’uburyo yigenza, yitwara

ubwiwe ahanini bisunikwa n'imigenderanire yiwe n'Imana: “*bareshwe n'ingeso nziza z'abagore babo*” (umurongo 1); “*imbere y'Imana*” (umurongo wa 4); “*abagore bera bizigira Imana*” (umurongo wa 5). (3) Guhamagarira abantu gukurikiza akarorero nk'ak'abo hambere (3:5-6)—abagore bategerezwa gukurikiza uburorero bw'abagore bera bo muri kahise.

Mu vyo Petero yariko aravugako ngaha mu buryo bwagutse kandi bugaragara ku murongo wa 3:1-2 bishoboka ku mugore akijijwe afise umugabo atizera. Amajambo yo kuri 3:1, “*kugira ngo naho bamwe batumvira ijambo ry'Imana*,” vyerekana yuko abagore bensi b'abakristo bari bafise abagabo bakijijwe, nubwo bamwe batari barakijijwe (Grudem 1988: 137; raba kandi Michaels 1988: 157). Igihe Petero avuga ku murongo wa 3:1 yuko umugabo atizera “*ashobora gukwegwakwegwa no kureshwa ata jambon a rimweribanje kuvugwa*” ntariko arabuza ugushingira intahe Yesu biciye mu majambo kugira n'abagore bakijijwe. Ahubwo, ariko arerekana ko igishingan ntahe nk'ico atari itegeko, kidakenewe, kandi rimwe na rimwe usanga ata co gifashije (akarorero, iyo umugabo yagaragaje urwanko rukomeye canke yashavujwe bikomeye n'uko umugore avuze izina rya Kristo). Ni co gituma, umugore akijijwe ntakwiriye kuguma asomangiza canke kwigisha umugabo wiwe adakunda ubutumwa bwiza. Ahubwo ingeso ziwe nib wo buryo Petero avuga ko Imana izokoresha kugira ngo umugabo wiwe atebe yihane. Ibi vyerekana ko Imana iri hejuru ya vyose ku bijanye n'ukugene agakiza kagenda, gashikwako. Vyongeye vyari bikwiriye kuduha kwongereza ugusenga “*kugira ngo ubuntu butange kubaho mu bugororotsi kandi kugira ngo Imana ikorere mu mutima w'umugabo abone kwizera no kwhiana*” (Grudem 1988: 138). Dufatiye kuri 3:2 ingeso z'umugore zitegerezwa kuba izitagira “*agasembwa*” (“*ingeso zinyuranye n'ukwiyanzuza*”) kandi “*zo kwiyubaha*” (“*zishimwa*”). Ingeso nziza zitwibutsa yuko ukugamburuka zitagizwe n'ukwumvira ibisabwa vyo gukora ibiteye isoni, ibitari vyo. Izi ndangagaciro ubwa mbere zerekeranye, zitumbereye ku Mana (raba 2:12, 13, 15, 16, 17, 21, 23, 25), ariko ziragaragara ku mugabo, kandi kubw'ivyo zifitiye akamaro umugabo naho atari we zitumberezwako ubwa mbere.

Nk'uko biri kuri Reta no ku kazi, ukwubakana kuravana cane n'imico kama yacu, kandi hariho ubudasa bwinshi hagati y'igihe ca Petero n'aho yari ari canke abo yariko arandikira; hamwe n'imico yacu kama muri iki gihe turimwo. Mu buryo bwinshi, abagore bo mu mico yo mu gihe ca Petero bari nk' “*abenegihugu bo mu rwego rwa kabiri*” ntibangana n'abagabo. Bensi ntibari barize amashuri canke mbere ntibari baranagiye no mu mashuri y'intango kandi ntibari bafise akaryo ko gukora akazi hanze y'i muhira i wabo. Bensi batungwa n'abagabo babo incuro ijana kw'ijana. Mu mico myinshi y'uju musi, nta na kimwe co muri ivyo kikiraho uyu musi. Ikindi, umugore yafata idini ritandukanye n'iryo umugabo yaboneka nk'aho atubashe umugabo wiwe. Ivyo bishobora kuba ari yo mpamvu Petero yashimangiye yuko umugore ategerezwa kuguma yubaha umugabo wiwe mbere ataco yogawa canke anengwa mbere naho idini ryiwe ryoba rinyuranye n'iry'umugabo wiwe.

Imirongo ya 3-4 yibutsa ibivugwa muri 1 Tim 2:9-10 (“*abagore ndagomba ko bambara imyambaro baberanye, bagendane isoni badahugumba kandi badashazisha gutsiba umushatsi, canke izahabu, canke imaragarita, canke impuzu z'igiciro kinini*,¹⁰ *ariko bashazishe ibikorw vy'ingeso nziza, nk'uko bikwiriye abagore bavuga yuko bubaha Imana*”). Iyi mirongo, co imwe no muri 1 Tim 2:9-10, ihagaze ku kintu kanaka kizwi c'umuco kama n'imigenzo izwi yo mu minjana ca mbere, ibintu binyuranye n'imico kama n'imigenzo muri iki gihe. Ikibazo si ugutsiba umushatsi, *uko nyene*. Nta ngorane n'imwe iriho ko abagore bakijijwe batsiba imishatsi, basuka imishati yabo. Abakristo bensi b'abagore mw'isi yose baratsiba, barasuka imishatsi yabo, kandi nta n'umwe abibabara. Mu mico kama yo mu gihe ca Petero no mu gihe ca Paulo yamara, umushatsi w'abagore utsivye, usutse vyasigura ikintu ataco uyu musi bisigura. Mu kuvuga kuri 1 Timoteyo 2, Craig Blomberg avuga ati, “Ubu buryo “*bwo kwambara*” ni ikimenyetso c'uko abagore batunze bo muri Efeso [co kimwe n'abo Petero yariko arandikira] bari bo batsitaza abandi ba mbere yariko arandikira yariko aravuga, agerageza gutorera umuti ikibazo bateza. Abo bagore batunze nib o bonyene bashobora kugura izo mpuzu zizimvye hamwe no gutsibisha umushatsi mu buryo nk'ubwo kuko vyakorerwa mu ma salon yo gutsibisha imishatsi. Kanatsinda, igisomwa co mu Kigiriki kivuga gurtya, ‘badashazisha gutsiba umushatsi canke izahabu canke imaragarita . . .’ Nta kintu na kimwe kibi cariho co gtsiba umushatsi mu buryo k'ubwo, ariko uburyo bawutsiba aho bashiramwo ibigudi vy'izahabu hagati muri ivyo bitsibo vyo mu mishatsi nk'uburyo bwo kugumiza iyo mishatsi y'abagore hamwe kuko yari miremire, vyasaba amasaha menshi kugira ngo batebe babitunganye neza kandi nyene kuvyambara no kubitibisha ase neza ku rukoba, akwegakwege abantu kandi vyari bizimye cane.” (Blomberg 1999: 207) Ralph Earle na we yongerako ibi, “*ikibi kibishe, uku ni ko abamaraya bambara*. Ikindi, vyerekana ubwishime, kandi nyene kuvyambara yabona ko isi izunguruka kuri we wenyene, kandi ivyo vyose binyuraniye na Mpwemu wa Kristo.” (Earle 1978: 361) Ikindi, kuri 3:3 nta ngerekiga igeretswe ku “*kwambara*” (NIV ivuga mu buryo butari bwo “*impuzu nziza*”). Nk'uko Grudem abivuga, “ni amakosa, kubw'ivyo, gukoresha iki gisomwa kugira ngo ubuze abagore gutsiba no gusuka imishatsi yabo canke kwambara amahereni n'inzahabu n'imigufu, kubera yuko twiyumviriyi muri ubwo buryo nyene umuntu yonashobora kubuza abantu ‘*kwambara impuzu*’. Ico Petero ashaka kuvuga si uko hari na kimwe muri ivyo kibujijwe, ariko ko ikibujijwe ari uko “*ukwikora n'ukwiyambika*

amahereni n'imigufu" ari kwo kugaragaza ko ari vyo bigize isoko y' ubwiza bwiwe." (Grudem 1988: 140) Kuri **3:4** amajambo ya Petero "umutima w'uburwaneza utekereje" ubohera hamwe ivyo vyiyumviro bibiri vy'uko umugore akwiriye kugamburuka n'ukwikora, kwambarta amahereni n'ugutsiba imishatsi. Uwo ni wo mutima abagore bera, harimwo na Sara, "Bambara ubwabo"" kandi baragamburukira abagabo babo (**3:5-6**). Ubwiza mu nyonga z'Imana, hamwe n'ukugamburuka nyakuri, si ibintu vyo ku rukoba gusa canke ukwumvira kwo ku rukoba mu bikorwa bigaragara, ariko ni ukugamburuka kuvuye mu mutima no kuri mpwemu hejuru y'ibindi vyose ni ugushira ivyizigiro n'ukwizera mu Mana. Ni "uwo muntu anyegeje imbere mu mutima" afise "ubwiza butabora", ubwo nab wo mu nyonga z'Imana "*ni ubwoigiciro kinini.*"

Ku mirongo ya **3:5-6** gufatira ku "bagore bera" kandi, cane cane, Sara na Aburahamu vyerekana yuko Petero ivyo avuga abibarira abagore bose harimwo n'abagaore bafise abagabo bakijije. Ikidasanze, ahantu hamwe honyene muri Bibiliya aho Sara avuga kuri Aburahamu akamwita "umwami" wiwe ni mw'**Ita 18:12**. Muri uwo murongo Sara yaratwenze kandi yariko arivugana, yibarira. Ivyo ni ngirakamaro kubera yuko vyerekana ingene yari ameze imbere mu mutima wiwe. Akarorero ka Sara ikindi kerekana ni uko gaha abagore bubaha Imana ivyizigiro, kubera yuko mw'**Ita 21:10-13** Aburahamu yarateze ugutwi Sara kandi akora nk'uko Sara amusavye mu kwirukana Hagari ni Isimayeli. Ni co gituma, Aburahamu yerekanye yuko aha icubahiro kandi yumvikana n'ibigumbagumba nya Sara akabirutisha inyungu z'umwana wiwe bwite. Biragoye gutahura nimba Aburahamu yari kwirukana Hagari n'umwana wiwe iyo Sara atari kuba abanye n'umugabo wiwe akamuha icubahiro, haba imbere mu mutima no hanze aho abantu babibona. Mu kubaho mu buryo nk'ubwo, abagore bakijije uyu musi bagaragaza ko bahindutse "abana ba Sara" (**3:6**).

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYUMVIRO

1. Ukwubakana kwacu uyu musi mu mico kama yacu gutandukanye gute n'ukwubakana kwo mu gihe ca Petero n'ikibanza c'aho Petero yari yandikiye?
2. Dufatiye kuri ubwo budasa, twokoresha dute ivyo Petero yariko aravuga ngaha?

- Abagabo (3:7)

⁷*Namwe bagabo ni uko, mubane n'abagore banyu nk'abazi ibibereye, kuko ari nk'imbombovu zidahawanije namwe inkomezi: kandi mubahe icubahiro, kuko na bo ari abaraganwa namwe ubuntu bw'ubugingo, kugira ngo ugusenga kwanyu ntikugire ikigutesha.*

Ico Petero avuga kidasanze ku murongo wa **7** ni uguhanura abizera bose ko "kubw'umwami wacu, ubukuru bwose bwashizweho n'abantu mubugamburukire" (**1 Pet 2:13**). Petero rero aca akoresha amajambo atatu mvarivuga—bashumba "mugamburukire ba shobuja mububashe rwose" (**1 Pet 2:18**), "bagore, mugamburukire abagabo banyu" (**1 Pet 3:1**), namwe bagabo "mubane n'abagore banyu nk'abazi ibibereye" (**1 Pet 3:7**)—kandi ayo majambo nk'ayo gutegeka avana ububasha bwayo mu rivuga ("kugamburuka") kuri **2:13**. Petero vyongeye aduhanura gukurikiza akarorero k'imbabaro ya Kristo kugira ngo yerekana iciyumviro c'ukwumvira n'ukugamburuka kw'Abakristo ("Kristo yarababarijwe, akabasigarana icitegererezo kugira ngomugere ikirenge mu ciwe." **1 Pet 2:21**). Kubw'ivyo, ivyo dusabwa n'uruhara rwacu nk'abagabo bitegerezwa kugaragara nk'inzira zidasanzwe aho tugaragaza ko dusa na Kristo. Ivyo abwira abagabo bibangabanganye n'ivyo Paulo abarira abagabo muri **Ef 5:25-33**.

Ijambo "namwe" canke "muri iyo nzira nyene" (**1 Pet 3:1, 7**) bituma uruhara rw'umugabo n'urwo umugore biba magiranire. Ivyo yabariye abagore ati ("mugamburukire") vyabariwe abagore gusa; umugabo si we akwiriye "gutuma" umugore wiwe amugamburukira, canke "kuraba neza" ko uwo mugore agamburuka—kuko ico ni co gikorwa ciwe ku Mana. Mu buryo bumwe, uruhara rw'umugore rwo kugamburukira umugabo wiwe dushobora kuvuga yuko "ruvana" n'ukugene umugabo wiwe na we akora uruhara rwiwe. Nk'uko McKnight abivuga, "ico ukugamburuka kivuga gishobora gutahurika gusa mu kubaza iki kibazo: mbega urukundo rusigura iki" (McKnight 1996: 189n.33). umugore ntayabariye "gutuma" umugabo wiwe abana na we mu buryo butahurika, canke ngo amuhe icubahiro, canke ngo "akore ibishoboka vyose" kugira ngo akore ivyo bintu—ivyo nta nkeka ni igikorwa canke uruhara rw'umugabo kubikora nk'aho abikorera Imana. Yamara, "ikibazo c'ukugamburuka" *ahariho hose* kirafise "umugabo ari hejuru ya vyose mu mizi yaco" (McKnight 1996: 189). McKnight yongerako ibi: "Igihe umugore akijije ariko ararondera gukunda umugabo wiwe n'ubugingo bwiwe bwose kandi umugabo na we ariko ararondera gukundisha umugore wiwe ubugingo bwiwe bwose, aho ikibazo c'ukugamburuka nticigera kiboneka. . . ico ukwubakana rukristo gushingiyeko ni urukundo n'ugukorerana. . .

Abagabo kenshi na kenshi bahindukirira gusaba ko abagore babo babagamburukira igithe bataba bashoboye kuronka ukugene ‘ibantu bigenda uko babigomba’; ivyo na vyo vyerekana ukwikumakumirako, ukwikunda, si ugukunda n’ukwitangira ugukorera umugore wiwe (kandi iyo ni yo nzira Kristo yakunze ishengero). Ico umugabo akwiriye kuba yibwira ubwiwe ni, ‘kubera iki ntegerezwa gukoresha inguvu kugira ngo ntegeke umugore angamburukire, canke ategerezwe gukora iki na kiriya?’ kenshi na kenshi ahitamwo yuko ivyo yipfuza ubwiwe n’ivyiyumviro vyiwe bitegerezwa gushitswa uko nyene kandi ko umugore wiwe at ana kimwe avuze canke at ana kimwe akwiriye kwiyumvira, ko akwiriye kubikora uko nyene. Ingeso n’inyifato nk’iyo si ugukunda. Ukwubakana kwuzuyemwo urukundo, ukwubahana, no guhana icubahiro n’agateka ni gake, ni ko niyumvira, hakenewe guhindukirirwa ikibazo co kugamburuka.” (McKnight 1996: 189-90)

Nk’uko umutambukanyi “akoresha umukazo”, uruhara rw’umugabo—kandi n’ukugene ategerezwa gukra ibantu abanje kwiyumvira kandi azi ko abanza gupima urubanza aca—ni vyo binini cane. Abagabo bakwiriye “*kubana n’abagore babo nk’abazi ibibereye*.” Mu yandi majambo, abagabo bategerezwa kubana n’abagore babo, ntibakwiye kwibana. Abagabo benshi, harimwo n’abarongozi b’amashengero, bamara igithe kirekire kure y’abagore babo bakakimara ku mashengero yabo barongoye canke mu biro vyabo bakoreramwo nk’aho womenga barongoye, bubakanye n’ayo mashengero yabo barongoye, canke ukamenga bubakanye n’ubwo buzo bakora, ariko ntibubakane n’abagore babo. Ijambo “*kubana*” (*sunoikountes*) ririmwo uguhuza imibonano mpuzabitsina n’ibigeze ikibano mu migenderanire y’ukwubakana. Umugabo akijijwe “ntakwiriye kuba uwusaba ibantu vyinshi canke ngo yigungireko mu mibonano yabo yaba mpuzabitsina canke mu migenderanire n’ubucuti bw’abubakanye; ahubwo yiyumvira ku wundi, akamuha agateka n’icubahiro, akabona ibibereye, kandi akipfuza kumukorera no kumunezereza” (McKnight 1996: 186).

“*Nk’abazi ibibereye*” vyerekana yuko kubana n’umugore wawe “si igikorwa cokorakorwako ariko ni ikintu umugabo ategerezwa *kumenya ingene agikora*” (Michaels 1988: 168). Mu rurimi rw’Ikigiriki, ayo majambo asigura “*hisunzwe ukumenya, hisunzwe ubwenge*.” “*ubwenge nk’ubwo*”, “*ukumenya nk’ukwo*” ni ukumenya Imana muri Kristo Yesu, kubera yuko ari ukumenya nk’ukwo kwonyene umugabo atahura neza ukugene abagabo bubatse, akamere kabu n’akamere k’abagore hamwe n’ukugene bubatse, insiguro y’ukwubakana, ukurongora canke ukurongorwa, kandi agashobora gushira ku rutonde rwiza umugore wiwe. Grudem abivuga ko ibi, “Ukumenya” Petero ashaka kuvuga ngaha gushobora kuba kugizwe n’ubwenge ubwo ari bwo bwose bushobora kugirira akamaro n’inyungu ku migenderanire iri hagati y’umugabo n’umugore: ubwenge canke ukumenya intumbero z’Imana n’amahame agize ukwubakana, ukumenya ivyipfuzo vy’umugore, ukumenya amahangiro umugore yipfuza gushikako, ukumenya ibimuzazanira n’ibimubangamira; kumenya inkomezi ziwe n’intege nke ziwe mu nguvu, mumubiri, mu bigumbagumba, no muu vy’impwemu na vyo; n’ibindi bitari bike. Umugabo abayeho azi ubwenge nk’ubwo azovana ibantu vytinshi canke azogira ukunezerwa kwinshi kuzoba mu kwubakana kwabo—ariko ukumenya nk’ukwo gushobora gushikwako igithe conyene biciye mu kuguma biga ijambo ry’Imana hamwe no kurondera umwanya uhagije wo kuba bari kumwe mu mwiherero nk’umugabo n’umugore.” (Grudem 1988: 143).

Abagabo bakwiriye “*guha icubahiro umugore nk’imbombovu zidahawanije na bo inkomezi kuko na bo ari abaraganwa namwe ubuntu bw’ubugingo*.” “Umugore” ni ijambo ryerekana insiguro y’ijambo ridakunda kuboneka risigura, mu yindi mvugo, “igitsinagore, umukenyezi.” Ibi vyerekana yuko “Petero araba kuri kamere kagize ubugore, ubupfasoni canke ikigize igitsinagore kandi akavuga yuko “igitsinagore” c’umugore ubwaco categerezwa gutuma ahabwa icubahiro n’agateka n’umugabo” (Grudem 1988: 143). “*Imbombou zidahwanije namwe inkomezi*” mu bisanzwe hafatira ku gukomera kw’umubiri canke ku kutagira ibiguvu nk’ivy’abagabo; ibi vyongeye vyerekana n’ikoreshwa ry’ijambo “*imbombovu*” kenshi na kenshi rifatira ku mubiri. Yamara, “ico yafatiyeko vyongeye cerekana yuko abagore ‘bafise intege nke’ mu bijanye n’ububasha mu vyo kwubakana (imirongo ya 1, 5-6), kandi Petero rero aca ahanura abagabo ko aho gukoresha nabi ububasha bwabo ku nyungu zabo zo kwigungirako bari bakwiye kubukoresha mu ‘guha icubahiro’ abagore babo” (Grudem 1988: 144). Abagabo bakwiriye kwibuka yuko “icubahiro mu nyonga z’Imana ari icabo (canke abo bigira) ‘aba nyuma’ canke ‘abari hanyuma y’abandi,’ mu maso y’isi (uburorero, Mariko 9:33-37; 10:42-45; Mat 18:1-4, 10-14; 19:30; 20:16; 23:11-12; 25:40, 45; Luka 14:7-11; raba kandi 1 Pet. 5:5-6)” (Michaels 1988: 170). Ni co gituma, vyose kubera uko ameze ari musi *yawe*, kandi no kubera atandukanye *nawe* mu bimugize, abagabo bategerezwa kugira umutima nkuw’Imana kuri abo b’intege nke canke abato mu maso y’abantu (mu yandi majambo, uko Imana ibona ibantu muri Bibiliya yose, Imana ishima abantu bigira bato, bicisha bugufi). Icubahiro gitegerezwa kuba kirimwo ubugwaneza n’amajambo yp kwemeza no kwubaka uwo mwubakanye haba mu mpisho canke mu bantu, mu kumarana na we umwana w’agaciro, kumukorera, kutamuhisha amabanga, kandi no kumwereka utuntu twose tujanye n’ikoreshwa ry’amahera.

Nk’uko ameze ka bugore (ukuba umugore kwiwe, hamwe n’intege nke nk’uko bigaragara, mu yandi majambo, ukuba kwiwe *mansi yawe*, n’ugutandukana na we mu bimugize) yari impamvu imwe yotuma umugabo

aha icubahiro n'agatekawa umugore wiwe, Petero rero aca atanga impamvu igira kabiri (kandi mu bisanzwe inyuranye n'iya mbere) yo guha icubahiro n'agateka umugore wawe: ukugene ameze nk'aho *angana* nawe, kandi ko azokwama *asa* na we, mu yandi majambo, abagore ni “*abaraganwa na we ubuntu bw'ubugingo.*” Uku gusa ntasubirwamwo n'ukungana kwerekana n'ikoreshwa ry'ijambo “*abaraganwa nawe,*” kandi rikaba ari na ryo ryakoreshejwe mu ba **Rom 8:17, Ef 3:6** na **Heb 11:9** mu kwerekana ko bose bazoragwa umwandu umwe ungana kandi ko bose bazogira uruhara rumwe ku masezerano n'inyungu zose zizanwa no kuba abagize umubiri n'umuryango wa Kristo. Kubera Imana yarobanuye kandi yahaye icubahiro n'agaciro n'agateka umugore nk'uko yabihaye *ata na kimwe kivuyemwo* abagabo, umugabo ategerezwa guha umugore wiwe icubahiro n'agateka n'agaciro umugore wiwe. Bitagenze uko, umugabo yoba ariko aratesha agaciro ico Imana iha agaciro n'icubahiro.

Petero aherahereza impanuro ziwe ku bagabo mu gutanga iyindi mpamvu ikomeye ituma bategerezwa guha agaciro n'icubahiro abagore babo: “*kugira ngo ugusenga kwanyu ntikugire ikigutesha.*” Ukugene ufata umugore wawe ni ikimenyetso, kandi bigira ingaruka—yaba nziza canke mbi—ku migenderanire yawe n'Imana hamwe n'ukugene utera uja imbere mu vy'impwemu. Iryo jambo “*kwanyu*” rishobora kuba rifatiye ku bagabo bonyene, canke ku masengesho y'abagabo n'abagore bose bari hamwe. Michaels yizera yuko iryo jambo rya nyuma “*kwanyu*” “ari ryo rishira hamwe ico gice cose kivuga ku kwubakana (imirongo ya 1-7) kugira ngo mbere n'abagore barongowe ku bagabo badakijjwe, batizera (imirongo ya 1-2) bashobore kubona ukugene ukwubakana gushobora kumera n'ico gushobora gucika muri Kristo—ishengero ryo mu rugo, aho umugabo n'umugore babana hamwe nk'ikibano gisenga kandi bakaba ‘*abaraganwa*’ b'*agakiza*” (Michaels 1988: 171). Ikindi ciyumviro kivugwa na Grudem: ““*kwanyu*’ gutegerezwa kuba gufatiye kuri ‘*wewe*’ Petero ariko arandikira, mu yandi majambo, abagabo, kandi ico afatirako rero ni ku masengesho y'abagabo muri rusangi. . . . Nta mugabo akijijwe akwiriye kwibaza yuko ikintu ciza c'impwemu ico ari co cose gishobora gushikwako mu bugingo bwiwe kidashigikiwe n'igikorwa c'ugusenga. Kandi nta mugabo n'umwe ashobora kwitega ubugingo bw'ukuri bw'ugusenga shiti abana n'umugore wiwe ‘mu buryo bw'uko azi ibibereye, aha agaciro n'icubahiro’ umugore wiwe.” (Grudem 1988: 145-46). Tutarinze kwitaho nimba “*kwanyu*” gufatira ku bagabo bonyene, canke ku bagabo n'abagore bose bari hamwe, iri ryungane rya nyuma ryo kuri **3:7** vyongeye rigaragaza kamere k'*impwemu* kadasanzwe k'ukwubakana. Nk'uko Grudem aheraheza avuga ati, “Gufata umwanya wo guteza imbere no kugumana ukwubakana kwiza ni ubugombe bw'Imana; ni ugukorera Imana; ni igikorwa c'impwemu gihimbara mu nyonga z'Imana” (Grudem 1988: 146).⁹

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVYIYUMVIRO

1. Imico kama kenshi ituma dukora mu buryo bunyuranye n'ubwo Bibiliya ivuga. None imico yacu ituma gute abagabo bakorera ivyo bakorera abagore babo mu buryo bunyuranye n'ubwo Petero yahanuye ku murongo wa **7**, kandi dukwiye, dutegerezwa kubikora ko iki?
2. Mu buryo butandukanye umurongo wa **7** werekana ivy'impwemu vy'ukwubakana. Havyerekana gute, kandi ukubona ukwubakana nk'aho ari ukwifatana mu vy'impwemu bihindura gute uko tubona canke dufata ukwubakana?

⁹ Ingaruka zifadika kandi zo mu vy'impwemu zikomoka kuri ibi: (1) Ukwubakana kwubakiwe mu rutonde rw'irema (**Ita 2:24**). (2) Kubera yuko ukwubakana kwubakiye mu rutonde rw'irema, ni urwego rw'igiciro kinini, kimwe kigize ivyaremwe Imana yita “*vyiza cane*” (**Ita 1:31**). (3) Kubera ukwubakana ari urwego rw'igiciro kinini ku Mana, dutegerezwa guha agaciro ukwubakana kwacu nk'imigenderanire y'agaciro kanini—kandi kubw'ivyo iyo migenderanire tukayiha umwanya munini, tukayitwararika ata kiduciramwo, kandi tukagira n'akigoro kugira ngo tugara gaze ko dufata nka nkama kandi nk'ikintu gikomeye k'ukwubakana kwacu. (4) Ukwubakana ni ishusho y'imigenderanire iri hagati ya Kristo n'ishengero ryiwe (**Ef 5:22-32**). (5) Kubera yuko ukwubakana ari ishusho y'imigenderanire iri hagati ya Kristo n'ishengero, ukwubakana, mu muzi wakwo, ahanini ni imigenderanire yo mu vy'impwemu. (6) Kubera ukwubakana ari ishusho y'imigenderanire iri hagati ya Kristo n'ishengero, inyifato n'ingendo vyacu tugiranira n'ubo twubakanye mu vy'ukuri ni ishusho y'inyifato n'ingendo n'imigenderanire na Kristo n'imigenderanire dufitaniye na Data. (7) Kubera inyifato n'ingendo n'imigenderanire tugira ku mutambukanyi wacu ari ishusho y'inyifato, ingendo n'imigenderanire tugiranira na Kristo na Data, dushobora kwitega *ibantu bigaragara bikomoka* ku gutozwia indero n'Imana canke umugisha mu bugingo bwacu, bivanye n'ukugene dufata uwo twubakanyi canke umutambukanyi wacu (**1 Pet 3:7-12**).

- Abizera bose: incamake (3:8-12)

⁸ *Ibisigaye, mwese muhuze umutima, mubabarane, mukundane nk'abavukana, mugiranire imbabazi, mwicishe bugufi mu mutima.* ⁹ *Ntimugere ikibi ku kindi, canke igitutsi ku kindi, ariko mubigerane n'umuhezagiro, kuko ico ari co mwahamagariwe, kugira ngo namwe muragwe umugisha.* ¹⁰ *kuko handitswe ngo* “*Ugomba gukunda ubugingo, no kubona imisi myiza, ni abuze ururimi rwiwe rwoye kuvuga ikibi, n'imina yiwe yoye kuvuga ivyo guhendana;* ¹¹ *kandi azibukire ibibi, akore ivyiza, arondere amahoro, kugira ngo ayashikire.* ¹² *Koko inyonga z'Uhoraho ziri ku bagororotsi, n'amatwi yiwe ari ku vyo basenga, ariko igitsure c'uhoraho kiri ku bakora ibibi.*”

3:8-12 havuga mu nca make ivyo Petero yamye aravuga mu kigabane ca mbere caheze. “Ibisigaye” kuri **3:8** bica bibigaragaza neza. Petero yamye ariko arerekana neza ingene ivyo avuga vyosirwa mu bikorwa, mu ngiro hisunzwe amahame rusangi aboneka ku mirongo ya **2:11-12** (“mwirinde ivyipfuzo vy’umubiri”) kandi “mugire ingeso nziza”) hamwe n’akarorero, icitegererero ca Kristo (**2:21-25**). Ururimi Petero yakoresheje kuri **3:8-12** ruragutse bihagije kugira ngo rushiremwo abizera bose kandi rurafise ukugene rushobora gushira mu bikorwa ku migenderanire iri hagati y’abagore n’abagabo n’umuryango. Agatimatima k’ico **1 Pet 3:8-12** havuga kaboneka kuri **3:9b**: “ariko mubigerane n’umuhezagiro, kuko ico ari co mwahamagariwe, kugira ngo namwe muragwe umugisha.” Iryo ryungane ritanga impamu abizera bawiriye kubaho mu buryo Petero abahanura kubaho kuri **3:8-9a**. Kugira ngo duhabwe umuhezagiro w’Imana, dutegerezwa kuba umugisha ku bandi. Dukwiriye kubaho ubuzima bw’umuhezagiro n’umugisha kubera yuko ico ari co Imana yaduhamagariye. **3:10-12** rero hac ahasigura ingaruka zigaragara kandi zo mu buryo bw’impwemu hamwe n’ingaruka z’ubugingo bw’umuhezagiro n’umugisha kuri **3:9b**.

Kuri **3:8** Petero atangurira ku gushiraho urutonde rw’inyifato y’uburyo butanu rtegerezwa kuranga abizera: “*guhuza umutima, mubabarane, mukundane nk'abavukana, mugiranire imbabazi, mwicishe bugufi mu mitima.*” Ibi vyose ni inyifato z’imbere mu mutima zifise ingaruka zigaragarira inyuma ku mubiri canke mu bikorwa. Ibi bisa n’ivyo Yesu yemera kandi yemeza yuko ibiva imbere mu muntu, mu mutima wiwe ari vyo bimwanda (raba **Mariko 7:14-23**). Ingarka z’ibi ni uko ubugingo rukristo bwerekanyi n’ubugingo bwahindutse, si ughihindura gusa ivyizerwa canke inyifato—ivyo twizera nta co bivuze igehe bitagira ingaruka ku kugene tubayeho, kandi n’igihe tutaba twishikaniye kandi dufise mu mitima yacu ukubaho no kubigaragaza tukabishira mu bikorwa, mu ngiro mu kubaho kwacu.

Petero ashira imbere kuri urwo rutonde rw’inyifato “*guhuza umutima*.” Ijambo ry’Ikigiriki ryahinduwe “*guhuza umutima*” (Kigiriki = *homophrones*) risigura “kuba umwe mu mutima, guhuza inama n’umutima; kuba umwe muri mpwemu; kwumvikana muri mpwemu, kubana amahoro muri mpwemu” (Danker 2000: *homophrones*, 709-10). Kubana amahoro ata gakacira *birubakana umwe ku wundi, ni magiranire*. Mu vy’ukuri, Petero ariko arahamagarira abantu *ubumwe* canke *kuba umwe* kugira ngo bize imbere muri urwo rutonde rw’ibiranga n’ibigize imigenderanire yacu yose. Ubu bumwe bwo mu mitima bwerekana kamere k’impwemu k’ubugingo bwacu. “Isengesho rya Yesu nk’umuherezi mukuru” ryo muri **Yohana 17** rishimangira akamaro k’ubumwe bw’abizera (“*babe umwe, nk’uko na twe turi umwe.*” **Yohana 17:22**). Ayo yandi majambo ane agize urwo rutonde Petero yakoresheje ashobora kaboneka nk’aho adondora canke avuga “*uguhuza umutima*” ico ari co ubwaco. Ivyo bindi bintu bine biranga uguhuza umutima nta nkeka ko bitegerezwa kugaragara iyo abantu bahuje umutima. “*Ukubarana*” kwerekanyi n’ugutorera umuti “ibigumbagumba” kurusha uko biba uguhuza umutima gusa.

“*Gukundana nk'abavukana*” ni ngirakamaro mu buryo bw’uko ururimi rwakoresheje ari ururimi canke imvugo y’umuryango. Imiryango iritanaho, kandi irashigikirana. Imigenderanire n’ubucuti bwo mu miryango bitegerezwa kuba binyuranye, bitandukanye, vy’agaciro n’ukwumvikana kurusha imigenderanire iba hagati y’abandi bantu bo mw’isi. Hariho ikintu cisangijwe mu miryango kidashobora kaboneka, canke gukorerwa abandi bo hanze. Ni ngirakamaro rero yuko Imana “itacunguye” abantu bayo gusa, ariko kandi “yabashize” mu miryango wayo (raba **Rom 8:14-17; Gal 4:4-7; Ef 1:5**). Kanatsinda, ishengero *ni* umuryango. Isezerano Rishasha kenshi riguma ribisubiramwo mu gukoresha ururimi rw’umuryango iyo rishaka kuvuga ishengero: umugeni canke umugore wa Kristo (**2 Kor 11:2; Ef 5:22-32; Ivyah 21:2, 9**); abahungu canke abana b’Imana (**Rom 8:14, 16; 9:26; Gal 3:26; 1 Yohana 3:1-2**); abantu b’Imana (**Rom 9:25; Tito 2:14; 1 Pet 2:9-10**); urugo canke umuryango w’Imana (**Mat 12:49-50; 2 Kor 6:18; Ef 2:19; 1 Tim 3:15; 5:1-2**).¹⁰ Kubera yuko *turi* umuryango, dukwiriye

¹⁰ Dhati Lewis avuga ati, “mu mashusho n’imvugo ngereranyo zose zakoresheje mu kwerenka ishengero, hariho kimwe kirengeye ibindi vyose bisigaye: umuryango. Kanatsinda, ni wo ugize ishengero kugeza yaho mbere udakwiye kwitwa imvugo ngereranyo. Ibigereranyo bivuga ukugene ishengero rimeze canke ukugene risa—umuco, umukuku, indimiro, inyunbakwa—ariko umuryango si imvugo ngereranyo; ni insiguro y’ikintu tuzi nk’ishengero.” (Lewis

gufatana no gufashanya nk'abagize umuryango umwe.

“Umutima w’uburwaneza” wungurira ku vyiyumviro “ukubabarana” n’ “urukundo rw’abavukana” mu kubishira mu bikorwa bisunitswe n’ubumwe n’ukubabarana. Kubw’ivyo, integuro y’Imana ku migenderanire igizwe n’ubumwe, n’ugukorera hamwe n’ugusenyera ku mugozzi umwe mu vyiyumviro, mu bigumbagumba n’ibishobisho, no mu ngeso n’inyifato. Nta na kimwe muri ivyo duhejeje kuvuga gishobora gushikwako hatabaye “ukwicisha bugufi mu mutima”. Ukwicisha bugufi ntibisaba kwishira hejuru canke gutegeka abandi ukabahonyora ku gakanu; ahubwo, ukwicisha bugufi ubwa mbere kuronderera ivyiza abanda. Umuntu yerekana, agaragaza “ukwicisha bugufi kwo mu mutima” afise Mpwemu wa Yesu “atazanywe no gukorerwa, atari ugukorera abandi” (**Mat 20:28**).

Ku murongo wa **3:9a** Petero abandanya yerekana *ibikorwa bigaragara* bishesa Yesu icubahiro n’ingendo zihesha Yesu icubahiro nk’uko vyahanahanyweko iviyumviro kuri **3:8**. Ivyo bikorwa bigaragara biserukiye ubudasa buri hagati ya kamere k’imigenderanire y’abantu hisunzwe uko bigenda mw’isi na kamere k’imigenderanire y’abantu hisunzwe ivyo Kristo asaba. Ivyo ni amahame atandukanye kandi anyuranye. Integuro y’imigenderanire y’isi ifatiye ku migenderanire “y’ibikorwa”. Kwemerwa gufatiye ku vyo umuntu *akora, ku co yamaze* (“ukora uruhara rwara; nanje ngakora urwanje”); gutanga gufatiye *ku co wakoze, ku cowashitseko ico wakoreye*; urukundo rutangwa igihe conyene umuntu yumva yuko nyene kuruhabwa *abikwiriye* (“ni wakora iki/ ni utakora iki, na jewe nzokora iki/ ni utakora iki na jewe sinzokora iki”), canke kugira ngo uronke ikintu kanaka kivuye ku wundi muntu; ikbisunika gikomoka ku kugene umuntu *yiyumva*. Integuro y’isi izotegerezwa kwisambura kubera yuko: (1) ukudashobora kwanje gutorera umuti ivyitezwe naho vyoba atari ivy’ukuri; (2) ukudashobora kumenya ko uwundi muntu yakoze ibimwega canke yakoze uruhara, igikorwa ciwe; (3) kamere kanje ko gushaka gushira imbere intege nke z’uwundi muntu no kuguma ndaba amakosa yakoze gusa; hamwe (4) n’ukuguma mbona ko ivyo uwundi muntu yanlkoreye ari vyo vyatumye ntashika ku ntumbero yanje no ku bikorwa nashaka gukora. Ingaruka y’ivyo, nk’uko vyavuzwe kuri **3:9a**, imigenderanire y’ “*ikibi ku kindi*” n’ “*igitutsi ku kindi*”, ishingiye ku “*burenganzira bwanje*” no ku “*ku kugene niyumva*.” Imigenderanire nk’iyo ifise imizi ku mutima udaharira kandi ku mutima ukomantaye. Imigenderanire nk’iyo ikurikira aho ukwemerwa n’ugukundwa bishingiye ku co umuntu yamaze, yashitseko, yakoze kandi ni ikintu umuntu ategerezwa gukorera, kandi ni aho umuntu yirabishako (kandi, bigaca bituma, habaho ngombwa y’igihe cose yo “*kuronka ibingana*” igehe cose agaco kabonetse, canke akanya kabonetse) (Campus Crusade 1993: 20, 156).

Integuro ya Kristo y’imigenderanire ishingiye ku migenderanire y’ “ubuntu”. Ishingiye kuri kamere y’Imana ubwayo, ifise imizi mw’irema, kandi igaragaza imigenderanire iri hagati ya kristo n’ishengero ryiwe. Imigenderanire nk’iyo ifatiye gufata mpiri umubiri n’ibitugize tukavyegurira ibikenewe n’inyungu z’abandi, tukabikora bikomotse ubwa mbere mu rukundo n’ugukengurukira Kristo. Mu migenderanire nk’iyo, urukundo, ukwemerwa, n’ukwiyumvanamwo *bitangwa ku buntu*, ntibitangwa kubera uwubihawwe abikwiriye, canke abibereye, kubera yuko Kristo ubwa mbere yabanje kudukunda kandi uwundi muntu na we arakwiriye urukundo nk’urwo, ukwemerwa nk’ukwo n’ukwiyumvwamwo nk’ukwo kubera yuko na we nyene ari umwana w’Imana kandi akaba yaremwe mw’ishusho y’Imana. Igihe uwundi muntu adakwije ivyo tumwitezeko, turashobora *kumubabarira ata gahato* kubera yuko na twe twahariwe na Kristo tukuzura n’Imana igehe twari tukiri abansi bayo (**Rom 5:8-10**). Ingaruka y’ivyo ni imigenderanire y’ “ugukaba igitutsi n’umuhezagiro” ishingiye ku Mana no kw’ijambo ryayo, ivoma ku nkomezi z’Imana, kandi ikishurana ubuntu n’imbabazi, n’uguharira igehe umuntu yagukoshejeko, yagucumuyeko. Imigenderanire nk’iyo nta nkeka ko itegerezwa kuzogira ico ivyaye ciza, kubera yuko yiburuka ivuye mu kamere n’itegeko ry’Imana ubwayo (Campus Crusade 1993: 157).

Ni co gituma, **3:9a** hatubarira “guhagarika kubaho nk’uko ab’isi babayeho, guhagarika kubaho hisunzwe ukugene isi ifata, itunganije imigenderanire yayo, ariko mubeho hisunzwe ukugene Kristo yabayeho n’ukugene yatunganije imigenderanire.” Ukugene mu vy’ukuri *dukora* (cane cane ukugene *twifata, twigenza* igehe dusotowe, dututswé, canke dukorewe *ikibi*) ni ikimenyetso kigaragara inyuma, kiboneka cerekana nimba dufise inyifato n’ingendo Petero aduhamagarira kugira kuri **3:8**. Kwama igehe cose uhezagira igehe ututswe kandi ukagaragaza ingendo zavuzwe kuri **3:8** bisigura yuko *turi* umuhezagiro.

Ku mirongo ya **3:10-12** Petero yerekana ico ari co “gutanga umuhezagiro” (**3:9a**) bisa naho igehe bishizwe mu ngoro hamwe no kugira ico tuvuze ku “*kuragwa umugisha*” (**3:9b**) yaheranye no ku murongo wa **3:9**. Iyi mirongo yose yabuwe muri **Zab 34:12-16**.

Umuhezagiro w’umuryango mw’isezerano rya Kera wari ugizwe n’ibantu bitanu (raba **Ita 17:1-8; 27:26-29; 32:24-32; 48:9-20; 49:1-27**). Kubera yuko Petero ariko aravuga ku bijanye no kuba umuhezagiro ku bandi, kandi akaba atariko aragarukiriza aho gusa ku muryango, amahame yinyegeje inyuma y’ivyo bantu bitanu vy’umuhezagiro w’umuryango wo mw’Isezerano rya kera bikora ku migenderanire yacu n’abandi bantu, cane

cane kuri bene Data muri Kristo. Ivyo na vyo ni ibi: (1) *ugukoranako kwumvikana*. Ugukoranako kw'urukundo, ukugumbirana, canke kurambika ko ibiganza vyavana n'ukwitanaho ku majambo yavugwa; ugukoranako kwerekana ukwemerwa no gushigikirwa. (2) *ubutumwa buvuzwe*. Amajambo y'urukundo, ukwemera umuntu, hamwe no kumwemeza ni ibintu bikomeye mu gushikiriza umuhezagiro abandi. (3) *gushira "agaciro gakomeye"* *ku wo uhezagiye*. Amajambo y'umuhezagiro ubwayo ategerezwa kwerekana yuko umuntu afise agaciro kandi ko afise uduciro twacunguwe, hafatiwe ku *co abo bantu bari co*, atari ku co bashoboye gukora gusa. (4) *Kubona icapu n'ishusho ya kazozakadasanzwe ku wo uhezagiye*. Nubwo tudashobora kuvuga ingene kazozak'umuntu kazoba kameze, turashobora gutera intege, kuremesha no gufasha abantu, turashobora kubaha ivyizigiro n'umutekano mu kubemeza yuko turi kumwe na bo, tubipfuriza ivyiza kandi ko tuzobana na bo. (5) *Ukwiyemeza kuzoshikana uwo muhezagiro*. Uru ni uruhara rujana n'ugutanga umuhezagiro. Biravugwa yuko "ibikorwa bivuga vyinshi canke cane kurusha amajambo." Yamara, igihe ibikorwa vyawe bijanye n'amajambo wavuze kandi bikagufasha kuyashira mu ngiro, ingaruka zishobora kuba izikomeye,—cane cane igihe amajambo n'ibikorwa ari ivyo kwemeza, vy'urukundo, n'umuhezagiro uhawe umuntu wo mu muryango wawe. (Smalley and Trent 1986: 21-116)

3:9a haratandukanye mu buryo kanaka n'umuhezagiro wo mu muryango wo mw'Isezerano rya Kera, kandi kumbure bigoye cane kurusha kuri abo bari hanze y'umuryango hamwe no kuri abo baturwanya. Nubwo biri uko, Petero avuga yuko dukwiriye "gutanga umugisha" igihe tuba twashikiwe n'ingorane canke twatutswe. Nk'uko vyavuzwe kuri **3:10-11**, guhezagira abandi bigizwe n'ivyo *tuvuga*, hamwe, n'ibikorwa vyacu, ivyo *duhekeyeko*, hamwe *amahangiro* yacu. Ku bijanye n'ivyo umuntu *avuga*, dukwiriye kwirinda kuvuga ibibi canke kuvugana agakengere (mu yandi majambo, kuvugana uburyarya, kubesha kuvugana uruyeri, urwenge, kugira ngo ute mu mutego abandi bantu). Ku bijanye n'ibikorwa, dukwiriye "kuva mu bibi, guhunga ibibi tugakora ivyiza." Ku bijanye n'ibidusunika hamwe n'amahangiro *twipfuza gushikako*, dukwiriye "kurondera amahoro kugira ngo tuyashikire." Ihangiro canke intumbero y "amahoro" isaba akigoro, mu yandi majambo, "kuyaharanira, kuyakurikira." Kubaho ubugingo bw'umuhezagiro ntivyoroshe igihe hariho umuryano n'ukutumvikana kandi n'igihe hariho abandi bantu bikunda gusa, bashaka kwirabishako vyose, no kwikwegerako vyose. Ariko naho biri uko, amahoro nyakuri—amahoro y'imberie mu mutima hamwe mbere n'amahoro agaragara inyuma, amahoro akomoka ku bantu babiri bose babayeho ubugingo bugizwe n'inifato n'ingendo zavuzwe kuri **3:8** kandi bakaba bariko barakora ibintu vyavuzwe kuri **3:9-11**—ni vyo ahanini bigaragaza ukubaho kw'agaciro k'ijuru gashingiye, kubakiye ku migenderanire na Kristo. Ni ubwo buciro, n'ubunovera Imana ishaka mu migenderanire yacu yose, cane cane mu miryango yacu yo mu vy'impwemu no mu miryango yacu yo ngaha kw'isi, ariko vyongeye no mu bakozi dukorana, mu bagenzi, mu badukikuje, mu ncuti n'abandi.

Petero aherahereza kuri **3:12** n'isezerano hamwe n'ukugabisha. Wayne Grudem abisigura gurtya, "amajambo *inyonga z'Uhoraho ziri ku bagororotsi* bisigura yuko Imana itabona gusa ivyo abagororotsi bariko barakora . . . ariko ko ariko arabacungera kugira ngo bakore ivyiza, akamenya kandi agawhana n'ivyo bakena. . . . mu buryo bunyuranye n'ubwo, amajambo *ariko igitsure c'Uhoraho kiri ku bakora ibibi* ni, dufatiye kuri Zab34, ni urubanza rw'ugucirwako iteka, kubera uwo murongo urabandanya, 'ngw'ahenebereze ukwibukwa kwabo mw'isi' (Zab 34:16)." (Grudem 1988: 150) mu nca make, **3:8-12** herekana "ukwemeza gukomeye kuri hagati y'imigenderanire y'ukubaho kw'abagororotsi n'umuhezagiro w'iki gihe w'Imana muri ubu buggingo. Mu buryo nk'ubwo bitanga gukosora ibikenewe vyakozwe nabi, ukubaho rukristo kw'inusu mu myaka iyo ari yo yose, kandi n'ikigusunika gikomeye kigusunikira ku kubaho ubugingo bwera ubwo Petero avuga ko Abakristo bose 'bahamagariwe' (umurongo wa 9)." (Grudem 1988: 150)

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYIYUMVIRO

1. Hanahana iviyumviro ku migenderanire ihagaze ku bikorwa no ku migenderanire iahagaze ku buntu.
 - Ubuna imigenderanire ishingiye ku bikorwa mu Bakristo igarukira hehe, kandi ni izihe ntambuko zofatwa kugira ngo ivyo tubihindure bibe imigenderanire ishingiye ku buntu?
2. Ishengero ryofasha gute abanywanyi baryo kugira ngo bashike ku nyifato n'ingendo Petero avuga kuri **3:8** kandi bakabaho ubugingo bw'umuhezagiro avuga ku murongo wa **3:9**?
3. Nk'uko dufatiye kuri Bibiliya Ishengero ari umuryango, mbega abo hanze batubona nk'umuryango mwiza, umeze neza, ukundana, witwararikana?
4. Mbega tweho ubwacu twibona nk'umuryango?

5. Twokora iki kandi dutegerezwa gukora iki kugira ngo dufashe abanywanyi bose b'Ishengero kugira ngo biyumve kandi babone ko bafashwe nk'abanywanyi bakundwa mu muryango?

- Imibabaro y'abagororotsi (3:13–4:6)

¹³ *Kandi ni nde yobagirira nabi, ni mwagira ishaka ry'ivyiza? ¹⁴ Yamara naho mwobabazwa muhowe ukugororoka, mwoba muhiriwe. Ntimuze mutinye ivyo babakangisha, ntimuhagarike imitima, ¹⁵ ariko mwubahe Kristo mu mitima yanyu ko ari we Mwami, muhore mwiteguye kwishura umuntu wese abababajije inyanduruko y'ivyizigiro biri muri mwebwe, ariko muri n'ubugwaneza, mutinya, ¹⁶ mufise imitima itarimwo ijwi ribagiriza ikibi, kugira ngo no kuvyo muvugwa nabi, abatuka ingeso zanyu nziza zo muri Kristo bamaramare. ¹⁷ Ivyoba vyiza ni uko mwobabazwa muhowe gukora ivyiza, ari co Imana igomvye, hako muhorwa gukora ibibi.*

¹⁸ *Kuko na Kristo yababajwe rimwe ahorwa ivyaha, umugororotsi yababarijwe abagabitanya, kugira ngo adushikirize Imana; yishwe umubiri, ariko yahinduwe muzima mu buryo bw'impwemu, ¹⁹ Ni bwo yagiyemwo abarira impwemu ziri mw'ibohero ijambo ry'Imana, ²⁰ ni zo z'abatumviye Imana kera, hamwe ukwihangana kwayo kwari kukirorereye mu misi ya Nowa, bwa bwato bukibazwa, muri bwo harokokeye abantu bakeya, bashika umunani, bakirijwe mu mazi. ²¹ Ayo ni yo abakiza namwe ubu, mu buryo bw'ikigereranyo c'ukubatizwa, si ugukuraho imvyiro zo ku mubiri, ariko ni isezerano ry'umutima utagira ikibi usezeranye ku Mana, abakirisha ukuzuka kwa Yesu Kristo, ²² ari i buryo bw'Imana, kuko yagiye mw'ijuru, amaze guhabwa gutwara abamarayika, n'abanyabubasha n'abanyabubasha.*

⁴ *Nuko kuko Kristo yababarijwe mu mubiri, mwitwaze nk'ibirwanishwa ben'uyo mutima: kuko ubabarijwe mu mubiri aba amaze kureka icaha, ² kugira ngo amare imisi isigaye akiri mu mubiri atagikorera ivyipfuzo vy'abantu, ariko akora ivy'Imana igomba. ³ Kuko igihe cashize gihagije gukora ivy'abanyamahanga bakunda gukora, no kugendera mu ngeso z'isoni nke, n'izo kwipfuza, no kunohorwa na vino, no kudandahirwa, no kurundana aho bateretse, n'ibizira vyo gusenga ibigirwamana. ⁴ Birabatangaza ko mudafatanya na bo kwirukira mu birenze urugero vy'ubuhumbu, bakabarementaniriza; ⁵ mugabo ni bo bazobazwa ivyo n'uwiguyeye kuzoca imanza z'abakiraho n'abapfuye. ⁶ Kuko icatumye abapfuye na bo babariwe ubutumwa bwiza kwari ukugira ngo bacirirwe imanza mu mubiri mu buryo bw'abantu, ariko babebo mu mwemu mu buryo bw'Imana.*

Kubabazwa uhowe ukugororoka

Imirongo ya 13-17 igize ikintu mfatakibanza guhera ku kubaho mu kugororoka gushika ku kubabazwa rukristo. Iciyumviro c'ukubabazwa, bigaragara canke bitagaragara, kigize iciyumviro nyamukuru c'aigice cose gisigaye c'ico gitabu. Ni co gituma, **3:18-22** hashingiye ku ciyumviro c'imenyeshamana ku bijanye n'imibabaro yacu, ni ukuvuga, imibabaro ya Kristo n'intsinzi yiwe. **4:1-6** haraba ku ruhara rwacu hisunzwe ubutumwa bwiza n'imibabaro ya Kristo. **4:7-19** haraba ku kwiteturira amarushwa akomeye yari agiye kuza: **4:7-11** ni impanuro idasanzwe hisunzwe uguhamwa kwari kugiyi kuza, na **4:12-19** hashimangira ku ruhara rwacu n'ingene twokwifata “ku muriro wo kugerageza” igihe uzoba uje. **5:1-11** haraba uruhara rw'ishengero, cane cane hisunzwe ivyariko biraba vy'ukubabazwa n'uguhamwa.

Imirongo ya 13-14 ni ubushikiro bw'ivvari vyamye biravugwa na Petero ku bijanye n'ukubaho mu bugororotsi guhera kuri **1:13–2:12**. Umurongo wa **13** ni ikibazo kiguma kigaruka, inyishu yaco na yo ikaba ari “*ni nde yobagirira nabi ni mwagira ishaka ry'ivyiza.*” Bamwe babona yuko ico Petero yariko arabaza ku murongo wa **13** ari uko nimba Umukristo afise ishaka ryo gukora ivyiza, aho rero “ntazokabura ubugizi bwa nabi kandi ntazoshavuza abandi” (Davids 1990: 130). Yamara, iciza twovuga ngaha ni uko kumbure John Elliott, yavuze yuko “kubera umurongo wa 14 utanga akaryo k'imibabaro, birashoboka ko ariko aravuga ku ‘kugirirwa nabi’ ku co umuntu ari co no kugira ikiganza ciza ku Mana” (Elliott 2000: 620). Ivyo ni vyo bisa n'uko ari vyo umurongo wa **14** uravugako ivyo na vyo bikaba ari inyishu Petero yatanze ku kibazo yibajije ku murongo wa **13**. Abo bose bakora ivyiza “barahezagiwe” mbere naho boba bari mu mibabaro n'ukubabazwa; umwandu wabo ni mwiza kurusha uw'inkozi z'ibibi, mbere naho inkozi z'ibibi zoba zibacinyiza. Vyongeye, raba akarorero ka Kristo (**2:21-23**). Ugfata ibantu gertyo ntikunyuraniye n'ukugabisha Kristo yatanze muri muri **Mat 10:28** (“*Ntimuze mutinye abica umubiri, badashobora kwica ubugingo: cane cane mutinye ushobora guhonereza ubugingo n'umubiri muri Gehinomu.*”) n'ivyo Paulo yavuze mu ba **Rom 8:31** (“*Bisanzwe Imana iri mu ruhande rwacu, uwoturwanya ni nde?*”). Nk'uko Paul Achtemeier abivuga, “intumbero y'uwu murongo si ukwemeza kujanye n'uko ata kwankwa n'ikibano kuriho canke mbere n'uguhamwa [ukwo kubaho kw'ukwo guhamwa tukubona muri ico cete cose], ariko ni ibijanye n'ukubabazwa kudasanzwe, umuntu ashobora kubatandukanya n'Imana” (Achtemeier 1996:

229). Mu nca make, nta kintu na kimwe gishobora kugirira nabi burundu umuntu akora ivy'Imana igomba (raba **Rom 8:38-39**).

Ku murongo wa **15**, kubera yuko muri Bibiliya "umutima" ari "icicaro c'ubugombe, n'ibigumbagumba . . . ari na vyo bigize umuntu" (Davids 1990: 131), ico Abakristo bakwiriye kwama biteguriye gutangako inyishu, kwhishura umuntu wese ababajije inyanduruko y' "ivyizigiro biri muri bo" vyategerezwa kuba ukugaragaza ivyo twizera n'ugupfira tukanabipfira. Uwo murongo werekana, wibaza yuko "ivyizigiro biri muri mwebwe" bigaragarira abandi, bishobora kubonwa n'abandi. Ivyo bikwiriye kudutera kwibaza iki kibazo ubwacu, "mbega ivyizigiro vyanje biragaragarira abandi, biragaragara ku bandi, abandi barabibona?" Iyo umukristo atigera abazwa ivyerekeranye n'ivyizigiro vyiwe n'ukwizerwa Kristo kwiwe, umuntu akwiye mu vy'ukuri kwibaza igituma ata mutnu abimubaza. Guhora "mwiteguye kwhishura umuntu wese ababajije" nta nkeka ko bidusubiza ku murongo wa **1:13** ("mukenyere mu mitima yanyu" kandi "mwizigire rwose ubantu muzozanirwa mu kuzohishurwa kwa Yesu Kristo"). Inzira imwe mushobora gukoramwo ivyo, kandi mugashobora guha inyishu umuntu wese ababajije inyanduruko y'ivyizigiro vyanyu, ni ukumenya ubutumwa bwiza imbere n'inyuma (**1:10-12**) kandi bukaba ari bwo butugize imbere n'inyuma kugira ngo duhindure inyifato n'ingendo n'ingeso hamwe n'ibikorwa vyacu (uburorero, **2:11-12; 3:8-9**). "Ubwitonzi, ubugwaneza," "ukwubaha," n' "umutima utarimwo ijwi ritwagiriza ikibi" bivugwa ku mirongo ya **15-16**, ivyo ni vyo bitegerezwa kuranga ubugingo bwacu, n'inyishu dukwiye kwama tubundanye zo kwhishura abatubajije inyanduruko y'ivyizigiro vyacu, bitegerezwa kuba bishingiye ku nyifato tugira ku Mana. Ivyo vyerekana n'amajambo "muri Kristo" aboneka ku mpera y'umurongo wa **16**. Umurongo wa **17** uheraherahereza kuri iki ciyumviro: "Imana yipfuza ko mubabazwa muhewe ugukora ivyiza, ibigororotse ha guhorwa ugukora ibibi . . . mbere naho ivyo vyobakwegera ukubabazwa" (Elliott 2000, 635, ugushimika kwongeweko.). Imana muri Kristo, kandi n'ukumwizera, ni vyo vyategerezwa kuza imbere y'ibindi vyose, akaba ari vyo duhangamaso mu bihe vyose no mu vyo tuba turiko turacamwo vyose; nimba ivyo vyodushikana ku kubabazwa, nta kundi reka bibe ivyo nyene. Inyishu yacu rukristo ku kubabazwa ubwakwo ni igishingantahe, icabona ko turi kumwe na Kristo n'ukuri kw'ubutumwa bwiza.

Imibabaro, ukuzuka, n'ukuduzwa mw'ijuru kwa Kristo

Imirongo ya 18-22 itangurana n'imibabaro ya Kristo kandi igaherana n'ukuduzwa mw'ijuru kwiwe agasubira kuja kuvyagira i buryo bwa Data wo mw'ijuru. Iyi mirongo iyi mirongo ni iyiherekeza **2:21-25** kandi, mu vy'ukuri, ifatira ku ho ico gisomwa cahereje. Imigenderanire yavyo na **2:21-25** yerekana n'amajambo nk'aya "kuko na Kristo yabababarijwe" (umurongo wa **18**, akaba ari yo majambo nyene ari mu Kigiriki ku murongo wa **2:21**). Ivyo bisomwa vyose vyerekana Kristo nk'icitegererero cacu, biciye mu gikorwa ciwe c'ugucungura, atuma bishoboka ko tugera ikirenge mu ciwe. **Umurongo wa 18** ni impfumnyapfunyo igaragara ku gikorwa ca Kristo ku musaraba: impongano y'incungu canke uwasubiye mu gishingo c'incungu. Amajambo "rimwe" bisigura "rimwe rizima ry'ibihe vyose." Ni na ko ryakoreshejwe mu ba **Heb 9:26, 28** aho ikimazi ca Kristo cabaye rimwe risa gitandukanye n'ukugene umuherezi mukuru yaseruka mu rusengero uko umwaka utashe ku musi w'uguuhongera hamwe n'abaherezi batanga ibimazi uko umwaka utashe (raba **Heb 9:25; 10:11-14**). Iciyumviro nyamukuru ni uko nk'uko Yesu yababajwe nk'umugororotsi kandi agahorwa mu nyuma, ni na ko ishengero ritegerezwa kwhihanjanira imibabaro, ariko na ryo nyene, azohorwa.

Hariho impari ku vyerekanyi n'ivyafatiweko ku mirongo ya **19-20**. Hariho iviyumviro bitatu nyamukuru ku bijanye n'ibiriko biraba muri iyo mirongo: (1) iciyumviro "co kumanuka i kuzimu" mu yandi majambo, inyuma yuko Yesu amaze gucikama, yamanutse i kuzimu, mu muriro, atanganza intsinsi yiwe n'uguca amateka ayacira abamarayika bagumutse bagakorokana na Satani bavugwa mw' **Ita 6:1-4**; (2) iciyumviro mivuga kuri "Kristo yabayeho imbere y'ibihe" mu yandi majambo, Kristo—mu mutnu Nowa—yavuze ubutumwa bwiza imbere y'umwuzure abubarira abantu bari bariho ico gihe (bugaraniwe, babohewe mu vyaha vyabo) ariko ubu bari mu gasho, bugaraniwe i kuzimu; (3) iciyumviro c'"ugutangaza kw'intsinzi", mu yandi majambo, inyuma y'ukuzuka kwiwe (mu yandi majambo, inyuma y' "uguhindurwa muzima mu buryo bw'impwemu," **umurongo wa 18**) hamwe no mu gihe c'ukuduzwa mw'ijuru, Yesu yatangaje intsinsi yiwe ku bamarayika bakorotse bavugwa mw' **Ita 6:1-4** (raba McKnight 1996: 215-17; Blum 1981: 241).

Ku mirongo ya **20-21**, ubwato bwa Nowa buboneka nk'aho ari ikigereranyo canke icijiji c'ukubatizwa. Amazi y'umwuzure yazanye urupfu ku bbantu b'abanyavyaha, ariko ubwato cari ikibanza c'ubuhungiro kuri abo bantu bose bari muri bwo (mu yandi majambo, ubwato bwari ikigereranyo n'icijiji ca Kristo). Muri ubwo buryo nyene mu mubatizo, "None rero kubatizwa kwatumye duhambanwa na We tuba mu rupfu rwiwe, kugira ngo nk'uko Kristo yazuwe mu bapfuye n'ubwiza bwa Data wa twese, abe ari ko natwe tugendana ubugingo bsha" (**Rom 6:4**; raba kandi **Kol 2:12**). Umubatizo ni ikintu kigaragarira inyuma ku rukoba, ikimenyetso kiboneka c'ikintu cabaye imbere mu mutima, ikintu mfatakibanza c'impwemu co kuva mu rupfu ukaza ukaba mu bugingo busha muri Kristo. **Umurongo wa 21** uvuga ibi bikurikira, "ayo (amazi) ni wo ubakiza namwe ubu—mu buryo

bw'ikigereranyo c'ukubatizwa, si ugukuraho imvyiro zo ku mubiri, ariko ni isezerano ry'umutima utagira ikibi usezeranye ku Mana." Petero ariko aravuga yuko atari amazi ubwayo y'umubatizo adukiza. Uwo ni umugirwa, ni umuhango ukuraho imvyiro, umucafu ku mubiri. Ahubwo, umubatizo ufise akamaro ku co uhagarariye, mu yandi majambo, ubumwe na Kristo, kwifatanya na Kristo (raba **Rom 6:3-11**). Urufatiro rw'umubatizo nk' *umuhamagaro w'Imana kugira ngo tugire ijwi ritatwagiriza ikibi*" (**umurongo wa 21**) ni uguha icubahiro kwacu Kristo nk'uwnera mu mitima yacu (**3:15-16**), kandi umubatizo ni ikimenyetso, ni ikimenyamenya c'uko twejejwe na Kristo kandi ko ivyaha vyacu vyahariwe, ivyo na vyo bikaba vyavyaye ukutagira imitima itwagiriza ikibi n'umutima mushasha (raba **1 Tim 1:5; Heb 9:14**). Ubwa nyuma, Petero avuga yuko "*biciye mu kuzuka kwa Yesu Kristo*" ni ho dukizwa (**umurongo wa 21**). Igituma bimeze gurtuo ni uko ukuzuka ari kwo kwatereye igikumu Yesu uwo ari we kandi kukagaragaza yuko Data yemeye ikimazi ciwe k'ubwacu, ku ruhande rwacu. Ivyo tubigira ivyacu vyose biciye mu kwizera kwacu twizera Yesu Kristo. John Piper aheraheza avuga ku migenderanire iri hagati y'agakiza n'umubatizo: "ukwo kudibika, kwibiza umubiri mu mazi [**1 Pet 3:21**] gukiza mu buryo bwonyene bw'uko [gutanga] ukwerekana igikorwa kimwe conyene c'ugutsindanishiriza, mu yandi majambo, ukwizera (Rom. 3:28). Umubatizo ni uguhamagarira abantu mu buryo buboneka ku mubiri kwizera Imana mu mutima." (Piper 2013: 158) **umurongo wa 22** uvuga ku kuduzwa (raba kandi **Mat 22:42-44; Ef 1:20-22**).

Mugire umutima nk'umwe wari muri Kristo

Iki kigabane giheraherezwa n'iyi mirongo **4:1-6**. Mu buryo bw'indongoramvugo, amajambo "*Nuko kuko*" afatanya iyi mirongo n'ivyari bihejeje kuvugwa; mu yandi majambo, aho havuga ngo "*Kristo yababarijwe mu mubiri*" bifatanya iyi mirongo n'iciyumiyo nyamukuru catanguriye ku murongo wa **3:18**.

"Ubabarijwe" avugwa ku murongo wa **1** ("*kuko ubabarijwe mu mubiri aba amaze kureka icaha*") ni amajambo avyara ikindi ciyumiyo cose, mu yandi majambo, "*uwo ari we wese ababarizwa mu mubiri.*" Ntibishobora gusigura yuko umuntu ababarizwa mu mubiri adashobora canke adakora icaha inyuma yaho, kubera yuko **imirongo ya 2-5** yerekana yuko ikiringo c'ubugingo bwacu bwose busigaye tuzokimara nk'intambara tunigana n'icaha n'amageragezwa (raba kandi **Rom 7:15-25; 1 Yohana 1:8-10**). Nta nkeka ko afatira ku caha c'akamenyero canke ku buzima burangwa n'icaha, nk'uko tuja twaravavanuye n'icaha mu kwhiana ivyaha vyacu no mu kwakira Kristo, nubwo bishobora kuba bifatiye ku kwimuka tuva mu buzima bw'icaha tukinira mu buzima bwakijijwe. Dushobora "kwambara no kwitwaza uburyo bwo kwiyumvira nk'ubwa Kristo," kubera, igihe twifatanije tukimatanye na Kristo, "*dufise iviyipfazo vy'umubiri ariko tubebo tunezereza Imana*" (**1 Kor 2:16**). Kubw'ivyo ntitugikwiriye kubaho "*dutwagwa n'iviyipfazo vy'umubiri ariko tubebo tunezereza Imana*," kuko ubugombe bw'Imana twarabuhishuriwe muri Bibiliya. Nk'uko Yesu yavuze ati, "*Ni mwaguma mw'ijambo ryanje, muri abigishwa banje vy'ukuri, kandi muzomenya ukuri, kandi ukuri kuzobaha kwidegemva [akarorero, icaha ntikozoba kikibaganza]*" (**Yohana 8:31-32**). Petero ariko aratubarira yuko, kuera Kristo yababarijwe mu mubiri, dukwiriye kwitega na twe ko tuzobabarizwa mu mubiri kubera yuko yatubereye icitegererezo kandi na twe tugera ikirenge mu ciwe (**2:21; 3:14-17**): ukubabazwa kwacu duhowe ukugororoka kwerekana ubugingo bushasha muri Kristo Yesu (**imirongo 1-2**); twaracumuye bihagije mu bugingo bwacu bwo muri kahise kacu nk'abatizera (**umurongo wa 3**); kandi turazi yuko ivyo dukora vyose tuzobibazwa ku musi w'urubanza ruzocibwa na Kristo ku muhero w'isi (**umurongo wa 4**). Vyongeye ku murongo wa **3**, Petero yita abatizera bose "Abanyamahanga."

Hariho iviyipfazo bibiri ku bijanye n'iviyavuzwe ku murongo wa **6** vyerekeranye n'ubutumwa bwiza "*abapfuye na bo babariwe ubutumwa bwiza.*" Iciyumiyo ca mbere kivuga yuko hafatiwe ku bapfuye muri *mpwemu* (raba muri **Ef 2:1**), si ukubwira ubutumwa bwiza abantu ubu bari mu muriro. Ibituma ni ibi: (1) mu buryo bw'indongoramvugo, ijambo "kuko" rifatira ku vyavuzwe ku batizera ("Abanyamahanga") abo Petero yariko aravugako ku mirongo ya **3-5**; n' (2) igice ca kabiri c'umurongo wa **6** wugurura akaryo kuko "*bashobora kubaho muri mpwemu nk'uko n'Imana ibaho muri mpwemu.*" Iciyumiyo ca kabiri kivuga yuko hafatirwa kuri abo bari bakiri bazima igihe babarirwa ubutumwa bwiza kandi bakizera bagahindukirira Kristo nk'ingaruka yo kwumva no kwumvira ubutumwa bwiza, ariko ubu bakaba barapfuye mu mubiri.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYIPFAZO

1. Abakristo benshi biyumiyo yuko, igihe umuntu ahindukirira Kristo, ko ataba agihura n'ingorane z'ingwara z'umubiri, ko ataba agihura n'ingorane zo mu vy'ubutunzi n'amafaranga canke ubundi buryo bw'imbabaro.

- None iciyumiyo njk'ico kigereranywa gute n'ivyo Petero yagumye avuga?
- Mwibaza ko ari kubera iki abantu babibona gurtuo?

2. Bishoboka gute ko umuntu ashobora “guhezagirwa” ariko arababazwa kubera ukugorororka (raba **3:14**)?

3. Kristo yadukoreye iki, nk’uko Petero abivuga kuri **3:18-22**?

4. Twoshobora “kwambara ubwacu no gukenyera ubwacu dukoresheje ukwiyumvira nk’ukwo” Kristo yari afise, cane cane iyo habaye uguhamwa n’imibabaro?

- Umuhero wa vyose uri hafi (4:7-11)

⁷ *Ariko umuhero wa vyose uri hafi; nuko ntimumhugumbe, mwirinde, kugira ngo mubone uko mushishikara gusenga.* ⁸ *Ikiruta vyose, mukovye mu gukundana, kuko urukundo rupfuka ivyaha vyinshi.* ⁹ *Muhane indaro mutidodomba.* ¹⁰ *Nk’uko umuntu wese yagabiwe Ingabire muzigaburirane, nk’uko bibereye ababwiriza beza b’ubuntu bw’Imana bw’uburyo bwinshi.* ¹¹ *Umuntu iyo avuze, avuge nk’ubivugishijwe n’Imana: umuntu iyo agabuye, agabure nk’uwufise ubushobozi Imana itanga—kugira ngo Imana iterwe icubahiro muri vyose, kubwa Yesu Kristo, afise icubahiro n’ububasha ibihe bitazoshira. Amen.*

Iki kigabane cubakiye ku caje imbere yaco. **3:18-22** hashingiye ku mibabaro ya Kristo, ku kuzuka kwiwe no ku kuduzwa mw’ijuru kwiwe; **4:1-6** na ho hafatira ku ngaruka zishoboka z’ivyo bintu, z’ukwo kuri ku bugingo bwacu. Ubu, umurongo wa **7** uhera aho **3:22** hagarukirije, kandi imirongo ya **8-11** yerekana ingaruka z’uko “iherezo ry’ibantu vyose riri hafi” ku bugingo bwacu. “Iherezo ry’ibantu vyose riri hafi” ni co kimwe n’ “imisi y’iherezo” (**Ivyak 2:17**) n’ “isaha ya nyuma” (**1 Yohana 2:18**). Uku ni ukuri kwo muri iki gihe kwtanguye igithe Kristo yaza ubwa mbere, yavuka, ukuduga mw’ijuru kwiwe agasubira kwa Se, hamwe n’ugusuka Mpwemu Yera ku musi wa Pentikoti. Ibi bizobandanya gushika igithe Kristo azogarukira. Petero ariko aravuga ibi kugira ngo adutere intege. Mu yandi majambo, ibantu vyose vyabaye bikomakomeye vyabaye mu nteguro y’Imana y’ugucungura, kandi ubu ibantu biriteguriye ukuzogaruka kwa kristo n’inganji yiwe.

“Nuko”—dufatiye ku kuri kw’uko “iherezo ry’ibantu vyose riri hafi,”—Petero aduhanura kwirinda no kutaborerwa kugira ngo ugusenga kwacu kugire ico gushikako, mu yandi majambo kugira ngo dusenge cane tuzi ico turiko turasengera. “hejuru y’ivyo vyose” duktiriye kuguma dukundana. Muri iki cete cose, aguma atwibussta akamaro k’ibihe vy’iherezo ku kubaho kw’Abakristo n’ingeso zabo ukugene zikwiriye kumera (raba **1:3-5, 7, 9; 2:12; 3:15; 4:5-7, 13, 17-19; 5:1, 4, 6**). **Imirongo ya 7-11** ahanini ipfunyapfunya uko ubugingo bwacu bukwiriye kumera n’ukugene bukwiriye gusa, kubera yuko tuzocirirwa urubanza hisunzwe ukugene twashize mu ngiro ico iyi mirongo iduhanura canke ukugene twashize mu ngiro ico iyi mirongo itubarira.

Nkuko Petero yisunze ibihe vy’iherezo nk’urufatiro rw’ukugene duktiriye kubaho, muri ico cete cose yagumye kandi ashimangira ishengero (raba **1:1-2, 10-12, 22; 2:1-10; 3:8-12; 5:1-4**). Si mu ngeso canke inyifato zazu gusa ko duktiriye gusa na Kristo no kugera ikirenge mu ciwe, ariko kubera ishengero ari izu canke urugo (umuryango) w’Imana (raba **3:8; 4:17**), ryategerezwa kuba ikibano gishigikirana. **Imirongo ya 8-11** yerekana ivyo kandi ishimangiye ugukeneranirana, mu yandi majambo, urukundo-guhana indaro—“gukoreranirana”, n’ukugene yerekana ingene ingabire za mpwemu zikora. Igihe avuga ati, “*urukundo rutwikira, rupfuka ivyaha vyinshi*” (**umurongo wa 8**), duktiriye gutahura ibi hisunzwe **2:24** na **4:1-2** (Urukundo rwa Kristo yadukunze rwamuteye kwikorera ivyaha vyacu kugira ngo ntitube tukoba mu vyaha vyacu ariko tube mu kugororoka). Kubera Abakristo bahevye icaha mu vy’ukuri, twategerezwa mu vy’ukuri kuba tutagikwegwa n’icaha. Urukundo nyakuri ni rwo rupfunguruzo, kubera yuko urukundo rugaragazwa n’ibikorwa mu buryo buboneka ku nyungu z’abandi. Ikindi, ko urukundo “*rupfuka, rutwikira ivyaha vyinshi*” vyerekana yuko kimwe mu bigaragaza urukundo ari *uguharira* abaducumuyeko. Ubwa nyuma, kubera uwizera wese yaronse ingabire za mpwemu kanaka (**umurongo wa 10-11**; raba kandi **Rom 12:6-8; 1 Kor 12:7-11; Ef 4:11**), urukundo rw’ukuri rutegerezwa kuronka aho ruserukira mw’ikoreshwa ry’ingabire zazu mu gukomeza n’ukwubaka umubiri wa Kristo. Raba neza ingene ingabire Petero avuga ziri mu buryo bubiri, mu mirwi ibiri: kuvuga no gukora. Gukora nta keka bikwiriye kuba ivyo kwubaka no gukomeza abandi, ariko kandi ni co kimwe n’ingabire z’“ukuvuga”, kubera yuko abakoresha izo ngabire zo kuvuga bakwiriye kuvuga “*imburi z’Imana*.” Igihe umubiri wa Kristo wubatswe ugakomezwa, imana ica ihabwa icubahiro, ishirwa hejuru.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYIYUMVIRO

1. Ni gute canke ni kubera iki ibihe vy’iherezo bitegerezwa kugira ingaruka ku kugene tubayeho?

2. Igihe abantu benshi biyumvira ku ngabire za mpwemu bakunda kwiyumvira ku ngabire zo gukora ibitangaza.

Petero aravuga mu buryo bufoboye ibitangaza ngaha ariko ashimikira ku ngabire zubaka abandi. Twokora iki kugira ngo “dushire abandi imbere kurushiriza” ku bijanye n’ingabire za mpwemu nk’uko Petero yabikoze?

D. *Inyishu y’ishengero ku mibabaro (4:12–5:11)*

- Umuriro uri hagati yanyu wo kubagerageza ntukabatangaze nk’aho mubonye akatabonetse (4:12-19)

¹² *Abo nkunda, umuriro uri hagati yanyu wo kubagerageza ntukabatangaze, nkaho mubonye akatabonetse.*

¹³ *Ariko munezerezwe n’uko mufatanije n’imibabaro ya Kristo, kugira ngo no mu gihe co guhishurwa kw ubwiza bwiwe muze munezerwe muhimbarwe.* ¹⁴ *Iyo mututswe muhewe izina rya Kristo, muba muhiriwe: kuko Mpwemu w’ubwiza, ari we Mpwemu w’Imana, aba kuri mwebwe.* ¹⁵ *Ntihakagire umuntu wo muri mwebwe ahorwa kuba umwicanyi canke kuba igisuma canke kuba inkozi y’ikibi canke kwita mu vyo atagezwemwo.*

¹⁶ *Ariko ni hagira uhorwa kuba Umukristo, yoye kumaramara, ariko aheshe Imana icubahiro kubw’iryo zina.*

¹⁷ *kukw’igihe gishitse c’uko urubanza rutangurira mu b’inzu y’Imana: none ko rutanguriye kuri twebwe, iherezo ry’abatumvira ubutumwa bwiza bw’Imana rizomera rite?* ¹⁸ *Kandi k’umugororotsi akizwa agarukiye ku manga, utubaha Imana n’umunyavyaha bazoboneka hehe?”* ¹⁹ *Nuko rero abababazwa nk’ukw’Imana igomba ni babitse ubugingo bwabo uwo Muremyi wo kwizigirwa, bakore ivyiza.*

Muri iki gisomwa, Petero aravuga mu buryo bwagutse ivyerekeranye n’imibabaro. “*Umuriro uri hagati yanyu wo kubagerageza*” hafatira ku kintu kinini cane. Urwo rutonde mu bisanzwe ni rurerure, ntirugira iherezo, uburorero, ukubura umwana; ukuryarukwa n’uwo mwubakanye; ugukomerekwa gukomeye canke ingwara; guhomba akazi canke kubura inzu; gupfungirwa ubusa; uguhamwa. Igihe dushikiwe n’imibabaro myinshi ikomeye, ntidukwiye gutangara “*nkaho mubonye akatabonetse*” kubera Imana igihe cose ikoresha umuriro uri hagati yanyu wo “*kutugerageza*”, vyerekana yuko akoresha ivyo bigeragezo nk’imiriro yo kuvugutira (raba uburorero, Yobu). Mu bihe nk’ivyo, turakeneye “*kugendera mu kwizera, atari mu vyo tubonesha amaso*” (**2 Kor 5:7**). Turakeneye kubandanya twizigira Uhoraho—ko yigenga akaba hejuru ya vyose, ko akidukunda, ko ibiriko biraba bigize umugambi n’integuro nini yayo, kandi ko “*twahezagie, kubera Mpwemu w’ubwiza kandi y’Imana iri kuri wewe*” (**umurongo wa 14**)—nubwo tutazi igituma “*umuriro uri hagati yanyu wo kubagerageza*” uraho, kandi ko ata sezerano riraho ko tuzonatsinda, tuzonabaho (raba **Heb 11:36-39**).

Iki gisomwa kiduha mu vy’ukuri impamvu (ziboneka canke zitaboneka) zotuma tunezerererwa imibabaro (raba Piper 1994):

- **umurongo wa 12:** Imibabaro ntipfa kuza gusa canke ntibuze insiguro ariko igize integuro y’Imana yo kutugerageza no guhingura, kuvugutira ukwizera kwacu.
- **umurongo wa 13a:** Imibabaro yacu iragaragaza ubumwe dufitaniye na Kristo.
- **umurongo wa 13b:** Igihe Kristo azogarukira, tuzonezerererwa n’ugushirwa hejuru kwiwe.
- **umurongo wa 14:** Mu mibabaro turahezagirwa, kubera Mpwemu Yera aba kuri twebwe.
- **umurongo wa 16:** Kunezerererwa imibabaro guhesha Imana icubahiro.
- **umurongo wa 19:** Imana ni umwizigirwa kandi iritwaririka imitima yacu.

Hariho ibindi bintu bikeya bitegerezwa kuvugwa kuri iki gisomwa. **Umurongo wa 14** uvuga ibi, “*Naho mwobabazwa, mugatukwa muhewe izina rya Kristo, mwoba muhiriwe, kubera Mpwemu w’ubwiza n’uw’Imana ari uri mwebwe.*” Ubwa mbere, ko Mpwemu “ari kuri twebwe” vyerekana ibirengeye ukuba muri twebwe. Iryo ryungane rikoreshwa kuri Kristo mu buryo bw’ubuhanuzi (**Yes 11:2; 42:1; 61:1**); ayo majambo aronka ugushitwa kwayo mu gihe Yesu yabatizwa (**Mat 3:16; Yohana 1:32-33**) n’igihe Yesu yabura **Yes 61:1** hanyuma agaca avyikoreshako (**Luka 4:18**). Ibi vyerekana ikintu gikomeye kiriko kiraba mu buryo bw’impwemu igihe “*dufatanije n’imibabaro ya Kristo*” kandi tukabarizwa izina ryiwe. Birashobora kudushikana kuri **Kol 1:24**, aho Paulo avuga ati, “*None nezerererwa amagorwa yanje yo kubwanyu, kandi ivyasigaye ku marushwa ya Kristo nanje ndabishitsa mu mubiri wanje, kubw’umubiri wiwe, ni wo shengero.*”¹¹

Ubwa kabiri, dufatiye ku rubanza rw’Imana ruhera mu b’inzu y’Imana (**umurongo wa 17**), ijambo ryasobanuwe nk“inzu” ni oikos, ari na ryo jambo risigura “inzu,” nubwo rishobora gusobanurwa nk “abo mu nzu.” J. Ramsey Michaels avuga yuko “nk’uko biri “mu nzu y’impwemu” ku murongo wa 2:5, iyo mvugo ngereranyo yakoreshejwe ngaha ni iyo urusengero rw’i Yerusalem” (Michaels 1988: 271). Ibi bishimangira yuko ishengero ari Isirayeli nshasha, y’ukuri yo mu vy’impwemu. Dennis Johnson avuga yuko abizera “bashobora kumenya badakekeranya yuko imibabaro yabo y’iki gihe—aho kuba ikimenyamenya c’uko Imana yabahevye

¹¹ Ku bijanye n’ibantu bikeya biraba ku nsiguro zishoboka z’uyu murongo, raba Thompson 2020.

canke ko ari ukunamirwa kw'ivyizigiro vyasezeranywe mu kuzuka kwa Kristo—ahubwo mbere ni ikindi kimenyamenya c'uko Abakristo ari isengeri rishasha ry'Imana aho mpwemu aruhukira kandi aho umuriro wiwe uhingura, uvugutira kandi ugaatanga ikibanza akwiriye kubamwo. . . Amarushwa yabo y'iki gihe ni ukwinjira mu mubatizo wa Mesiya w'Impwemu n'umuriro (Luka 3:16-17), vyeza bikoza abitirizwa izina rya Mesiya kugira ngo bazonezererwe igehe hazohishurwa ubwiza bwiwe kandi ivyo na vyo bikazoheraheza abansi biwe (2 Tes 1:7-8—aho, nk'uko biri muri 1 Pet 4:17, abansi bavugwa nk'abatubaha n'abatumvira ubutumwa bwiza). Dufatiye kuri aya marushwa kubw'izina rya Kristo bica bicika ubwavyo akaryo k'umunezero, icotuma bakengurukira Imana kubwa Mpwemu w'ubwiza ari kuri bo muri iki gihe, no kubw'Imana iri mu rusengero rushasha ruzima.” (Johnson 1986: 291, 293) Hejuru y'ivyo, nk'urusengero nyakuri rw'Imana na Isirayeli nshasha, y'ukuri yo mu vy'impwemu, “ishengero rihangana n'ivyasabwa kuri Isirayeli ya kera, ‘kwica ingingo zabo ziri mw'isi, ubushakanyi, ibihumanya, ukwipfuza kw'umubiri, ukwipfuza kubi kwose, no kwipfuza ivy'abandi, ni kwo gusenga ibigirwamana’ (Kol. 3:5, ivyasiguwe n'uwbahinduye). Paulo arazi yuko icaha camye kigora Isirayeli c'ugusenga ibigirwamana ari ikintu gishoboka kw'ishengero n'uyu musi, cinyegeje, nk'uko vyama bigenda imisi yose, nk'icifpuzo kitayoboka Imana n'urukundo rw'Imana.” (Motyer 2000: 596)

Ubwa nyuma, imirongo ya **18-19** yerekana yuko, nubwo Imana itarobanura abantu ku butonyi (mbere nahoh ifise ubwoko yatoranje), ugucirwakw iteka kuva ku Mana, ntako umuntu ashobora kuguhunga, kandi kuzogra ingaruka kuri bose. Itandukaniro ni uko, nubwo urubanza rw'Imana ruhera ku bo “mu nzu y'Imana” ruduhingura, rukatweza kandi rukadukomeza, urubanza ku batizera rurabarandura (**umurongo wa 18** wabura ivyavuzwe mu **Imig 11:31**). Ni co gituma, umurongo wa **19**, ari na wo uheraheza iki kigabane, mu buryo bwinshi upfunyapfunya iki cete cose.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYIYUMVIRO

1. Wibaza ko ari kubera iki Abakristo batangara igehe bashikiwe “n'umuriro w'amageragezwa”?
2. Mbega woba warigeze kunezererwa uri mu mageragezwa adasanzwe? Nimba vyaragushikiye, washoboye kubikora gute, washoboye kunezererwa gute?
3. Twoshobora gufasha abizera gute kugira ngo batahure neza urubanza rw'Imana (si urubanza rwa nyuma rwo ku muhero w'isi, ariko ni uguca imanza kwayo muri iki gihe)?

- **Abashingantahe b'ishengero (5:1-4)**

¹*Abashingantahe b'ishengero bo muri mwebwe ndabahanura, kuko nanje ndi umushingantahe mugenzi wanyu, kandi ndi icabona c'imbabaro kristo yababajwe, kandi mfatanije namwe ubwiza buzohishurwa:*
²*Muragire ubusho bw'Imana bwo muri mwebwe, mutaburagira nk'abagoberewe, ariko mubikunze, nk'ukw Imana igomba: ntimuburagirishwa no kurondera inyungu mbi, arikom muburagire mushize igikonyo;*
³*Kandi ntimuragire nk'abatwaza amanyama, amasho mwagabanganirijwe, ariko mube ivyitegererezo vy'ubusho.*
⁴*Nuko Umwungere Mukuru ni yerekana, muzokwambikwa mu mitwe igitsibo c'ubwiza kitazoshira.*

Ijambo “Nuko” (canke “Kubw’ivyo”) ritangurira iki kigabane rifatira ku vyo Petero yari ahejeje kuvuga ku bijanye n’umuriro wo kugerageza n’urubanza rw’Imana bija vyaraje, biriko biraza kandi bizoza kw’ishengero. Ariko arerekana yuko mu bihe vy’imbabaro n’amarushwa hamwe n’uguhamwa, ugushigikirwa n’ishengero ni ngirakamaro cane. Ariko arabandaniriza ku ciyumviro cagumye kigaruka yari yatanguriye n’imiburiburi kuri **3:13**, ni ukuvuga ko, yagumye ahindaguranya mu gushingira ku migenderanire y’ishengero n’abo hanze hanyuma no ku bugingo bw’imbere mu mutima bwo mw’ishengero. Ni co gituma, **3:13-17** hashingira ahanini ku migenderanire y’ishengero n’abo hanze, **3:18-22** hagashingira ku buzima bw’imbere bw’ishengero; **4:1-6** (abo hanze), **4:7-11** (imbere); **4:12-19** (abo hanze), **5:1-5** (imbere). Ikindi, **5:1-5** herekana ukubangabanganwa kw’ukugene vyubatswe, harimwo n’ivyiyumviro binyuranye, harimwo n’ibigenga “ibikorwa vy’abo mu rugo” vyo kuri **2:18-3:12**. Aho, atangurira ku gutorera umuti abafise ububasha bukeya, abato bari inyuma y’abandi (abashumba/abaja) kandi agaca aguma aduga ku ngazi uko aguma ashikira inzego zikomeye akabarira abagore hanyuma akaja ku bagabo; ivyo abwira abo hasi ni vyo vyari vyinshi kurusha ivyo yabwiye abafise ubushobozi; hanyuma agaca atanga impanuro muri rusangi kuri bose; hanyuma agaherahereza ku kuvuga ku vyo yabuye mw’isezerano rya Kera. Ku mirongo ya **5:1-5**, Petero ahera ku kubarira abafise ububasha buhambaye kurusha abandi (abashingantahe b’ishengero), ivyo ababarira ni birekire cane kurusha ivyo yabariye abandi kandi birimwo ido n’ido mu buryo burengeye uko yabariye abakiri bato, abakungu; hanyuma agaca abandanya atanga impanuro

ntoya kuri bose; hanyuma agaherahereza ku kwabura ivyavuzwe mw'Isezerano rya Kera. Nubwo ivyo yabariye ishengero mu mirongo ya **1-5** bikoreshwa muri rusangi, kubera ico kigabane kiri hagati y'ibigabane bibiri bivuga ku kubabazwa, n'imbabaro, ico Petero ariko aravuga ku mirongo ya **1-5** ni ngirakamaro mu buryo budasanzwe kw'ishengero kugira ngo ryitegurire guhangana n'imbabaro igihe cose izozira.

Ku murongo wa **1**, Petero yivuga ubwiwe ko na we ari “*umushingantahe mugenzi wabo.*” Ibi vyerekana ko bariko baraca mu bintu bimwe kandi ko bakorera hamwe n'abashingantahe b'amashengero kandi bikerekana “*ubumwe n'ukudacamwo [bikenewe cane igihe uguhamwa kuba kubahanamiye]* kw'ikibano ari na co kibazo cari iraje ishinga umwanditsi w'ico cete” (Achtemeier 1996: 322). Ayandi mmajambo yiwe yakwirikijeko ku bijanye “*icabona c'imbabaro Kristo yababajwe, kandi mfatanije namwe ubwiza buzohishurwa*” bishobora kuba bifatiye ku kwhihakana kwa Petero yihakanye Kristo kandi vyongeye bikerekana yuko ukwongera gusubizwa mu ruhongore n'ugusubizwa mu gikorwa n'uguharirwa kwiwe ko vyuzuye. Ibi bikwiriye kudutera intege, yuko uguharirwa mbere n'ivyaha vy'agahomerabuna gushoboka kuri Kristo.

Imirongo ya 2-3 iragaragaza neza ibikorwa gipasitori vy'abashingantahe b'ishengero. Ko Petero ashobora kuba ariko aravoma, afatira mu vyo yaciemwo ubwiwe bigaragarira mw'ikoresha ryiwe ry'ijambo “*umwungere,*” kubera yuko ivo ari ryo jambo nyene Yesu yakoreshsheje muri **Yohana 21:16** igihe yabarira Petero ati “*ragira intama zanje.*” Ukugene “*baragira intama*” bivugwa mu mungane atatu agenda ahushanije ibikwiye n'ibidakwiye gukorwa: “*mutaburagira nk'abagoberewe, ariko mubikunze;*” “*ntimuburagirishwe no kurondera inyungu mbi, ariko muburagire mushize igikonyo;*” kandi “*ntimuburagire nk'abatwaza amanyama amasho mwagabanirijwe, ariko mube ivyitegererezo vy'ubusho.*” Ivyo bintu bibiri vya mbere bigenda bibangabanganye kandi bitandukanye ahanini bivuga ku bisunika umuntu bivuye imbere mu mutima wiwe; ivyo bintu binyuranye vya nyuma na vyo bivuga ku ngeso ziseruka inyuma zikaboneka. Ivyo bintu bifise akamaro kanini cane. Isezerano Rishasha rivuga ku kwikumakumirako, umunoho, ubukunzi bw'inda canke ukwipfuza nk' “*ugusenga ibigirwamana*” (**Ef 5:5; Kol 3:5**). Ikindi, nk'uko Petero abitomora neza, ko abarongozi b'ishengero bategerezwa kubaho ubuzima n'ubugingo bubereye canke bukwiriyе kwipfuzwa no gukurikizwa si ikintu co kwirengagiza ahubwo ni ko bitemerezwa kumera kandi ni igikorwa kinini mu vyo bategerezwa gukora mu bikorwa vyabo vya misi yose, kwerekana akarorero n'icitegererezo ciza. Ivyo yavuze bitegerezwa gutuma atari gusa abashingantahe b'ishengero ariko ishengero ryose gusuzuma uburongozi bw'ishengero, mu yandi majambo: Mbega abarongozi b'ishengero barajwe ishinga ubwa mbere n'amahera? Mbega abarongozi babwira abanywanyi babo ko bakwiriyе kwumviriza ivyo bababarira batabishimye bakomoka bakavaho bakagenda? Mbega abarongozi baremera kwigishwa, canke ntibabishaka, bibaza ko bazi vyose? Mbega abarongozi baratoranya abantu ku butoni, bakoresha aka mwana wa mama, canke na ho bifatanya n'abantu bakeya bo mw'ishengero, canke bitwararika abantu bose ku rwego rumwe? Mbega abarongozi bacu ni ivyitegererezo vy'uguca bugufi n'ugukorera abandi, canke si ko biri?

Umurongo wa 4 uherahereza uku guhanahana iviyumviro mu gushiraho isezerano ‘*muzokwambikwa mu mitwe igitsibo c'ubwiza kitazoshira kandi kitazocuya*’ ku bashingantahe b'ishengero b'abizigirwa igihe Kristo azohishurwa, igihe azogarukira, mu kuguma agaruka ku bihe vy'iherezo Petero yagumye avugako muri ico cete cose. Mu buryo budasanzwe, ijambo “*ukuzohishurwa*” rikoreshwa ngaha ku kuzogaruka kwa Yesu, ariko ivo jambo nyene kuri **1:20** (ryahinduwe ngaha nka “*ni yerekanka*”) ni ryo ryakoreshejwe ku kuza kwiwe kwa mbere. Ikindi, mu kuza kwiwe kwa mbere, mu kuvuka kwiwe, Yesu yaje nk “*umwagazi*” (**1:19**), ariko mu kuzogaruka kwiwe azoseruka, azoza ari nk “*Umwungere Mukuru.*” Kubera ataraseruka nk “*Umwungere Mukuru,*” igikorwa cacu n'ruuhara rwacu nk'abashingantahe b'ishengero n'abarongozi ‘ishengero ni ukubandanya kugera ikirenge mu ciwe no gukwirikiza akarorero kiwe k'ukwicisha bugufi hamwe n'ugukorera abandi (raba **Yohana 13:3-15**). Amahame canke ivya ngenderwako Petero yavuze ngaha vyekeranyе n'abashingantahe b'ishengero birakoreshwа ku Bakristo bose b'abamisiyoneri n'abandi bakozi b'ishengero.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYUMVIRO

1. Abashingantahe b'ishengero n'abarongozi b'ishengero n'abanywanyi b'ishengero bafise ubumwe bushika ku rwego rungana iki?
2. Twokora iki kugira ngo dutore umuti abashingantahe b'ishengero n'abarongozi b'ishengero batagaragaza ingeso, inyifato, ukwitanga Petero avuga ku mirongo ya **2-3**? Mbega turafise inzego zashiriweho gutorera umuti ibibazo nk'ivyo?

- Abakiri bato, abakungu (5:5a)

Namwe bakungu, mwebwe mukir bato, mugamburukire abashingantahe.

“*Mwebwe bakungu, abakiri bato*” bisigura yuko “*bakiri bato mu kwizera*” (raba Elliott 2000: 838-40). Nk’uko vyari ukuri mu ntango y’umurongo wa **3:7**, ijambo “namwe” ku ntango y’umurongo wa **5:5** ryerekana yuko, nk’uko bimeze ku bashingantahe b’ishengero, abandi na bo nyene bo mw’ishengero barafise uruhara. Petero avuga k’uruhara nk’aho ari “*ukugamburukira abashingantahe b’ishengero*.” Ibi vyibutsa ivyo yabariye abagore kuri **3:1-6**. Nk’uko McKnight yabivuze afatiye kuri ico gisomwa, “ico ukugamburuka kuvuga gushobora gutahurika igihe conyene ubajije ikibazo c’ico ari co urukundo” (McKnight 1996: 189n.33). ni ko bimeze no ngaha: abashingantahe b’ishengero ni “*abungere b’umukuku*.” Abashingantahe b’ishengero babaho ubuzima bubereye kwiganwa, ivyitegererezo vy’uguca bugufi hamwe n’ugukorera abandi, bigisha akarorero k’ubuzima n’ubugingo bwabo co kimwe n’ivyo bavuga. Abo bakiri bato, ari bo bakungu ntibakwiriye kugirwa nk’ “abene gihugu bo ku rwego rwa kabiri,” ariko bategerezwa kwubakwa no gukomezwa mu kwizera. Intumwa Paulo arabisigura neza igihe aha abarongozi b’ishengero “ibikorwa bakwiriye gukora” mu **Ef 4:1-16**. Igihe bakoze ivyo, abo bakiri bato mu kwizera ntibazoba bakigira ikibazo na kimwe c’ukugamburukira uburongozi bw’abashingantahe b’ishengero, nk’uko n’abagore batagira ikibazo c’ukugamburukira abagabo babo igahe abo bagabo baba buzuye urukundo, uguha agaciro n’agateka n’icubahiro abagore babo.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYIYUMVIRO

1. Ni iki gisa n’igitera ibibazo vyinshi hagati y’abarongozi b’ishengero n’abakristo, canke abanywanyi b’iryo shengero?
2. hokorwa iki kugira ngo ivyo bibazo bitorerwe umuti mu rukundo, mu bwenge, kandi mu buryo rukristo?

- Abizera bose (5:5b-11)

Mwese mukenyere ukwicisha bugufi kugira ngo mukorerane “kukw Imana irwanya abibona, ariko abicisha bugufi ikabaha ubuntu.”⁶ Nuko mwicishe bugufi muri musi y’ukuboko kw’Imana kw’ubuhobozi, kugira ngo ize ibashire hejuru mu gihe gikwiye,⁷ muyikorere amaganya yanyu yose, kukw ibababara.⁸ Mwirinde ibiboreza, mwame mugavye: umurezi wanyu, ari we wa Murwanizi, agendagenda nk’intambwe yivuga, arondera uwo arotsa.⁹ Mumurwanye mufise ukwizera gushikamye, muzi yuko imibabaro ihwanye n’iyanyu ishitswa kuri bene Data bari mw’isi.¹⁰ Kandi Imana igira ubuntu bwose, yabahamagariye ubwiza bwayo budashira muri muri Kristo, ni mwaheza kubabazwa akanya gato, izobahingura rwose ubwayo, izobaremesha, ibahe inkomezi.

¹¹ *Ubuntu bube ubwayo ibihe bitazoshira, Amen.*

Iyi mirongo iherahereza ibigabane bitatu bikuru bikuru vy’ico cete (**1:3-2:10; 2:11-4:11; 4:12-5:11**). Nk’uko Michaels yabivuze, ivyo bigabane “bitahurwa cane neza nk’uko Petero avyerekana akoresheje igisomwa co mu Migani 3:34 LXX yabuwe kuri 5b” (Michaels 1988: 293). Hariho ugushusha gukomeye kw’uburyo bubiri ngaha hagati y’imirongo ya **5-9** no muri **Yak 4:6-10** aho na ho hakabura **Imig 3:34**), nubwo amajambo nk’ayo yakoreshejwe mu gutanga ibantu bitandukanye: “Yakobo ariko arakarira, acira urubanza, atsindisha ikibano c’Abakristo, canke Abakristo muri rusangi ko babuze amarangamutima Rukristo, 1 Petero ariko arahumuriza, aremesho abo bisanze bari mu marushwa no mu mibabaro kubera ukurwanywa n’isi irwanya Abakristo canke ikibano c’Abakristo” (Achtemeier 1996: 337). Mu buryo nk’ubwo kuri **5:2-3**, Petero yubatse impanuro ziwe afatiye ku rukurikirane rw’ibantu bitandukanye, binyuranye. Mu bihe vyose, mu ngorane zose hamwe no mu kurwanywa ukwo ari kwo kwose kuba kuje kurwanya ukuba hejuru ya vyose kw’Imana n’ububasha bw’Imana, mu yandi majambo, abizera bacishijwe bugufi Imana na yo ikabashira hejuru; uguhagarika imitima kwacu mu buryo bunyuranye n’uko Imana itwitwararika ikatwitaho; Umwansi arondera kuturotsa Imana na yo ikadushinga, ikatwubaka kandi ikadukomeza. Petero yipfuza ko tumenya yuko tutababara twenyene, ariko ko amarushwa n’ingorane zacu zo ngaha kw’isi ari intambara ikomeye tunigana n’isi na satani n’inyama. Mu gihe gikwiye c’Imana, izodushira mu bwiza yaduhamagariye kandi yadusezeraniye.

Ivyabuwe mu **Imig 3:34** ku murongo wa **5** hakora nk’ ico umuryango uzungurukako gihindura ico umuntu yoshingirako c’ugucanira bugufi akacerekeza ku Mana. Ku murongo wa **6**, Ikigiriki casobanuwe kivuga ibi bikurikira “*Mwicishe bugufi*” mu bisanzwe ni itegeko (“muce bugufi”). Iki ni ikindi kintu c’akarorero cerekana

“igikorwa gikorwa n’ijuru,” mu yandi majambo, Ni Imana iri hejuru ya vyose icisha bugufi abantu; uruhara n’igikorwa cacu ni ukwemera kandi tukemere kuba ico Imana yatugeneye kuba. Ibi vyerekana yuko kimwe mu mpamvu z’imibabaro n’amarusha ari uko ari ubuhinga canke uburyo Imana ikoresha bwo kuducisha bugufi. Kubw’ivyo, igihe duciye mu mibabaro n’amarushwa dukwiriye kubona yuko Imana iri hejuru ya vyose ko ata na kimwe kiba kiyitunguye, nta na kimwe kiba giturumbuka kuri yo, ubugingo bwacu butekeye mu maboko yayo. Imibabaro si ikimenyetso c’uko Imana yaduhevye (raba **Heb 13:5**); ahubwo, ni ikimenyetso c’uko Imana iriko irakorera mu bugingo bwacu. Ico ni icirwa kigoye gutahura no kwakira, ariko bidufasha kugendera mu kwizera, atari mu vyo tubonesha n’amaso (**2 Kor 5:7**). **Umirongo ya 6-7** yemeza ibi duhejeje kuvuga: ducishwa bugufi “*musi y’ukuboko guhambaye kw’Imana*,” atari mu bipfa gushika gurtyo nyene canke bishika ata mpamvu; imana irafise intumbero izovyara ivyiza kuri twebwe (“*kugira ngo izogushire hejuru mu gihe gikwiye*”); kubw’ivyo, aho kuguma wiygumbira ushavurira Imana, dukwiriye ahubwo “*kumukorera amaganya yacu yose*”; kandi dukwiye kumukorera amaganya yacu yose kubera yuko, nubwo dushobora kubibona hagati mu mibabaro n’amaganya n’amarushwa yacu tuba turimwo, aremeza you “*atwitayeho, atubabayeho*.”

Umurongo wa 8 utangurana n’ivyo Michaels avuga ko ari “amategeko akomeye” ni ukuvuga, “*Mwirinde ibiboreza*”, “*mwame mugavye*” (Michael 1988: 297). Petero vyongeye ariko aravoma mu vyo yaciymwo bwiwe, kubera mw’Itongo ry’i Gitsemane, Yesu yakoresheje ayo majambo nyene igihe yabarira Petero, “*Ni mube maso, musenge ntumuje mu mosha mabi*” (**Mat 26:41**). Izi nkomezi z’ayo mategeko zerekana n’insiguro zisa n’izimeze kumwe. Ikinyuranye n’ukuba maso mu vy’impwemu ni ugusinzira mu vy’impwemu aho ukugene Imana ibona ibantu bitigera vyitabwaho. Ikoreshwa ry’amavuga nkayo ahandi mw’Isezerano Rishasha ni mu bihe vy’iherezo, nk’uko vyanditswe no ngaha n’irivuga canke igituma abizera bakwiriye kwama bagavye (“*Umurezi wanyu ari we wa murwanizi, agendagenda nk’intambwe yivuga, arondera uwo arotsa*”), kandi hisunzwe ibihe vy’iherezo ku murongo wa **5:6, 10**. Ni co gituma, Petero ashira ukubabazwa kw’Abakristo nko mu bihe vy’iherezo. Kubera Satani ari inyuma y’uguhamwa, Achtemeier avuga iki ciyumviro gikomeyec’uko, “ukugwanywa Abakristo bahangana barwanywa nabo mu gihe cabo si ikintu bashobora kwirinda mu guhindura ingeso zabo canke mu kuraba ko ivyizerwa vyabo bihwana n’ivyabo kugira ngo bazibukire ukurwanywa kwabo” (Achtemeier 1996: 341).

Nubwo Abakristo bashobora kudashobora guhunga no kuzibukira ukurwanywa, uguhamwa, n’imibabaro, dukwiye kurwanya satani hanyuma tukaguma mu “*kwizera kutanyiganyiga*” (**umurongo wa 9a**; raba kandi **Yak 4:7**). Ibi vyategerezwa kuturemesho n’ukudutera intege, kubera yuko Petero ariko aratubarira yuko dufise ububasha bwo kurwanya Satani kandi tukamunesha. **Ef 6:10-18** ni insobanuro y’ukugene dushobora kurwanya Umwansi. Kurwanya Satani iyo bikenewe harimwo n’ukurwanya abakozi biwe bakora ivy’umwansi ashaka. Ibi bitwibutsa ivyo twahanahanyeko ivyiyumviro kuri **2:12-17** aho hejuru ku bijanye n’abatumvira inzego za Reta kugira ngo bagume ari abizigirwa kandi ari abanyakuri ku Mana. Ibi ntibinyuranije n’ivyo Petero yavuze kuri **6-7** vyerekeranye n’uko Imana ikoresha amageragezwa n’imibabaro kugira ngo iducishe bugufi. Mu buryo bugaragara, ugcishwa bugufi kwacu guca mu mibabaro n’ukurwanya ububasha bwa Satani buturwanya ni ibiseruka inyuma, bigaragara vy’intambara yo muri mpwemu ikomeye turimwo. Twebwe, nk’uko vyari no kuri Yobu, dushobora kubona ibibonesha n’amaso, ntitubona impwemu yinyegeje inyuma y’ibiriko biraba. Yamara, mu gukoresha ivyabaye bikomotse mw’ijuru ku murongo wa **6a** hamwe no gufatira ku Murwanizi ku mirongo ya **8-9a**, Petero ariko araturemesho yuko ibiba muri iyi si, harimwo “umuriro wo kubageragez” dutegerezwa kwhanganira, kanatsinda bibaho nk’ikintu kinini c’impwemu.

Ivo kandi birakorwako ku mirongo ya **10-11**. **Umurongo wa 10** utandukanya “ni twaheza kubabazwa akanya gato” dukwiriye kwhanganira ubu kugira ngo tuzoshike “*ku bwiza bwiwe bw’ibihe bidashira*” (raba kandi **2 Kor 4:17-18; Heb 11:24-26**). Ukubona ibantu muri ubwo buryo—yuko ibantu vy’igihe gito vyo kuri iyi si bifise akamaro “gato” tubigereranije n’ivyo bintu bihoraho—bikora ku mibabaro y’imfatakibanza n’icaha ariko bikora ku bintu vyose, harimwo n’ibantu vyiza (raba uburorero, **Mat 6:1-6, 16-21; 10:42; 19:21; 25:21, 23; Mariko 9:41; Luka 12:16-21; 16:10; 19:17; 1 Yohana 2:17**). Mu nca make, ikintu cose dukora, harimwo n’ukugene twifata ku ngorane, bifise ingaruka nini zirengeye ivyo dushobora kubona canke mbere n’ivyo dushobora kwiyumvira, no kwibaza.

Ko Imana izokora ikaturwanirira vyemezwa n’isubirwamwo incuro zine zose ry’amavuga “*izobahingura, ibaremeshe, ibakomze, kandi ibubake*” hamwe n’insigarirazina ko “ubwayo” izovyikorera.” Uku ni ukuremesho ko imibabaro ducamwo atari iy’ubusa ariko igize ikintu kinini c’ibihe bidashira aho Imana ari yo nyenevyo. Dutegerezwa kuraba yuko ivyo bintu bine Imana izodukorera hatarimwo gufatira ku gutera imbere kwacu ku vy’umubiri, mu vy’ubutunzi canke mu yandi majambo muri iyi si, canke mbere ko twokwirinda ukwicwa n’abaduhama. Mbere, igitabu c’Ivyahishuriwe Yohana cuzuyemwo uburorero bugabisha abizera ku kuzoza kw’uguhamwa kandi akabahanura kuguma ari ivyabona vy’abizigirwa gushika ku gupfa (raba uburorero **Ivyah 3:10; 6:9-11; 7:13-17; 11:3-12; 12:1-17; 13:7; 17:14; 19:7-10; 20:4-6**). Ni co gituma, mu Ivyahishuriwe

Yohana, “gukurikira wa Mwagazi aho aja hose” (**Ivyah 14:4**) bishobora gushikana umuntu ku rupfu no kukuneshwa muri iyi si ariko, nk’uko vyagenze no kuri Kristo ubwiwe, iyo ni yo nzira Imana inesherezamwo icaha n’ububisha. Kanatsinda, Imana kwishushanya no kuburanira abantu bayo bikurikiza iyo nzira y’ukwishushanya no kuburanira Kristo: abizera bazobabazwa, bazoca mu mibabaro, bazopfa, kandi baboneke nk’abaneshejwe muri iyi si, ariko ubwizigirwa bwabo gushika no ku rupfu buzovyara intsinzi yabo y’ibihe bidashira, ihoraho kandi izohorwa (**Ivyah 2:9-10, 13; 6:9-11; 7:9-17; 11:7-13; 12:11; 14:1-5, 13; 17:14; 18:20-24; 19:1-9; 20:4-6**). Kamere inyuranye n’ivyo tubisanga mu vyo Richard Bauckham yanditse: “Igihe igikoko cisha abizera, abamaratiri, mu vy’ukuri intsinzi ni iyande? Inyishu, mu Ivyahishuriwe Yohana, ivana nimba umuntu abibona yisunze uko isi ibibona canke yisunze uko ijuru ribibona. Dufatiye ku kigene isi ibibona biragaragara yuko igikoko canesheje abamaratiri, abaciwe amazosi bazira kwizera Yesu (11:7; 13:7). . . . ivyerekanye ivy’igihe c’iherezo Yohana yeretswe bigaragaza yuko dufatiye ku kugene *ijuru* ribibona, ribifata ibintu biratandukanye. Dufatiye ku kugene ijuru ribifata, abaciwe amazosi nibo banesheje mu vy’ukuri. Kuba umwizigirwa mu gushingira intahe Yesu mbere no gushika ku gupfa si ukuba utagira kivugira na gitabara ku gikoko, ariko ni ugushikama ugatsinda, ukanesha . . . Abaciwe amazosi baranesheje bataneshesheje imibabaro yabo n’urupfu rwabo, ariko baneshesheje ugushinga intahe kwabo mu bwizigirwa mbere no gushika ku gupfa (raba 12:11).” (Bauckham 1993a: 235, 237)

Ivyo ducamwo vyose bifataniriza hamwe kutuzanira ivyiza kandi bizoshirwa kw’iherezo n’Imana ubwayo. Ivyo guherezako vyo ku murongo wa **11** vyemeza yuko ivyo turiko turacamwo ngaha kw’isi ari ibimuhesa icubahiro. Ibi ni vyo vyari kuduha iciyumviro ciza n’ukubona kwiza aho tubanza tugashira ku munzane tugasuzuma abaturwanya, ingorane, uguhamwa, n’imibabaro dushobora kuba turiko turacamwo ubu.

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYIYUMVIRO

1. Ni kubera iki bitugora cane kubona yuko Imana iguma iri kumwe natwe igehe tuba turi mu mibabaro myinshi kandi ko ivyo tuba turiko turacamwo biba ari bimwe mu bigize integuro yayo?
2. Twokora iki, kandi ishengero ryokora iki, kugira ngo rifashe abantu batahure neza ico ari co imibabaro?
3. Twokora iki ku giti cacu, kandi ishengero ryokora iki, kugira ngo dufashe abantu bariko baraca mu marushwa menshi?

E. Intasho zo guherezako (5:12-14)

¹² *Mbandikiye icete c’amajambo make, canditswe na Siluwano, mwene Data w’umwizigirwa uko niyumvira; mbahanura nshinga intahe yuko ubwo ari bwo buntu bw’imana bw’ukuri: mubuhagararemwo mushikamye.*

¹³ *Ishengero ry’i Babuloni ry’abatoraniwe nkamwe rirabatasha, bo na Mariko umwana wanje.*

¹⁴ *Muramukanishe kugumbirana kw’urukundo.*

Amahoro abe muri mwebwe mwese muri muri Kristo.

“Siluwamu” bibaza ko ari we “Sila” avugwa mu **Ivyak 15-18; 2 Kor 1:19; 1 Tes 1:1; na 2 Tes 1:1**. Biboneka yuko ari we yatwaye ico cete Petero yanditse ahantu ha mbere cashitse mu mashengero Petero yari yandikiye. Birazazanye ivyo “*ubu ni bwo buntu bw’Imana bw’ukuri*” bifatiyeko. Ivyiyumviro bikuru bibiri niibi: (1) bifatiye kuri ico cete cose ubwaco. Icete ciwe cabaye kimwe co “*guhanura no gutangaza [kwigisha]*.” “Ubuntu” bw’Imana, ubuja bugaragara ubu muri iki gihe turimwo n’ubuzogaragara, buzohishurwa igehe Kristo azogaruka, vyagumye bigaruka muri iki cete cose (**1:2, 10, 13; 3:7; 4:1, 10; 5:5, 10, 12**). Abasoma ivyo yanditse bakwiriye “*kubuhagararamwo bashikamye*.” (2) Ikindi kintu coba kigize “*ubuntu bw’ukuri bw’Imana*” gishobora kuba ari imibabaro n’uguhamwa ababisoma bariko baracamwo canke bari biteze kuzocamwo. Ibi bisa nuko binyuranije n’ivyo duhejeje kuvuga, ariko ugushimika gukuru kw’ico cete cose ni uko uguhamwa n’imibabaro, ukogene tuyifatamwo, n’umugisha uzoza uciye ku bizigirwa. Ku murongo wa **12** ukuvuga kwiwe ngo “*mushikame muri bwo*” ni co kivyerekana kandi ntibinyuranije na “*murwanye*” yo ku murongo wa **5:9**. Ahandi na ho, Petero yari yavuze ko umuntu aronka ukugira neza kw’Imana mu kubabazwa akora ivyiza (**2:19-20; 3:14; 4:14, 16**), kandi yari yashimangie imibabaro ya Kristo ubwiwe nk’icitegererezo kuri twebwe (**2:21-25; 3:18; 4:1, 13**).

Ku murongo wa **13**, ugfatira kwa Petero kuri “*ishengero ry’i Babuloni*” riboneka ko ridafatiye ku gisagara c’i Babuloni, ariko ni imvugo ngereranyo afatiye kuri Roma. Mu kinjana ca mbere, Babuloni yari yarabaye ntoya kandi iba akantu katagaragara, kandi nta cemezo na kimwe c’uko aho i Babuloni hariho ishengero

rukristo ryari aho hantu canke ko Petero (canke Mariko) yoba yari yarigeze kuhagendera (Grudem 1988: 201). Ku rundi ruhande na rwo, hariho ikimenyamenya c'ukuri ko Petero yari i Roma mu gihe ico cete ciwe candikwa (Grudem 1988: 34-36). Kanatsinda, umwanditsi wa Kahise w'umukristo wo mu kinjana ca mbere yitwa Eusebius yavuze yuko *1 Petero* candikiwe i Roma (Eusebius 1988: 65 [*Ecclesiastical History* 2.15.2]). Muri ubwo buryo nyene, umuco w'isi yose warwanya abakristo, w'ubutunzi n'imibano hamwe n'idini canke intwaro vyavugwa nk'aho ari “Babuloni” mu gitabu c'*Ivyahishuriwe* Yohana (**Iyah 14:8; 16:19; 17:18; 18:10, 16, 18, 19, 21**). “Ishengero” ry'i “Babuloni” rifatira kw'Ishengero ry'i Roma. Petero yita Roma “Babuloni” ni ho hahereza ico cete ku majambo yahereyeko, mu yandi majambo, mu gufatira ku vyo ishengero ryariko riracamwo nk'inyambukira mw'isi mu guhera ku Bayuda bo mw'Isezerano rya Kera barim mu kinyago i Babuloni nya Babuloni. Mu buryo bufobetse muri uku gufatira kuri ico ni ukugabisha abo bantu ngo ntibivange ngo bisukiranye n'ab'i Babuloni, mu yandi majambo, turi i Babuloni ariko ntituri *Abanyebabuloni*; umuco n'indagagaciro vy'isi vy'i Babuloni ntibikwiriye kuba umuco wacu n'indagagaciro zacu.

Ku murongo wa **14**, Petero avuga yuko dukwiye kuramukanisha ukugumbirana kw'urukundo, *ugusomana kw'urukundo.*” Ingaruka z'ivyo ni uko ukuramukanya kwacu kudakwiye kuba ukw'uruheyiheyi canke kw'ukwikura ariko gukwiriye kugaragara mwo urukundo nyakuri rukwiriye kuranga imigenderanire iri hagati y'abizera, nk'uko muvyibuka, bashizwe mu muryango umwe wa bene Data muri Kristo. Umurongo wiwe wa nyuma, “*amahoro abe muri mwebwe mwese muri muri Kristo,*” ni wo uherukira iki cete mu nzira imwe n'oyo yatanguyemwo kuri **1:2**, “*Ubuntu n'amahoro bigwire muri mwebwe.*”

IBIBAZO VYO GUHANAHANAKO IVIYUMVIRO

1. Mwibaza ko ari kubera iki Petero afatira mu buryo bw'ikigereranyo Roma nk'aho aro “Babuloni”?
2. Aheraheza ico cete mu kwongera gufatira ku kugene ishengero ari umuryango kandi agaheraheza avuga k'ubuntu.” Ni kubera iki ivyo vyiyumviro vyose ari ngirakamaro, cane cane abifatiye ku kubabazwa?

AHO TWAVYABUYE

Achtemeier, Paul. 1996. *1 Peter* (Hermeneia). Minneapolis: Fortress.

Alexander, T. D. 2008. *From Eden to the New Jerusalem: Exploring God's plan for life on earth.* Nottingham, England: InterVarsity.

Bauckham, Richard. 1993a. *The Climax of Prophecy: Studies on the Book of Revelation.* Edinburgh: T&T Clark.

_____. 1993b. *The Theology of the Book of Revelation.* Cambridge, England: Cambridge University Press.

Blomberg, Craig. 1999. *Neither Poverty Nor Riches: A Biblical Theology of Possessions* (NSBT 7). Nottingham, England: Apollos.

Blum, Edwin. 1981. “1 Peter.” In *The Expositor's Bible Commentary*, Vol. 12, ed. Frank Gaebelein, 209-54. Grand rapids: Zondervan.

Campus Crusade for Christ, International. 1993. *FamilyLife: Marriage Conference.* Little Rock: Ark.: Campus Crusade.

Carson, D. A. *The Gospel According to John* (PNTC). Grand Rapids: Eerdmans.

Carson, D. A., and Douglas Moo. 2005. *An Introduction to the New Testament*, 2nd ed. Grand Rapids: Zondervan.

Danker, Frederick, ed. 2000. *A Greek-English Lexicon of the New Testament and Other Early Christian Literature.* Chicago: The University of Chicago Press.

Davids, Peter. 1990. *The First Epistle of Peter* (NICNT). Grand Rapids: Eerdmans.

Earle, Ralph. 1978. “1 Timothy.” In *Expositor's Bible Commentary*, vol.11, ed. Frank Gaebelein, 341-90. Grand Rapids, MI: Zondervan.

Elliott, John. 2000. *1 Peter* (AB 37B). New York: Doubleday.

Eusebius. 1988 (reprint). *The Ecclesiastical History of Eusebius Pamphilus.* Grand Rapids, MI: Baker. Online:

<http://www.ccel.org/ccel/schaff/npnf201.toc.html>.

Green, Joel, and Scot McKnight, eds. 1992. *Dictionary of Jesus and the Gospels*. Downers Grove: InterVarsity.

Jenkins, Philip. 2015. "Chilembwe's rising." *Christian Century* (February 18): 45.

Johnson, Dennis. 1986. "Fire in God's House: Imagery from Malachi 3 in Peter's Theology of Suffering (1 Pet. 4:12-19)." *Journal of the Evangelical Theological Society* 29: 285-94. Online: http://www.etsjets.org/files/JETS-PDFs/29/29-3/29-3-pp285-294_JETS.pdf.

Keller, Timothy. 2008. *The Reason for God: Belief in an Age of Skepticism*. New York: Dutton.

_____. Not dated. "The Gospel—Key to Change." Online: https://www.cru.org/content/dam/cru/legacy/2013/01/Gospel_KeytoChange_TimKeller.pdf.

Lewis, Dhati. 2015. "The Church Is Not Like A Family." Online: http://www.vergenetwork.org/2017/03/14/the-church-is-not-like-family/?inf_contact_key=563a07f48051945f93bdc050b4bbef102519cd85d688856b793a9898205d2ff9.

McKnight, Scot. 1996. *1 Peter* (NIVAC). Grand Rapids: Zondervan.

Menn, Jonathan. 2017. *Biblical Interpretation*. Online: <https://www.eclea.net/courses.html#interpretation>.

_____. 2020. *Christianity and Islam: The Essentials*. Online: <https://www.eclea.net/courses.html#islam>.

_____. 2021. *Biblical Theology*. Online: <https://www.eclea.net/courses.html#theology>.

Michaels, J. Ramsey. 1988. *1 Peter* (WBC 49). Nashville: Thomas Nelson.

Moo, Douglas. 1988. *The First Epistle of Peter* (TNTC). Grand Rapids: Eerdmans.

Motyer, Stephen. 2000. "Israel (Nation)." In *New Dictionary of Biblical Theology*, ed. T. Desmond Alexander and Brian Rosner, 581-87. Leicester, England: Inter-Varsity.

Nelson, Richard. 2003. "'He Offered Himself': Sacrifice in Hebrews." *Interpretation* 57: 251-65.

Ngundu, Onesimus. 2006. "Revelation." In *Africa Bible Commentary*, ed. Tokunboh Adeyemo, 1543-79. Nairobi: WordAlive.

Piper, John. 1985. "Those Whom He Foreknew he Predestined." Online: <https://www.desiringgod.org/messages/those-whom-he-foreknew-he-predestined>.

_____. 1994. "Why We Can Rejoice in Suffering." Online: <https://www.desiringgod.org/messages/why-we-can-rejoice-in-suffering>.

_____. 2013. *Brothers, We Are Not Professionals*. Nashville: B & H. Online: <https://document.desiringgod.org/brothers-we-are-not-professionals-en.pdf?1439242057>.

"Saint Peter." 2022. *Wikipedia*. Online: https://en.wikipedia.org/wiki/Saint_Peter#Crucifixion_at_Rome.

Schüssler Fiorenza, Elisabeth. 1991. *Revelation: Vision of a Just World* (PC). Minneapolis: Fortress, 1991.

Smalley, Gary, and John Trent. 1986. *The Blessing*. Nashville: Thomas Nelson.

Stott, John. 1986. *The Cross of Christ*. Downers Grove: InterVarsity. Online: <https://korycapps.files.wordpress.com/2012/11/j-stott-cross-of-christ.pdf>.

Thompson, Phil. 2020. "What Does It Mean to 'Fill Up What's Lacking in Christ's Afflictions'?" Online: <https://www.thegospelcoalition.org/article/lacking-in-christs-afflictions/>.

Walker, P. W. L. 1996. *Jesus and the Holy City: New Testament Perspectives on Jerusalem*. Grand Rapids, MI: Eerdmans.

Webb, William. 2001. *Slaves, Women & Homosexuals: Exploring the Hermeneutics of Cultural Analysis*. Downers Grove, IL: IVP Academic.

Winter, Bruce. 1988. “‘Seek the welfare of the city’: social ethics according to 1 Peter.” *Themelios* 13 no.3: 91-94. Online: <https://tgc-documents.s3.amazonaws.com/themelios/Themelios13.3.pdf>.

Zodhiates, Spiros. 1993. *The Complete Word Study Dictionary: New Testament*, rev. ed. Chattanooga, TN: AMG.

UMWANDITSI



Jonathan Menn aba I Appleton, WI, muri Reta zunze ubumwe za Amerika. Yaronse urupapuro rw'umutsindo mu vyirwa nya Politike muri kaminuza yo muri Wisconsin-Madison, aheza afise amaonta menshi cane, mu mwaka wa 1974, hanyuma aca ashirwa mu murwi witwa Phi Beta Kappa honor society. Hanyuma aronka ico bita J.D. kiva mw'ishuri y'amategeko y'I Kornell Law School, magna cum laude, mu mwaka wa 1977, hanyuma aca ashirwa mu murwi witwa Coif legal honor society. Yamaze imyaka 28 ari umushingwamaza, nk'uwyuserukira wa Reta, muri Chicago hanyuma ashinga ishirahamwe ryitwa Menn Law Firm muri Appleton, WI. Inyuma yaho yaciye akizwa aba intumwa, umwigishwa wa Yesu Kristo mu mwaka wa 1982. Yumva yipfuza kumenya vyinshi mu vyerekeye ijambo ry'Imana kandi no kugira ico akoze mu gikorwa c'Imana vyamutumye aja kunonosora amashuri y'ivyerekeye ijambo ry'Imana aho yaronse urupapuro ry'umutsindo muri nyigisho ndoramana muri kaminuza yo muri Trinity Evangelical Divinity School muri Deerfield, IL. Yaronse urwo rupapuro rw'umutsindo muri TEDS, summa cum laude, muri Rusama mu mwaka wa 2007. Hagati y'imyaka ya 2007-2013 yari umuyobozi w'ishirahamwe ryitwa Gushoboza abapasitori mw'isi yose. Ubu na ho Now Jonathan ni umuyobozi wo gushoboza abapasitori mu muryango wo muri Afrika y'Ubuseruko (www.eclea.net). Ibikorwa vyiwe vyinshi yanditse bikoreshwa mu gushoboza abapasitori mushobora kubisanga kuri uru rubuga ngurukanabumenyi www.eclea.net. Jonathan ashobora kuboneka aha hakurikira kuwoshaka kuvugana na we: jonathanmenn@yahoo.com.